Өткир РАҲМАТ

# ОЯНСАҢШЫ, ТАҢ АТТЫ, АҚЫР...



Өткир РАҲМАТ ОЯНСАҢШЫ, ТАҢ АТТЫ, АҚЫР...

ӨТКИР РАҲМАТ

# ОЯНСАҢШЫ, ТАҢ АТТЫ, АҚЫР...

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2025

УДК: 821.512.121-1
Р 49
ББК: 84-5
Р 49

**ӨТКИР РАҲМАТ.**
**ОЯНСАҢШЫ, ТАҢ АТТЫ, АҚЫР...**
[Текст] – Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы. 2025-жыл, 184 бет.

Поэзия инсан қәлбиниң архитекторы, яғный ол жүректе нәзик сезимлер, үлкен муҳаббат ҳәм жақсылықлар жаратыўға уқыплы.

Бүгин өзиниң бир-биринен гөззал қосықлары арқалы кеўиллерге қуўаныш бағышлап атырған шайыр Өткир Раҳмат поэзиясы да дәл сондай, десек, қәтелеспеген боламыз.

Оқыўшылар итибарына усынылып атырған бул китаптан шайырдың соңғы жылларда жазған түрли тема ҳәм мазмундағы қосықлары, еки туўысқан халық – өзбек ҳәм қарақалпақ еллериниң дослығын жырлайтуғын дәстан ҳәм балладалар орын алған.

Шайырдың қәлб отында писип жетилген қосықлары жәмленген бул топлам кеўлиңизден беккем орын ийелейди, деп үмит етемиз!

© **«Qaraqalpaqstan» баспасы, 2025.**
© **Өткир Раҳмат, 2025.**

# ҚОСЫҚЛАРДА ТӘБИЯТ РЕҢЛЕРИ

Өткир Раҳматтың китабын парақлар екенбиз, оның қосықларында ана тәбият пенен адамзат дүньясы ортасындағы байланыс сыйқырлы сөз арқалы санамызға жетип барады. Шайырдың дөретиўшилиги жөнинде жазылған изертлеўлерде ҳәр дайым ол «тәбият сүўретшиси», деп тәрийипленди. Анығында Өткир Раҳматтың қосықлары жөниндеги бул пикирлер жеңилирек айтылғанлығын шайыр дөретиўшилиги менен тереңирек таныссақ аңлап аламыз.

Шайырдың қосықларында тәбият көринислери ҳәрдайым ҳәрекетте болады. Ал, бул ҳәрекетлер дизбеги шайыр жүрегин ерксиз тербендиреди. Ол көз алдымыздан өтип атырған ҳәрекетлер дизбегин жүрегимизден өткизип, улыўма инсаныйлық көринислерге айландырады. Ол сыйқасы шыққан фалсапалық пикирлерди алға сүрмейди, ақыл үйретпейди, шақырықлар тасламайды, қосық қатарларынан үгит-нәсият, данышпанлық үндеўлер шығып келе береди.

«Шайыр тәбият пенен мисли қәдирдан досты киби сырласады, ең кереклиси ол тәбият пенен тил табыса алады. Сол себепли ол шын мәнисиндеги «тәбият ашығы» сыпатында пикир оятады», – деп Өзбекстан Қаҳарманы, халық шайыры Абдулла Арипов тәрийип бергениндей ол тәбият қәлби менен инсан жүрегин бир ритмде соқтыра алады.

Өткир Раҳматтың «Сағыныш», «Жылға», «Райхан ийиси», «Шүкрана», «Көзим қарашығы», «Ай жақтысы», «Қыял жупары», «Жүректеги қус» таңламалы шығармаларының – «Кеўил шырағы», «Ырғақлар реңи»,

«Пасыллар айланар, таўсылмас қосық», «Дилраз» ата-малары астында шыққан төрт томлығы, «Отлы руўҳ», «Жубаныш», «Жыллар аралап», «Айдын мәўрит», «Ай толған ақшам» атлы қосықлар китаплары оқыўшылардың қолларынан түспей оқылатуғын руўхый ғәзийнеге айланып үлгерген. Қатар қосықлары қарақалпақ, түрк, әзер, орыс ҳәм басқа тиллерге аўдарылған.

«Жүректеги қус» атлы қосықлар топламы қарақалпақ тилинде, көп нусқада басылып шыққан.

Өз елиниң белсенди пуқарасы, шайыр жүрекли Өткир Раҳмат Ўатанның бағы-бостанлары, таў-таслары, шөл-қырларын жанындай жақсы көреди. Ол әсиресе Арал аймағын өзи туўылған аймақ перзенти киби сүйеди, оның машқалаларынан қәлби ҳазар шегеди, тәғдиринен күйинеди. Шайырдың соңғы пайытларда дөреткен «Арал сағынышы», «Оянсаңшы, себеп таң атты...» шығармаларын оқыған адам шайыр дәртлерин дәрҳал аңлайды.

Сүўретши бояўлар ҳәм қыл қәлем жәрдеминде кеўил туйғыларын холстқа түсирсе, шайыр көркем сөз арқалы кеўил туйғыларынан сондай көринислер дөретеди, оны оқыған адамның көз алдында Ўатан, ана, муҳаббат ҳәм опадарлық, меҳир-муҳаббат мисли тәбият көринислери киби өз сыйқыры менен жанланады.

Шайырдың «Самал желип шаршаған яңлы» деген қатарлар менен басланатуғын қосығында ақшам сүўретлери сызылады. Онда онтөрттеги айдың сүттей жарығына шомылған шарбақ, жүзинде ай сүўрети қалқыған суў, хош ийис тарқатып атырған жоңышқалық тәрийипленер екен, қәпелимде пайда болған еки сая тарийхы оқыўшы итибарын өзине қаратады.

*Титиреп кетер илгеклер ҳәтте,*
*Бармақлардан жеткенде ҳәўир.*

*Ләм өткен қыз қушқан көпшикке,*
*Қыз уйқыламас та таңға қәдер...*

Деген қатарларды оқығанда бийықтыяр ойларға таласыз. Қызды қушақлаған көпшик неге ләм? Оған уйқы бермей атырған нәрсе бармақлардан өткен жигит ҳәўири ме, я басқа титиреўлер ме? Бундай саўалларға ҳәр ким өзинше жуўаплар излеп табады, жуўмақлар шығарады, қыялларға бериледи. Бул жерде шайыр шеберлиги ақшамды сүўретлеў арқалы усындай руўхый кеширмелерге алып киреди, оқыўшыны бийпарық қалдырмайды.

Өткир Раҳмат публицистика жанрында да өз көзқарасы ҳәм усылына, шеберлигине ийе. Оның мақалаларында базы журналистлерге тән болған, еркин пикирлеўди шеклеп қоятуғын ишки цензура сезилмейди. Қайсы темада қәлем тербетсе де мәселениң тереңине жетип барғаны, оны өзине тән ракурста көре алыўы, әпиўайы оқыўшыға түсиникли етип баянлаў шеберлиги оның бул тараўда табысқа ерискенинен дерек береди.

«Өзбекстанға хызмет көрсеткен журналист», «Меҳнат шуҳрати» ордени, «Шуҳрат» медалы ийеси, Халықаралық Шолпан сыйлығы лауреаты, шайыр Өткир Раҳматтың бул китабы «Оянсаңшы, таң атты, ақыр...» деп аталады. Ҳақыйқатында шайырдың ҳәр бир қосығы оның шайырлық қәлеминен қайнап шыққан Ўатанға, оның адамлары менен тәбиятына деген отлы муҳаббатының бир пәршесидур. Китап қарақалпақ оқыўшыларының жүрегинен терең орын алады, деп исенемиз.

**Кеңесбай КАРИМОВ,**
**Өзбекстан халық жазыўшысы,**
**Қарақалпақстан халық шайыры.**



*Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билен,*
*Жерсиз елдиң күни дәрбедәр билен.*

**ӘЖИНИЯЗ**

## ТУЎЫСҚАНЛЫҚ

Тарийхларға гүўалы сөз,
Ҳәр дәртке бир даўалы сөз.
Кийели сөз, дуўалы сөз,
Туўысқанлық, туўысқанлық.

Ар-намыс, ҳүжданы шерик,
Малы менен жаны шерик.
Тамырында қаны шерик,
Туўысқанлық, туўысқанлық.

Бир ошаққа от жақтырған,
Бир жайлаўда мал бақтырған.
Той, лазымға ат шаптырған,
Ғарға тамыр туўысқанлық.

Өзбекти өз ағам еткен,
Уллы бахыт инам еткен.
Бир қазанда ас демлеткен,
Баўыр басқан туўысқанлық.

**Ибрайым ЮСУПОВ**

# ДӘСТАНЛАР

## АРАЛ САҒЫНЫШЫ

*Баллада*

Барлық жайпарахат,
Пәлек айланар,
Арал дем алады ойлап ертени.
Нурлы күн сәўлеси көксинде жанар,
Көксинде қозғалар әрманлар сеңи.

Тосыннан түнерди әжайып аспан,
Қайдан жетип келди қутырған шамал?
Бултлар дизилисип көшти қай таман,
Сахраның ғәзеби қозды итимал.

Не ол жүрегине келип қадалған,
Өткен рухлардың алыс сести ме?
Суўсыз айдынларын тәшўишке салған,
Тосын ғаўғалардың әндийшеси ме?

Қумлақ кирпиклери ләмленди сол дем,
Көз жас жамғырларын аңламады ол.
Питнели хабарлар жетер ҳәр жерден,
Арал ултанында тепсең болған жол.

Ойлар салмағынан баслар ийилип,
Үнсиз тербеледи шоқ сексеўиллер.
Асқынламағай,  деп жәҳиллик, зорлық,
Мениң де қосылып тербелгим келер.

Сонда қыялымда өтмиш жанланар,
Мәгар Аралдағы ой сүрер тағы:
Сырқыраған яңлы ески жаралар,
Ядына түскендей жасыл гүлбағы.

Мисли өтмиштеги кексе Аралдың,
Көз жаслары тамар өртеп жанымды.
Өзим бир заматлық ойларға талдым,
Ойлап келешекти, атар таңымды.

Бир ўақ бул әтирап көк теңиз еди,
Ақбас толқынлары тийген аспанға,
Базда қыялпараз, сәл тентек еди,
Базда сыймай қалды сол тар заманға.

Оның айыбы жоқ, қылғанда мәжбүр,
«Әдил совет»лердиң зулым, әмели.
Көп заманлар өтти, көрмейин ҳүзир,
Жупынылық тартты «гөззал жамалы»

Шегингенде орнын алды Қумтеңиз,
Көзди аштырмады шаңы-тозаңы.
Бир ушы Памирге жеттилер деңиз,
Ғубар қаплағандай тынық ҳаўаны.

Теңиз толқып-толқып шегине берди,
Дадын еситиўши кимсе болмады.
Шексиз айдынлары көмиле берди,
Киширейип қалды, бирақ өлмеди.

Мәңгилик ҳақыйқат: түннен соңра таң,
Сабырдың соңында сары алтын бар.
Әлемге нурларын шашып пәраўан,
Бунда ҳәм атады әжайып таңлар.

Жақсылар бул таман узаттылар қол,
Қумлардың орнына жасыл бағ болды.
Тағы көзин ашты ески Аралкөл,
Оны көргенлердиң кеўли шад болды.

Қанша уллы ислер асты әмелге,
Бүгин Өзбекстан басында бахты.
Арал өлмес енди мәгар ертеңге,
Сексеўил тоғайы қаплар жән-жақты.

Бүгин абат болды кент, аўыллары,
Ҳәр истиң басында ел сүйер инсан.
Енди кәр қылмағай қум даўыллары,
Оған күлип бақты ҳақыйқый заман.

Ҳәр бир қәдеминде қайнаған өмир,
Адамлар жүзинде жарқырар күлки.
Аралым, бир исте абайлы болғыл,
Дүньяда ойын көп, ақыры мүшкил.

Исиң оңланғанда бой көтерип, сәл,
Көкке баққанында арзыў-үмитли.
Егилген туқымлар бергенинде нәл,
Мәгар Арал саған көз тийип кетти.

Бүлбиллер ҳаўазы қайтып мәканға,
Әсте тербелгенде жел менен бағлар.
Қумлықлар изине қайтқан заманда,
Қайдан ушып келди бул манға зағлар.

Әй, дүнья, айт маған,
Тап усы демде,
Руўхымды гезбекте неге өкиниш?
Нелер жүз бермеген ески әлемде,
Жер шары турмай ма бир заман тыныш.

Айт, неге сум барар яманлық таман,
Ялғанларға ҳәмдам, шерикдур неге?
Неге толқынланар ессиз аламан.
Олар қолға-қолды берипдур неге?

Ким жаманлық тилер өз анасына,
Ким қәлер мамалар көзиниң жасын.
Нур түскенде зүлмет пешанасына,
Айт, неге қозғадың рухлар түсин?

Арал бойларына келгенде дәўран,
Басын көтерди ме тағы бир иллет.
Буншалық сынаўың көп пе, биз ҳайран,
Бунша қыйнамасаң өмир бизди сен.

Бир нәкас бахтымыз қызғанып жүрген,
Оның мәккарлығы көтерер шаўқым.
Бақырыс-шақырыс келсе ҳәр жерден,
Олар пәсейтеди өмирдиң заўқын.

Нәресте көзинде көринеди жас,
Ананың даўысында бар яңлы нала.
Алға умтылады базы баўры тас,
Аяқтың астында женшилер лала.

Солай, бир гүл солса
ғумша ашпастан,
Нәлше жапырақ жаймай
тапсалар заўал.
Инсанға бир кесек атылса қастан,
Қалай шыдам берер ондайға Арал?

Мейли ким болса да, жас я егеде,
Кимниң несийбеси қырқылар болса.
Нала шекпеймен бе, күймеймен неге,
Бирақ не илаж бар паймана толса.

Ишимди тырнайды базы саўаллар,
Кимдур жан береди өмир жазында.
Өмир сүрмекликтен артық нелер бар,
Урыс киноларда болсын ҳаслында.

Бийгана бармекен көп арасында,
Мәгар бир питнени олар шығарды?
Бир күнде мың жасқа картайды ана,
Бир күнде атаның шашы ағарды.

Ақыры ойламайма инсан деген зат,
Душпан ҳәр ойында келер ме үстин?
Бизди кеширер ме ҳүждан, ҳақыйқат,
Шоршынып жылаған бала сол бир күн.

Арал, ынжылмағыл сол керек болса,
Қайғы –дәртлериңди жутып беремен.
Мәгар сен тәрепке таслар атылса,
Қайнақай көксимди тутып беремен.

Бул ислер пәлектиң ойыны, билсем,
Өксиме Аралым, шекпегил азар.
Басымды қояман, десең егер сен,
Исенгил, желкемде ҳәр ўақ орын бар.

Сол ўақыт ойларым коймайды аман,
Мисли әлем бир шайқалып кеткендей.
Бултлар дүркин-дүркин көшип сен таман,
Ўақыт ҳәм ойларға талып кеткендей.

Мәгар кеўилинде бир мың да саўал,
Тынбай ишин тырнап атырған шығар?
Дүнья ҳийлесинен бийхабар Арал,
Дәртин қумларына батырған шығар.

Ҳей достым абайла, жолыңда дузақ,
Адастырмағай-дә, жолыңнан бир жаў.
Өзиңди қолға ал, қәдирдан Мойнақ,
Гүлленип бара бер, жаным Бозатаў.

Тынышлық тилеймен, саған ҳәр заман,
Яқшылықлар таман таслағыл қәдем.
Дуўа қылмақтадур ол Бердақ бабаң,
«Әўмийн», демекте Әжинияз ҳәм.

Мәгар яхшы, яман күнлеринде де,
Жүргендур жаманлық жолларын тосып.
Дослықты алғыслап мәгар бүгинде,
Қосық оқығандай Ибрайым Юсуп.

Билемен дәстаның узыннан узын,
Мәгар көк еситкей налаларыңды.
Келешек, ертеңге бармақлық ушын,
Ғәнимнен сақлағыл балаларыңды.

Бул күнлер өтеди, келеди ертең,
Ғамлар изде қалып, жаманлық қашар.
Адамлар айтады – өндирер жүрген,
«Қыймылдаған узақ қырларды асар».

Аралым, дәртлериң арылар сонда,
Адасқан тармақлар изине қайтар.
«Бизге не жетиспес мына заманда?»
Деп ақыллы кимсе сол гәпти айтар.

Арал қайтып жасын төкпеслик ушын,
Жасасын кеўилде меҳир-муҳаббат.
Дүньяға аманлық тилейик бүгин,
Бизден аўлақ жүргей, иллет жаман ат.

Билесең, екеўмиз бир тән ҳәм бир жан,
Ажыратып болмас, ет ҳәм тырнақпыз.
Муқаддес бул топырақ-жанажан мәкан,
Ханалас өзбекбиз, қарақалпақбыз.

Тәғдир байлағандур тәғдиримизди,
Билгил, ажыраталмас душпанлар тасы.
Бир болсақ жеңе алмас ҳеш кимсе бизди.
Тамбас топыраққа Арал көз жасы.

*12.07.2022ж.*

## БИРАДАРЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

*Эссе арнаў*

### I

Аспан менен жер бул,
Инсанның бахты,
Шегарасыз әлем меҳригиясы.
Солдур ең қымбатлы тажы ҳәм тахты –
Жүректе муҳаббат, көзде зыясы.

Эй, ана тәбият,
Сен берген топырақ,
Сен буйырған ырысқы, берген қүдирет.
Ҳәр неден ағладур, зор, әзизирек,
Тек те, Ана-Ўатан дейип жасамақ.

Күшли ел,
Бизге дос сабыр-қанаат,
Таўлардай қәдди тик, дәрьядай тасқын.
Изгилик оянған ҳәр кеўил абат,
Таңлардан таңларға үмит үлескен.

Қайда екен сол бир бийғубар демлер,
Ҳәттеки жанзатлар көринбес еди.
Бахтыяр жасаған бахытлы күнлер,
Неге ҳаўаз бермей турады енди.

Бул жерди ҳәр нелер қылсалар да тәрк,
Сууық боранларға тутып көксини.
Шыдап бақты ол бир мәрдана мәрт,
Тәшўиш аўлақланды, кетти бир күни.

Шексиз бул кеңликлер көкке тутасқан,
Шамал даўылларға айналар бирден.
Мәгар кеўиллерде оянар бир ғам,
Өтмиш қыялларға тутасқан бир дем.

**II**

Бир мың даўысларды еслетти Арал –
Гә әсте, гә қуўнақ, гәҳи ғәзепли.
Мисли толқынлары көрмеген заўал,
Толқынлар көклерге таратып епкин.

Самалға илесип талыққан үни,
Неге қумлықларға кетпекте сиңип.
Еплеп ентигиўин басқанда және,
Даўыллы боранлар кетер ме жеңип.

Аралдың жүреги жанады базда,
Жутынады шийрин мәўритти аңсап.
«Оны жети жалмап жутқан әйдарҳа»,
Деген қыяллар ҳәм оянып қалса…

Шағала шарқ урып, қонып толқынға,
Сыйқырлы кәрамат аңласар еди.
Әлемниң бир жети реңин көрип,
Пүткил бары менен тыңласар еди.

Мисли балық киби, сөйлемес еди,
Жасыллық қойнынан тапқандай мәлҳәм.
Бахытлы шақларды сыйлаған ба еди,
Оларға берилген бийбаҳа инам.

Ерте таң қуяшы қушағын ашып,
Узақ жағалардан келди биймәлел.
Нурдан бина болған моншақлар шашып,
Отлы самаллардың қосығын айтар.

Аспан суўда көрер жасыл сүўретин,
Толқын аспан таман талпынып турар.
Жамғыр жуўып өтер теңиздиң бетин,
Қыс түскен пайытта тилер сабырлар.

Кемелер жүзеди толқынды жарып,
Бар әлем толқынға уқсап кетеди.
Тынышлық ҳәр дайым түсине кирип,
Ҳәр бир деми мәгар солай өтеди.

## III

Арал бойларында қайнады өмир,
Талай әрманларға гүўа бул зәмин.
Бир күн гүңгирт тартты аспан негедур,
Қайдан бир әдаўат көтерилген күн.

Адамлар ҳәддинен асқынлап, мысал,
«Гүлистан әйлеймиз!», – деди шөллерди.
Шөллер ара қалды бийшара Арал,
Бурып-бурып суўға қурды жолларды.

Әўели ғапылда қалғанды Арал,
Баяғыдай суўы толқынлап жатты.
Оянып көксинде бирмың бир саўал,
Шор суў ултандағы қумларға батты.

Толқынлардың сести қашан кесилди,
Суўсызлық зардабы жаўлады бир күн.
Еки бирдей қан тамыры тосылды,
Айырылып қалды Әмиў ҳәм Сырдан.

Сонда қуўаң тартты тозаңнан аспан,
Қойдылар суўлардың жолларын тосып.
Суўға шөлиркеди еки жағыс ҳәм,
Арал-Қарақалпақ бир муңлы қосық.

Узаққа созылды әрманлы нала,
Кемелер қумларды қушып жылады.
Толқынлар шаўқымы тынды, қум дала,
Балықлар көз жасын ишип жылады.

Шорлы көз жасынан ағарып қумлақ,
Өркеш төбешикке айланып қалды.
Мойнына салынған мәңгилик сыртпақ,
Кемелер қумлаққа байланып қалды.

Суўлардың шаўқымын сағынған олар,
Күн келип көксимиз толар ма, дейди.
Қыял көзди ашып жумғанша болар,
Тағы ығбалымыз күлер ме, дейди.

Бирақ хеш таманнан шықпады саза,
Ҳалың не? – деўши бир киси болмады.
Мәўижленген толқын етпеди ўапа,
Орталанған Арал кеўли толмады.

Ҳәр демде өкиниш пенен жутынып,
Гүлленген алаплар суўсыз қақсады.
Шағалалар ушты мәгар өтинип,
Соңғы балықларға нәзер таслады.

Муңлы шайқалады қум-дуз теңизи,
Әлемге жар урып қутырар даўыл.
Гүңгирт тартар еди ығбал жулдызы,
Пүткиллей тартылып кетпеклик аўыр.

Бара-бара сөнди арзыўлары да,
Кишкене көлмекке айланды ессиз.
Мисли қум дузларға өкпе қылды да,
Шашылып ҳәр тәреп уштылар сөзсиз.

Ҳәтте жетти узақтағы таўларға,
Ҳалынан налынып, тынбай сарсылар.
Қумнан елши жоллап көркем бағларға,
Адамзат әҳлине ҳәр күн арыз қылар.

Қум тозаңы ҳәўлеп бастырып келер,
Жеңбекке дәрман жоқ Аралда енди.
Дәртлерге илесип дәртлер көбейер,
Арал-жер шарының муңлы перзенти.

## IV

Бир ўақлар, итимал көп жыллар бурын,
Арал жағысында бир жигит, бир қыз.
Гөззал үмитлери болды ақыры,
Еки жүректе бар ынтық талпыныс.

Ышқы ҳәўиринде жанды кеўиллер,
Айлы ақшамлары узыннан-узын.
Мәгар тутас еди нурлы мәнзиллер,
Еки қәлбтиң жанған ышқысы ушын.

Кеўиллер тоқ еди, бахыт, сеўгиден,
Ортадан жырақта айралық дәрти.
Базда ҳарығанда екеўи бирге,
Арал толқынынан йош алар еди.

Қәтер салмас еди мәгар бахтына,
Тәшўишленбес еди изине қарап.
Шадлы демлер жазылармыш хатына,
Ығбаллары мисли жазылған китап.

Жигит исенимли турып, ҳәр дайым,
Гә қосық оқыды, гә қосық айтты.
Қол усласып гезген пайыт арқайын,
Тасқынлаған суўлар жанына қайтты.

Теңиз бойы толып шоқ күлкилерге,
Ушырасыў, ышқы мәўритинен мәс.
Кеўилде мың арзыў татлы демлерге,
Гүўа болған еди сонда еки жас.

Соңыра тәшўиш келди, келди уқыбет,
Талай кеўиллерге түсти дәрт-ғамлар.
Қалай айралыққа жетелер қысмет,
Қалай жоққа шықты шадлықлы шағлар.

Үзилген үмитлер қайта жалғанбас,
Сағынышлы ядлар қайта сөйледи.
Ҳижран оты жанды, үмит тутанбас,
Тыр-тым болып қалды Арал бойлары.

Кеўилден кеўилге дәрт қалды мийрас,
Өртенген жүрек жоқ, сол қара көз жоқ.
Қумлар ара пәрияд жүргени рас,
Сол сеўги, сол жигит, және сол қыз жоқ.

Бүгин дәрья киби тасады қыял,
Үмиттиң жиплери жалғанған ўақыт.
Қәне еди изге айланса Арал,
Және қайтар еди муҳаббат, бахыт.

## V

Солайынша өтти зымырап жыллар,
Маңлайдағы бары: «Қум, даўыл ма тек?»
Ел-улыс қозғалды қолға берип қол,
Неше мәртлер шөлди гүл етемиз, деп.

Көзлери жасланды қарақалпақ деп,
Арал ҳәм сәл ғана күлгендей болды.
Енди бул қумлақлар болады бағ, деп,
Бирлескен кеўиллер үмитке толды.

Шара излеп ҳәр ким ҳәр таман шабар,
Кимлер суў табады, нәл отырғызар.
Қайтадан айланып келди дәўранлар,
Саҳраға жап-жасыл рең жарасар.

Пүткил ел бир уллы иске атланды,
Ынтыққан үлкеде қайнады өмир.
Тағы жасылланды, тағы шайланды,
Ақынлары йошып жазды жаңа жыр.

Басылмақта тозаң, соңсыз даўыллар,
Жасыл нәл Аралға болар ес-мәдет.
Тағы толысады ески аўыллар,
Изге айланбақта қайтадан әўмет.

Еллер узақлардан ағып келеди,
Сүйениш боламан туўысқанға, деп.
Үмиттиң отларын жағып келеди,
Неге қуўанбайын қуўанғанда, деп.

Бир болсақ бул елдиң дәртлери кетер,
Шадлы мәўритлерге қайтар бир күни.
Кеўлин азаплаған мәўритлер өтер,
Умытар әлбетте ғамды, қайғыны.

Әптап көтерилип, атып келер таң,
Үстирт кеңликлери нурға толмақта.
Арал бойындағы ҳәр гүзар бийғам,
Айланып барады гүлленген бағқа.

Көрсе көз қуўанар, қыйын шөл демек,
Барған сайын абат, барған сайын шад.
Арал адамзатқа сабақ өмирлик,
Енди жоғалтпайық Аралды ҳеш ўақ.

## VI

Бийпаян кеңликлер әй ески дияр,
Руўх киби уллы, жандайын жақын.
Сен баян қылғансаң қанша-қаншалар,
Топалаңлы жыллар әжеп ертегин.

Сен бириккен қолсаң, жүрекке жақын,
Барасаң қәстерли арзыўлар таман.
Талай сынаўларды сындырар пәтиң,
Өзбек-қарақалпақ жасасын аман!

Сениң жолларыңды тоспағай ҳеш не,
Тоқтап екиленбе, тасла нық қәдем.
Бүгин исенимлер жолдас өзиңе,
Келешек үмити жүрегине жәм.

Саған жарасар ма, лапламай сөнбек,
Саған жарасады жигерге толмақ.
Саған жарасар ма кишиликке көнбек,
Саған жарасады күшлерге толмақ.

Әзиз қарақалпақ! Әй ески дияр,
Әй меҳри қуяштай сақый қарекең!
Ығбал күлип баққай болып бахтыяр,
Даңққа ерискейсең ҳәр күн, ҳәр қәдем.

Маңлайыңда жансын тағы бир жулдыз,
Жазғыл үмитлердиң зор желқомларын.
Умытпа бирликдур бахты-тахтымыз,
Умытпа тамырлар бир екенлерин.

Уллы жол басында турыппыз бул күн,
Кеўилде жақсылық, нийетлер аппақ.
Мақсет, мәнзиллерге жетпеклик ушын,
Дослық-бирадарлық қолдағы байрақ.

Дус келип бир заман көринбес жаўға,
Өкинип, тил тислеп қалмайық үнсиз.
Алакөз болмайық биреў-биреўге,
Татыўлығымызды жоғалтпайық биз.

Жүзлеримиз жарқын, бәлент тәғдирлер,
Еки жүзи киби бир буўдай нанның.
Дөретиўши әзиз халық пенен бирге,
Өреси болғаймыз Өзбекстанның.

Аспан мен жер бул –
Инсанның бахты,
Улығлайық мәңги жаснасын, күлсин.
Ҳеш бир шайқалмасын дослықтың тахты.
Бизлерге ҳәмийше бахыт яр болсын.

## МӘҢГИЛИК ҲАЎАЗЫ

Шетсиз шексизликтиң алдында үнсиз,
Жатағына қайтты
    қуяш лаплаған.
Аспанды толтырды
    жымыңлап тилсиз,
Жулдызлар сансыздур жүз миллионлаған.

Сырлы аспанлардың соңы қай жерде,
Жууап бермес замин я шарқы пәлек!
Текте планеталар ҳәр бир түнлерде,
Мәңги өмиринен бергендей дерек.

Аҳыў-зарын тыңлап көргенсиз бе ҳеш,
Жаңғырық береди таўлар шоққылар.
Жулдызлар тилинен ҳәр ақшам, ҳәр кеш,
«Мәңгилик» деген сес таралып турар.

О, нени көрмеди бул гөне әлем,
Қаншалар айланды тынымсыз дүнья.
Гәҳиде шадланды,
Гә тутты матам,
Мәгар инсан ушын ҳәр мәўрит, сәния.

Инсан өз қәтесин аңлар деп, неше,
Гә гүлге, гә қанға бүркенген де ол.
Мың жыллар бир сөзге садық ҳәр кеше,
Мың жыллар бир сөз деп өртенгенде ол.

Ҳеш қашан айтпады хош қайыр енди,
Қәлбине көрк болып өсти уллылық.
Ески диалект киреди тилге
Бир ҳаўаз:
«Тирилик» тексте «Тирилик».

Гөззаллық жаратар түрли инсанийат,
Зулымлықлар менен ҳәр бир мәўритте,
Көз ашқаннан берли инсан,
Тәбийат –
Өмири өтер саўаш –жаңсақ ғәплетте.

Бир саўаш,
        ашылған ғайры қолларға,
Бир саўаш,
        ақыры болар ғәрип сән.
Бир саўаш,
        бир демде бағлар қуўрайды,
Бир саўаш,
        тирилер жан береди, жан.

Өртенер,
хорланар,
        гүрсинер,
                тынар…

Қайғысынан көре қуўанышы аз.
Жаны қыйналса ҳәм тыйық астында,
Тәбият «Гүлле» деп береди ҳаўаз.

Шешеклер даўысы – бахыт белгиси,
Шақмақлар даўысы – мәртлик тымсалы.
Жамғырлар даўысы – тезлик белгиси,
Нурлардың даўысы – ҳәўир мысалы.

Бүлбиллер сайраса – даўысы шийрин,
Шықлар сыбырлайды – оҳ, гөззал ҳаўаз.
Мениң жүрегимде туўылар мийрим,
Көксимде муҳаббат – инсанларға мас.

Топырақтан келер бир ҳаўаз: «Өскил»,
Жапырақтан келер бир ҳаўаз: «Өнгил».
Уллы келешекке жол ал, бол үстин,
Уллы бабаларға мүнәсип болғыл.

Келер ҳәр тәрептен бир ҳаўаз бүгин:
«Умытпа, ашықдур,
Саадатқа жол.
        Текте,
 әрманымыз,
       тилегимиз ҳәр күн,
Даңқлы ҳаўазларға садық ҳаўаз бол».

Бунда жәм болмышдур барлық ҳаўазлар,
Сүўрети,
          мазмуны,
          пәклиги менен,

Алып баражақдур ең туўры жолға,
Әдалатлы және ҳақлығы менен.

Ибратлы сабақлар айтады өтмиш,
Билмекти қәлерсең даўсыңның күшин?
Қулақ сал! Бабалар жан пидә етмиш,
«Ҳүрлик» деп аталған сол ҳаўаз ушын.
Ҳеш ўақыт өзин қылмаған көз-көз,
Не дейди?
Бул жолдан өткенлер мың-мың,
Шырақтың ҳаўазын тыңлап көр,
                    ҳәй дос,
Ҳаўазын еситкил Спитаменниң.

Миллеттиң ҳаўазы әлбетте басым,
Халықтың қәддини көтергейлер тик.
Гүўа болмақтадур әсирлер асып,
Ҳас Ҳажып даўысы – «Қутадғу билиг».

Бир ҳаўаз еситтим,
     ийилмес руҳ,
Бир ҳаўаз еситтим,
     кеўилге ҳәмдам.
Даңқың бәлентлегей «Луғати-ат-түрк»,
Қәстерли ҳаўаздур, ол Қашғарийдан.

Алмас семсеринен шашылған ушқын,
Муғуллар қәлбине қорқыў салған көп.
Мәртлик отын жағып турыпты бүгин,
«Мен сол, мен сол Жалолиддин» деп.

«Ўатансыз инсанның қәдди ийилмиш,
Мийрасым,
умытылмас әсирлер ара…»
Ҳаўазы тилинен сембей жан бермиш,
Қолында туў, әне Нажмиддин Кубра.

Машрық ҳәм Мағрыпти титретти қанша –
Темурдың «әдалат» атлы кәламы.
Ҳешкимниң көзинен тамбасын тамшы,
Әмирдиң бул қатаң ҳаўазы мәңги.

Улығбек пәлекти әйледи жақын,
Көз тигип жулдызлар сыбырлысына.
Аспанлар илимин үйренген сайын,
Түнектиң ләшкерин жеңдилер зыя.

Заман жаңаланды,
Нурланды әлем,
Бухарий сөзинен таралды жақты.
Қәлблерди тәрк етти жәҳәлат бир дем,
Адамзат зулымнан мәгар бас тартты.

Нақшбәнд бәледен азат қылмақлық,
Ушын пәк әйледи мың кеўиллерди.
Ҳаўазы жеңдилер ҳәўес болмақлық,
Бәлесин. Жақтыртты зулмет түнлерди.

Илим ҳаўазынан нурланды әлем,
Сино үйреттилер дәртке даўаны.
Небир қәстеликке табылды мәлҳам,
«Тиб нызамы» берди дәри-шыпаны.

Әсирлерден бир-бир адымлап келип,
Наўайы Ҳераттан мысал баққандай.
«Ҳәй инсан, ҳей көңил, ҳей жүрек оян»,
«Ҳамса»ның ҳаўазы жаңлап шыққандай.

Бабур ақырғандай арыслан киби,
Бул ҳаўаз «ҳинд таман» қойғандай қәдем.
Күндиз ақшам ышқы қәлбин өртеди,
Бир қолында қылыш,
升ब্биринде қәлем.

Мағрыйпет қуяшы нурлы қус болып,
Ҳақсызлық себепли жабылмас ләби.
Ҳаўазлар бирлесип – жумыр муш болып,
Шай болар гә Шолпан,
Қәдирий киби.

Ғафур Ғулам, Айбек, Абдулла Арип,
Еркин Ваҳидов ҳәм Муҳаммед Юсуп…
Қосық дөретиўдиң тутса қумары,
Олардың ҳаўазын болар ма тосып.

Абдиуали Кутбиддин тебренер әсте,
Әлемди титиретер сырлы бир ҳаўаз.
Барлық оянғандай болар бул сеске,
Шәўкет Раҳман қосық оқыса бираз…

Бул зәминде өтти қанша улығлар,
Ушырды китабын мисли қус киби.
Бизиң кеўиллерге енди бир өмир,
Ҳаўазлар жоллайды илҳам-йош киби.

О, бул даўыслардан,
ыңыраныўлардан,
Мәгар келгендеме пурсаттың соңы,
Руҳ өз ҳаўазын таўып алғай ҳәм,
Өз ҳаўазын таўып алғайдур көңил.

Демек,
ҳақ ҳаўазы дилдеги битик,
Оның менен бирдур ҳәттеки тәғдир.
Бахытдур дүньяда ҳаўаз танымақ,
Ҳаўазға айланбақ зыят бахытдур.

Ҳаслы ким ҳаўаздур?
Билип қойыңлар,
Оның әўелинде турар бийқәте,
Мүнәсип ҳаўазды дөреткен ана,
Мүнәсип ҳаўазды өсирген ата.

Мейли камал тапсын абырай ҳәр дем,
Ҳүрметлерден болсын ҳәр кеўил пүтин.
Ҳәр бир шаңарақта ҳәр сәҳәр, ҳәр таң,
Ана журт бахтыяр ҳаўазға толсын.

Тутың қолларынан
демеңлер ҳәр ўақ,
Бәлентлетпек ушын пәрўазларын.
Қанат болғай бизге
Ул ҳәм қыз перзент –
Еситиң исеним ҳаўазларын.

Ҳаўаздан нығайсын Ўатан ерлери,
Бабалардан бойлап бөлентке шекем.
Дууаға қол жайып турғай пирлери –
Журттан бахытсызлық кетсин дәрбедер.

Булдур әждадлардың тири ҳаўазы,
Ақыллар нығайды,
Диллер ашылды.
Усылай басланар инсан пәрўазы,
Ҳаўазлар себепли жоллар ашылды.

Әптап маңлайларды жақтыртсын мудам,
Жүзимизге ғубар қонбасын, десең.
Бул журтта бахтыяр болсын ҳәр адам,
Балалар күлкиси тынбасын, десең.

Десең егер,
кетсин дәртлиниң дәрти,
Болсын ҳәр бир кеўил шадлықтан абат.
Десең егер,
артып инсанның қәдри,
Гөззаллық әтирин таратсын әтирап.

Нәресте жөргеги жупар таратсын,
Десең,
бахыт жансын ана көзинде.
Ҳәр кеўилде ығбал шамы жаралсын,
Десең,
шадлық болсын ҳәр бир сөзинде.

Қәлесең,
аталар болып қәтержам,
Аналардың шадлы ертек айтпағын,
Қәлесең,
бул журтта ҳәр не болып жәм,
Қәдимги ел даңқы тағы қайтпағын…

Сондадур билип қой, еркинликке жол,
Бахтыяр күнлерге бүгин таярлан,
Әзиз қәдирданым, сен ҳақ ҳаўаз бол,
Әзиз бирадарым, ҳаўазға айлан.

Дүнья мисли теңиз шайқалып турар,
Бир жағы тынышлық, бир таман боран.
Бәлки жанымызда айланып жүрер,
Жолдан адастырмақ болған ҳаўаз ҳәм.

Сол пайыт яр болғай ең изги нийет,
Туўры жол көрсетер, руҳыят ҳәм қәлб.
О, жалғыз ҳаўазға айланар миллет,
О, бир, бир ҳаўазға айланар халық.

Айбатлы алаплар қойынларында,
Өтмиш, келешектен разы бул күн –
Қосылып мәңгилик салтанатына,
Ағар еки дәрья:
Жайҳун ҳәм Сайҳун.

Ҳәм сол дем от жанып қарашығында,
Епкини мысалы арғымаққа тән,
Өсип еки дәрья аралығында,
Көкке шарықлайды бир хаўаз:
«Ўатан!»

Бул хаўаз ҳүрликке жетелер бүгин,
Бул хаўаз бөлейди шарапқа-шанға.
Бул хаўаз келешек, өзлигиң ушын,
Бул хаўаз аталған Өзбекстанға.

**Өзбек тилинен Кеңесбай КАРИМОВ аўдармасы.**



## КЕЎИЛ МОНОЛОГЫ

Биреў менен сәўбет қурсаң,
Оның айтар сөзи болса,
Биреўлердей өзгермесе,
Қарсы алдында өзи болса,
Нәзерине ерип кетип,
Меҳир майын симирсең сен,
Кеўил мүлки таман ымлап,
Шақырғандай көзи болса,
Өмир жолы уңқыр-шуңқыр,
Кимлерге дус етпес тәғдир,
Ушырасқанда нур шашыўшы,
Қуяш киби жүзи болса,
Ҳикмет айтыў саадаты,
Ҳәр кимге де етсин несип,
Түнди түнге жалғап берген,
Сөзде мәнис, дузы болса,
Өмир жедел, өтер дәўран,
Айланады пасыллар да,
Сырласасаң достың менен,
Өмириң жазы-гүзи болса,
Дүнья сырын ашса пүткил,
Бир пәнжедей тутып турса,
Ақыл болса сәўбетлесиң,
Сөзи иззет қызы болса,
Еслегенде жанып ҳәр ўақ,

«Уллы еди» десең тынбай,
Жүрегиң нағыс еткен,
Умытылмас изи болса...

## САМАЛ ЖЕЛИП ШАРШАҒАН КИБИ

Самал желип шаршаған киби,
Қылт етпейди.
Ҳарыған қайдан?
Бийғам қалғып шарбақ қушағы,
Жақтыланар көктеги айдан.

Үнсиз ғана жапырақлар-перде,
Жаўып турар дарақ көксини.
Қурт дарыған алмалар жерде –
Жараланған-жатар өксинип.

Жылан киби жылжып ағар суў,
Жилўаланар онда ай нуры.
Орап алған ҳәўлини уйқы,
Айдын ақшам салтанат қурып.

Қайлардандур келер мурынға,
Хош ийиси жоңышқалықтың.
Шоршытады аңламағанда,
Еки сая алдыңнан шыққан.

Титирер көйлек илгеклери де,
Бармақлардан өткенде ҳәўир.
Ҳөл болыпты көпшиги неге,
Көз қалғымас таң атып барар…

## СОНША БОЛАР

Сонша болар,
Итибарлар ҳәм,
Қәте излеп қыйнама қәлбим.
Өтип атқан
Ғәниймет бул дем –
Жапырағында жасайды сабырым.

Толқып аққан сайларға қара,
Ойпатларға кетпекте ағып.
Буннан өттим бәлки мың ара,
Қорқытқан жай ийт киби қаўып.

Әтирап жасап атыр өзинше,
Гүл-шешеклер жатыр бирлесип.
Сәске өтип, песин түскенше,
Оянар қыр уйқыдан кешип.

Барлығы сол –
Бәри жәмиў-жәм,
Қыяларда отлар қозылар.
Гейде пәслеп кетеди аспан,
Тигисинен бултлар бузылар.

* * *

Жақсы болды сени көргеним,
Бираз жеңил тартаман енди.
Жолларыңа өр қазған ғәним,
Ғапыл қалып қоллары сынды.

Меҳир менен алып баўырына,
Отлы демнен мурадым ҳасыл.
Ренжиткен муз тутып маған,
Изде қалды қәҳәрли пасыл.

* * *

Күнлер маўжырайды саяда,
Шамал қәне –
Нәпес шығармас.
Қуяш реңи-ойнар пияда,
Қуўрап қалған майсаларға хас.

Шуўлап аққан сай бойы қуўнақ,
Балалардың шаўқымларынан.
Табаныңды күйдирер топырақ –
Қызып атыр жаз әптабынан.

* * *

Қуяш батар –
Қарайып барар аспан.
Қуслардағы тыншыған,
Тыншып барар төрт таман.

Дийўалларда нур тутып,
Жақтыланар үй иши.
Ошақларда от тутап,
Қазан менен көрисер.

* * *

Қуслар ушты.
Сол бир шақалар –
Узатылған дарақ пәнжеси.
Аяғына жапырақ төгилип,
Өтип атар ертеси-кеши.

Мәгар көкке созылар қоллар,
Рысқы тилер еситилмей үн.
Желкесине мингизип жыллар,
Өтип барар билмейин тыным.

Пурсатларда екилениў жоқ,
Бары-жоғын қылады көз-көз.
Бәҳәр жасыл көйлек кийдирип,
Шешиндирип жибереди гүз.

* * *

Тозғып-тозғып көктеги бултлар
Бир-бир өсип келер дарақлар.
Аман-есен өткизбек түнди,
Қандай бахыт,
Кимниң сөзи бар?

Жақтыланса аспанның жүзи,
Қуслар және жуғырлай берер.
Өзгерместен үйлер де өзи,
Сол есиклер, сол терезелер.

Көксин ашып, тигилер тысқары,
Самал ҳәм нур кирер уласып.
Тәшўиш, қуўаныш, әрманлар бәри,
Бул дәргайда жүрер адасып…

* * *

Саратан ҳәм алар қысымға,
Саялар да бүгин бир тутам.
Ынтық болған далалар суўға,
Ләби қақ-қақ жарылып атырған.

Самал шаўқым салмайды, әжеп,
Бәлки жатар қайда гизнелип.
Гүлшешеклер соқпақты безеп,
Путақларда өседи өнип.

Қуслар неге бермейди ҳаўаз,
Бир-бирине жоқ па гәплери.
Әтирапты ғыжлатар бираз,
Саратанның отлы ләшкери.

* * *

Гүркиреўи,
Бәлент перделе,
Жасылланып өзгерген әлем.
Көгерипти ығал бар жерде,
Туқымлары майсалардың ҳәм.

Шынарлар ғой көклерге тийип,
Желкесине миндирген бәрин.
Мәжнүнталлар шақасын ийип,
Тәжим қылар,
Қалып тәсийин!

Шашларын бир силкитсе аспан,
Жамғыр болып шуўылдар бирден.
Оянады әжеп бир туғыян,
Жасыл көйлек кийген өңирден.

Сондай гөззал, сондай баўырман
Сай жуўырар баўыры ийип.
Қатқан қайрақ таслар бийзибан,
Жылап турар көк көйлек кийип.

* * *

Таң ағарды,
Түннен жоқ нышан,
Дарақ мисли қыздай керилип.
Жапырақлар шомылып нурға,
Таң самалын күтер еринип.

Таўланады есапсыз якут,
Жылўаланып сыйқырлы рең.
Таң самалын ақырын иркип,
Төгиледи әжеп саз бул дем.

Ғыр әтирапты көтерип басқа,
Жуғырлайды тынымсыз қуслар,
Айғабағарлар бағып қуяшқа,
Тәшўишлер өз жолына баслар.

* * *

Майса тойып нәпес алады,
Бүртиклер де мысалы күлген.
Ширик жапырақ жерде қалады,
Ҳәм аспаннан отаў тигилген.

Әптап көзи қытықлар сырлы,
Кеўиллерде не сыр қаланған.
Гүлшешеклер бар әлўан түрли,
Қыр-адырлар жасыл рең алған.

Ескен желлер өтер асығып,
Кеңликлерге сиңип кетеди.
Киши сайлар таслардан асып,
Ағар –
Бәрин жеңип өтеди.

* * *

Ойыншыдай асығыс самал,
Мени нәзер писент етпейсең.
Жуўырасаң, шаўып биймәлел,
Ғыр айланып,
Қолға кирмейсең.

Гә сыйпайсаң гүллердиң жүзин,
Майсалардан аласаң поса.
Асығыўың неден билмедим,
Барма сенде өкиниш, ғусса?

Еркеликлер қыласаң базда,
Қуйынларды әкелип басқа.
Бул қылығың шыны ма, наз ба,
Бас урасаң дарақ, таў-тасқа.

Өмир дуўшар қылды хәр сапар,
Не қылығын көрмеди рәўа,
Қысмет пе бул,
Солмекен тәғдир,
Сырлы бул бир қәдимги даўа.

Өмир жолы,
Бәлент-пәси көп,
Әўмет шапса,
Ғамлар жылайды.
Бахтың күлсе қуўанасаң қуп,
Сескенесең дус келсе қайғы.

Буншама тез өтпекте пурсат,
Тәшўишлердиң көринбес изи.
Самал,
Бүгин жүзлесип турсаң,
Ертең қайда шабасаң гезип?

* * *

Әне, шашын жайды мәжнүн тал,
Турар зәмин оны көтерип.
Жаснамақта жасыл майсалар,
Бар ықласын қуяшқа берип.

Талпынады барлық әтирапқа,
Гүзетеди түн ҳәм күндизлер.
Қуяш батса таўлар таманға,
Шашылады көкте жулдызлар.

Гүл-гүл жайнап, тербелер гәҳи,
Жапырақлар күн нурын жутып.
Жоқ қуяштан өзге панаҳы,
Жамғырда шомылар ҳәз етип.

Самаллар да шетлеп өтпейди,
Қонақлайды базда шаң-тозаң.
Селлердағы шетлеп өтпейди,
Күн өтеди күнлер артынан.

Шашын жайып турар мәжнүнтал,
Тура берер,
Налып кетпейди.
Басың көтер деп, сеслейди аспан,
Көтермекке қурбы жетпейди.

* * *

Жүзин шыққа шаймақта сәҳәр,
Ғайып болды қаяққадур түн.
Бас көтерип, оянды шәҳәр,
Көтерилер шаўқым ҳәм түтин.

Қуяш таман керип көкирегин,
Гәрдийеди көкти сүйген үй.
Сыңғыр-сыңғыр емин ҳәм еркин,
Анҳор ағар, еситиңлер күй.

* * *

Таң бозарды,
Ҳәмме саў-аман,
Дарақлар да қәддин тутып тик.
Жуғырласқан қуслар да дархан,
Майсаларда жалтырар таңғы шық.

Әне, самал шабады тынбай,
Гүл шешеклер тербеледи, шад.
Жапырақларды жөнине қоймай,
Ойнақлайды мисли асаў ат.

Аспан мисли тынық киби,
Жүзер онда ҳә демей қуяш.
Шығыс таман қызарып ләби,
Пал ҳәррелер гүллерге талас.

* * *

Бақшалар сып-сыйдам,
Қалған ҳүўилдеп
Кеткен яңлы бәрин даўыл ушырып.
Мысал аяғында салмалар қурғап,
Таңқыйып ултаны жатар ағарып.

Аспан ҳәм толғанар, тынышсыз бултлар,
Гә ағарып жүзи,
Гәҳи қараяр.
Аяқтың астында қуўраған отлар,
Мәгар кеңликлер ҳәм әсте тараяр.

Қайдан шықты екен, ыссы қуяшқа,
Пышық ҳәм еринер ашпаққа көзин.
Қара түтин киби бәлентлеп, пәслеп,
Ғақылдаған ғарға тилер ызғырын…

* * *

Көк жийекте дем алды жалын,
Лаў-лаў жанды тағы көп өтпей.
Ерте таңда туўылған жалын,
Жетпис реңде таўланды кетти.

Соннан соңра,
Отлы бир демлер,
Реңсизленди, ағарды қаны.
Оны тутып турған кең аспан,
Ҳәлсизленди,
Кетип дәрманы.

Пәти қайтып жақтылықтың да,
Қараяды ағарған жүзлер.
Кирпик қағып ақырын сөнди,
Көкте туўды бир топ жулдызлар.

* * *

Кеўил есигин қағып,
Кирер базда қәўетер.
Тәшўиштиң отын жағып,
Айланып, толғанып кетер.

Титиреген бармақларын,
Сезе баслайды тәниң.
Демине тартар әсте,
Қыяллар көп биймәни.

Нелер кешпес көңилден,
Не демекши бул тәғдир.
Мәнзилге жетпес қыял,
Тыншытпайды қәўетер.

Биййғубар ақшам, көктен,
Ай жарқырап бағады.
Ҳәр қыйлы гүллеп жаснап,
Ғыр әтирапқа бағады.

Көңилден бир шешимниң,
Еситилип қалар сести.
Ҳәм биййғубар көклемниң,
Есе баслар нәпеси!

* * *

Жаўа берер жамғыр майдалап,
Ҳәтте таслар жибиди мине.
Пана жайдан тигилип қарап,
Жасыл көзлер телмирди және.

Жибип кетти әтирап, барлық,
Басынан тап аяққа дейин.
Ески мәкан қылғандай тарлық,
Жартаслар тап жылжыўға бейим.

Ызғар ҳаўа кетпес арыға,
Қырлар баўры болыпты ызғар.
Ызғар тартып тамырларына,
Таўлардағы ақырын уҳ тартар.

Төменлеген аспан жүзинен,
Шашырап-шашырап кетеди отлар.
Жалт-жулт еткен жасын изинен,
Жанып кетер қап-қара бултлар.

* * *

Сым ағашлар шырақлар тутып,
Тик турыпты жолдың бойында.
Машиналар бармақта өтип,
Өз тәшўиши бардур ойында.

Таңға дейин таратады нур,
Қар суўықты писент ҳәм етпес.
Машиналар иркилмес ушқыр,
Сым ағашлар бас алып кетпес.

* * *

Еркелетти жер көксин қоллар,
Ҳәўиринде ҳамалдың сеси.
Нелердендур кеўиллер толар,
Қыялларда үмит нәпеси.

Узақ қыстан саў-аман шыққан,
Дарақлардың ҳештеңеси жоқ.
Булт жыйылып, түнерген аспан,
Пөстек қағып ура берер доқ.

Дастанған қыр-адыр басына,
Жамғыр шаўлап бирден қуйылса.
Тамшылар көктиң көз жасындай,
Бас көтерип оянар майса.

* * *

Шашылады жерге гүбелек,
Қона берер дус келген жерге.
Ақ реңде яратмыш пәлек,
Умтылады майса шөплерге.

Есабынан жаңылар көзлер ҳәм,
Гүбелеклер басқыны киби.
Мисли үлкен гүбелек-әлем,
Гүбелеклер тасқыны киби.

* * *

Ғәзепке минип шамал,
Тозаң-шаңды көтерди.
Тар көшеде топалаң,
Кеш пада өтер еди.

Туяқлардан топырақ,
Шаң болып шашылады.
Шаўқымға салмай қулақ,
Пада ҳәм асығады.

Ҳарып қалған самал ҳәм,
Ырайдан түсе берер.
Пада бир-бир тарқалып,
Тынышлық жетип келер.

* * *

Жыңғылларда ойнар самал,
Әтирапқа шашар қумларды.
Сексеўиллер шуўылдар бийҳал,
Түсинбейди сум қуйынларды.

Жылан киби таўланар қуйын,
Толғанысы шаңды көтерип.
Әтирaптың қашырып сыйқын,
Көкке өрлер барлығын берип.

Қылт етпейди ериншек аспан,
Әсте батып барады қуяш.
Текте самал ҳеш тоқтамастан,
Есе берер, тартпайды жуўас.

Қуяш батты,
Түн келди басып,
Шаўқым-сүрен қайда жоғалды?
Кең аспанға панытслар асып,
Сексеўил,
Қум,
Жыңғыллар қалды.

* * *

Жырлай берер сайлар сылдырап,
Ағысы ҳеш тоқтаўды билмес.
Айсыз ақшам алады орап,
Күндиз өтти, мысалы елес.

Тыным билмес,
Тынышлығы жоқ,
Өмир солай билмейди тыным.
Океанлар шуўлар, кеўли тоқ,
Тасқын дәрья күтеди оны.

* * *

Суўға түсип салқынлайды тас,
Қуўаң тартқан отлақлар пәсте.
Сайлар тынбас,
Ҳеш ўақыт тынбас,
Ал дийқанның қолында дәсте.

Саялайды жалынлы нәпес,
Бас үстине дарақ-саяман.
Не қылыўды самаллар билмес,
Қай жердедур сақламақта жан.

Шаршаў-мызғып талға сүйенген,
Дийқан көрер түсинде кетпен.
Жалын леби суўларға қонған,
Аспан мисли өртенип кеткен.

* * *

Ашылып болды гүл,
Төгилди.
Жапырақларда ойнайды шамал –
Өмир өзи билгенин қылды,
Әрманларға айланды-жамал.

Жупар ийис жел ме,
Ким билсин?
Шақаларда ништер сап тартқан.
Сарғыш тартқан бул бағ не қылсын,
Қурғақ жапырақлар жубатқан.

* * *

Күн жүз ашар есиктен сыртта,
Перделерин тартар терезе.
Тамған гәўҳарма, шық па?
Гүл- ғумшаны реңге безеп.

Бағлар иши әсте сылдырлап,
Қуслар кем-кем анық сайрасар.
Бир ҳәўлиде қосықлар жаңлап,
Бир үй аза тутып жыласар.

Бир өмирде сынаў бар түрли,
Гә бақ берер, гейде алар қун!
Күн таўсылар, дем алар енди,
Көзин жумбай тигиледи түн…

* * *

Самал бунша бийтақат,
Тынышлық табалмайды.
Еркелеген майса ҳәм,
Изинен шабалмайды.

Сыңғырлаған гүмис суў,
Ағар, ағар ойнақлап.
Шашын жайған мәжнүнтал,
Бас ийген әдеп сақлап.

Туңғыш ашық болғандай,
Ғумша ләбин тислейди.
Шақалар көңиллерин,
Айтып қойыпты, дейди.

Қумры қус шоқлық қылып,
Жуптына сүйкенеди.
Уўылжып шақасынан,
Тутлар да төгиледи.

Пурсат жетти, әтирап,
Бара берер толысып.
Бой созады дарақлар,
Аға-ини болысып.

Бирақ бири-бириниң,
Аўҳалын сораспайды.
Бул өткинши дүньяда,
Орынға таласпайды.

Қуслар сайрайды, бирақ,
Путақлар пәрўа қылмас.
Самал еле бийтақат,
Шаба берер қуўнақ,
Мәс…

* * *

Желпип өтти етеги менен,
Аңқып кетти әтир ийиси.
Күтпеп едим оны ертеден,
Қатты соқты жүрек дүрсили.

Қайдан өзи изледим енди,
Жолда қалған шаңларды көрдим.
Қыялымда не түрге дөнди,
Түнге дейин ойланып жүрдим.

Соншелли тез, соншелли жүйрик,
Бағ ишинде гезер бул марал,
Сәл-сәл еглен, болма сен күйик,
Меннен неге қашасаң, самал?

* * *

Бағ қалдырмай сарыға бояп, әўере бул гүз,
Жапырақларды шаққан қыздай сыпырар самал.
Жыллы ҳаўа жамылғысын паналар күндиз,
Түнде болса дирил қағып, тоңар итимал.

Оянады, ерте таңда, ала-геўгимде,
Желкесине көтергени  ақ улпа қыраў,
Терезелер уйқылап жатар бийхабар, күнде,
Елес-қапас көрип қалар, әлбетте биреў.

Әне, есик ашылды ғой, көринди анам,
Шашы аппақ ерте жаўған қар ма басында.
Бул дүньяда талпынғаным, әзиз, меҳрибан,
Шеккен мийнет, азаплары көз қарасында.

Кеше ғана, бәҳәр паслы, лалагүл тутып,
Қыр далада гүл жайнатты өткен өмирин.
Жәзийрама ыссы, августлар өтип,
Алып кетти, анам аңсар, сол бир күнлерин…

Бүгин болса, бағ аралап, әўере бул гүз…

* * *

Қуяш қушып атыр, еринбей бастан,
Баўырында таўлар, қырлар, жасыл бағ.
Шынарлар асқандай және мың жастан,
Саўлат берип, кеңнен ашады қушақ.

Ҳәўлилер оянған, ерте сәҳәрден,
Кимлер сыйыр саўар, ким ҳәйййиў айтар,
Ашшы ийис келер темеки жерден,
Сескенбес оннан да бул өткир нурлар,

Қуслар қанат жаяр нурдың үстине,
Байтерек барлығын берер саўғаға,
Самал да сезилмес, елп етпес, әне,
Жапырақлар топалаң қылмас өз ара.

Далада қалғандай дийқанның еси,
Қыяллап баратыр, өндирмей жолын.
Бармекен дүньяда сол бахыт қусы,
Тыңларма бир күни арызын оның?

Шаршаў денесинен кетпеген еле,
Негедур тигилер көзлери ҳарғын.
Тәшўийшли дүньяда аман жүргели,
Көрген тек мийнеттен қолы тапқанын.

Шаңларды бурқытқан жоллар бағдары,
Басқан изин бүркип шашар басына,
Ғаўаша жайылып күтер, қатары,
Нийети асығар оның қасына.

Мийнет-машақатлы өмирине үндеў,
Пешана теринде улғаяр жәҳән.
Ҳәр таң келгенинде кеўлине сүйеў,
Дийқанды қушақлап, сүйген қуяш ҳәм…

* * *

Қай жерде қалды самал,
Нәпес жутып, бағлар жым.
Жамғыр жаўар, итимал,
Буны билмейди ҳеш ким.

Ҳаўа қыйналар мисли,
Шаңлар кетпес арыға.
Бул усы, дүнья ески,
Көниккендей барына.

Көнип тәғдир қастына,
Гәде налып турыппан.
Жамғырлардың астында,
Нени излеп жүриппен?...

* * *

Көксине тек енди тийгенде самал,
Жапырақлар бийҳазар желпинер әсте,
Қызған күн ҳәўири еткендей бийҳал,
Сәл дем алар шаршаў тынып бир пәске.

Қусларға жан кирип қалар бир заман,
Сайрасып, бақшаны көтерер басқа.
Қуяш та жылжыйды өз үйи таман,
Нуры ҳәлсиз кем-кемнен суўыйды тас та.

* * *

Барын сыпырып алды.
Иләж жоқ.
Қамтылап қайларға суўырды самал.
Жалаңаш дарақлар неден кеўли тоқ,
Селт етпей, әтирапқа бағар итимал.

Кешлерди, күндизди бақлар ҳәр күни,
Көклемди сағынып көреди түслер,
Өзи дым қақсүйек, ҳәмде жупыны,
Еле тәрк етпеген баўырын, қуслар…

* * *

Көктиң жүзин қаплады бултлар,
Самал болса есер бийтақат.
Үйлер текте үнсизлик сақлар,
Айланады шаң-тозаң борап.

Қас-қабағы барар үйилип,
Күн қарайып, алар қысымға.
Бирден жамғыр жаўды қуйылып,
Жылағысы келген усында…

* * *

Нәпесин ишине жутады аспан,
Лапылдап көксинде  жанады жалын.
От ишинде қалғандай мисли, төрт таман,
Дарақлар бой созған есапсыз, қалың.

Самал да жығылған туралмас әззи,
Саяда ентигип турар қуслар да.
Қарық бойлап ағып, бийҳазар өзи,
Қызған топыраққа суў сиңер зорға.

Терин белбеўине артып, желпинер,
Салқынлаў жер излеп ойланар мурап.
Түйнегин көтерип, ғумша талпынар,
Оны қушағынан жаздырмас әптап.

* * *

Жапыраққа жасырынып алды нәўшелер,
Нәзик кәўметлери тасланбас көзге.
Көклемниң баўырында жаснап түрленер,
Мүтәж емес, мақтаў шырайлы сөзге,

Желлер де желпинер басы айланып,
Жап-жасыл әлемниң пәрўайы пәлек,
Бул кеше толы ай бағар ойланып,
Бул ақшам нәпеси гезеди ҳәлек.

Бағ иши дем алмас, сыбырлар еле,
Кешеги күн емес, гәшти де өзге.
Тартқылап тыншымас қыял тентене,
Билмедим жетерме екен ол, гүзге…

* * *

Толысыпты әбден толған ай,
Жайылады жипек шуғласы,
Көзди тартып келискен шырай,
Кең аспанда қалқыр талўасы.

Гөззаллықтан қамасқан көзлер,
Қалмайық деп уятқа, ғамға.
Барлық жулдыз аўлақты гөзлер,
Жасырынып алған панаға.

Жолда жүрген қыздай бир мәҳәл,
Ай ақыры жетти мәнзилге,
Қушағында бул ески жәҳән,
Сырлы ақшам салланды әбден.

Суқ нәзерин үзбеген еле,
Ойға батты жақын-жырақлар.
Шашылғандай аспан-әлемге,
Шашырап шықты жулдыз-шырақлар…

* * *

Мийманлардай, қуслар тынбастан,
Қанша шаўқым салысар, тағы.
Бағ шақасын писент қылмастан,
Тырнап таслар жаўыз тырнағы.

Өткен желлер, есип асыға,
Жапырақларды қоймас ҳалына,
Ашкөз олар, тербер, таласа,
Гейде үзип, қалар обалға.

Қуслар кетер сағынышы мол,
Енди жалғыз ғана бағ қалар.
Көзи талып қарағаны-жол,
Қалар ҳәсиретли дарақлар.

* * *

Нәзерине илмей дүньяны,
Танытып тур бүгин өзин,  түн.
Келген киби оның заманы,
Өмири болар қысқа я, узын.

Булақ тынбас, келмес уйқысы,
Сылдырлап тур, жағымлы ҳаўаз.
Ийтлер үрер өз үйи тусы,
Ким өтсе де сескенер бираз.

Жулдызлардың, жымыңлап көзи,
Ажырата алмас ақты, караны.
Атпағанша таң келип өзи,
Ашпағанша бунда араны.

Қаралықтан ғамгүн жасар түн,
Жулдызлардың аўҳалы қыйын.
Әдалатты билмес дүнья ушын,
Әдил қазы – таң келер кейин…

* * *

Тойда саўға шашқандай,
Жилўа шашар түскен нур.
Шапқылайды суў тынбай,
Сирә тыным таппай жүр.

Мәжнүнтал шашын таслап,
Жете алмайды үйине,
Қайрақ таслар жер тислеп,
Жатар суўдың түбинде.

Қуяш тандырдай қызып,
Тоз-тоз болды ақ бултлар.
Қарағандай бой созып,
Таўда өскен шыршалар.

Көк аспанда ериген,
Изи қалмас айдың да.
Гөззал болып бәринен,
Гүл ашылар далада…

* * *

Тәбият,
Мийўеңди меннен жасырма,
Маған руўҳ, қуўат, сабыр бергейсең,
Бийминнет, теңсизсең, сақыйсаң сирә,
Жанлы таў, қыр, дала сеники-билсем.

Сенде көрдим қәҳәр, ҳәтте ашыў бар,
Қолыңда самал ҳәм даўыл дизгини,
Не бир топан суўы, күшли қуйынлар,
Қолыңда не әжеп ислер дизими.

Көз жасы сел болып аққанда гейде,
Ҳеш нәрсе ғаў болып, тура алмас қарсы.
Жатырған әлемниң мамық төсинде,
Ҳоп десең күл болар таўлардың тасы.

Апатлы бәлелер жүрсе де ызғып,
Туттай төкседағы тири жапырағын,
Бәрибир нәллериң өсер бой созып,
Өтмиште қалдырар ески ҳазарын.

Бултлар айланып толқып жеткенде,
Есапсыз гәўҳарын шашасаң жерге,
Шашларын безейсең ғумшаға, гүлге,
Қақсаған ағашқа жан берип бирге.

Көнбестен ҳеш қашан бары жоғыма,
Бир күн ғайып болсам, өзиң билерсең.
Тәбият, сақаўат көрсет руўҳыма,
Маған жамғырыңды, гүлиңди бер сен…

* * *

Байтерек,
Жәҳәнниң бәри сеники,
Аспанға тик бағар қәддиң ийилмес,
Аязлы самаллар соннан ба, бәлким.
Басыңда айланып жүрер еринбес.
Қуўанып дәртиңди ишиңе жутып,
Шыдадың ызғырық суўықта, қарда,
Қақаман қыстан да аман саў өтип,
Ашылып жасайсаң бәҳәр болғанда,
Кеўлиңде шарқ урып, кетер толқыўлар,
Бүртиклер айланар мың бир қанатқа,
Көз жарыў бахтына имкан табылар,
Оянып келесең және сол ўақта.

Әжайып,
Бул қандай сырлы әндийше,
Бар нәрсе қайтадан туўылса, қайтса,
Азап-ақыретлер таўсылса, өтсе,
Өткенлер түс киби мен ҳәм бул жолда.
Нелерди көрмедим мен ҳәм бул жолда.
Билдирмей шаяндай шақты кимселер,
Оның сырқыраўы өшпес ядымда.
Қалай умытылар қылмыслы ислер…

Байтерек,
Руқсат ет, үйренейин мен,
Мениң де тамырым көклерге тутас.
Сабыр тақатымды бөлисейин тең,
Перзентлик миннетим өтелсин бираз.

Сен киби мәрдана қулаш жазайын,
Боранлар басымнан өтсин ҳүўлеген.
Ғәнимлер ғажыўға көрмесин қайым,
Себеп сени сүйгенлердиң биримен.
Сен киби басымды көтерсем бийик,
Көклерге сәлемлер жоллаймыз бирге.
Жапырақ жаямыз, гүл-ғумша сүйип,
Бирге ашыламыз, гүллейик бирге.

* * *

Буған сирә исенгим келмес,
Жан сескенер, сөнер ықласым,
Гүзди сирә нәзерге илмес,
Көклей орған киби арпасын.

Ызғырықтан кеўили шадтай,
Қалса әлемқар, музға толып,
Бағда қонған қара ғарғадай,
Келер әсте, баўырымды тилип.

Күнлер өтер, ойларын бузбай,
Түн адымлар оның изинен.
Әлем болса сезип я сезбей,
Айрылады және көзинен…

* * *

Таң қойнында  бағымда,
Ғумша жымыйып бақты.
Әлле неден жан кирип,
Кеўлиме жалын жақты.

Қызыл гүлди көрмедим,
Тереклердиң түбинде.
Ғумшаларға ләб ашқан,
Бүртиклери саў, әне.

Қумырысқалар жупласып,
Алып барар жемтигин,
Бир-бирине ымласып,
Жыйнар азық-түлигин.

Майсалар өз тилинде,
Айтады бир нәрсени,
Мениң көзлерим неге,
Кимдидур излер еди.

Қыялға шүмип нәзер,
Сол күнлер түсти ядқа.
Ким етпес оған тәжим,
Анадай уллы атқа?!

Дуўа етип ерте-кеш,
Жүрер еди бул бағда,
«Ҳарма, балам!» дер еди,
Шаршап турған шағымда.

Күш-қуўат толар еди,
Сол күн тасып қанымда,
Ғайыптан ба бул қүдирет,
Айталмадым анама.

Бүгин оянған көклем,
Ҳәрекетте тири жан,
Өтип бармақта өмир.
Тоқтап турмас ўақыт ҳәм…

«Анажаным тағыда,
Бағ аралап гезгендей,
Еске алып тур-аў деп,
Ғайыбана сезгендей…

Лекин, билмедим неге,
Руўҳым қәтержам еди…
Иш-ишимде сағыныш,
Кирпиклерим ләм еди…

* * *

Қар ушқынлар, ашшы ызғырық,
Ийне киби шаншады суўық.
Сүйегендей бир-бирин қорғап,
Тек дарақлар сескенбес, турып.

Кәмбағалдай үсти жупыны,
Баспанасы, я жоқ шапаны.
Бир морыдан шығады түтин,
Бир ҳәўлиде тойдың әнжамы.

Қар ушқынлап, суўық ҳүкимдар,
Музлап барар булақтың ләби.
Шыдап турар, үлкен дарақлар,
Саўлат берер тулғалар яңлы.

Ҳүўилдейди самал қосылып,
Зәҳәр шашып суўығы зыңлар.
Ийттей улыр, байлаўда турған,
Ҳәр тәрепке, тынбай умтылар.

Ойға шүмип,бағ тыныш, мүлгир,
Тәшўиш, ғамын жутқан ишине.
Қар астында қалтырар дир-дир,
Көк майсалар жатыр шешине.

* * *

Нурға толып бағар еди таң,
Көз-көз етип таңғы шықларды.
Шаўқым сүрен басланған мәҳәл,
Кеңликлерге қәдем таслады.

Мисли сүтке шайғандай жүзин,
Ақ әтиргүл назланар желге,
Қушағына таслаған өзин,
Әтир аңқыр ҳәр бүклеминде.

От-шөплер де жерден күш алып,
Тигиледи аспанға қарай.
Булақ ағар таза жол салып,
Мисли бурын солай аққандай.

Әлем барын жәм еткен бунда,
Үлкен шынар бой тиклеп атыр.
Бул таң күнге тарлық қылса да,
Ертең күнге өтиўши көпир.

* * *

Гүл паслына жеткен пайытта,
Шырмаўықтай жабысты суўық.
Оның көрки бирден қайтты да,
Нәзик ләблер қалды бүрисип.

Мәдары кетип, тайғандай ҳалдан,
Қаўжыраған нәзери сынық,
Үмитлерге жүз бурды әрман,
Иш-ишинен дәртли гүрсинип.

Шарқы пәлек айланар күн-түн,
Тамырында уйқыламаған жан,
Несийбеси болған ба пүтин,
Өз үйинен жай берди имкан.

Ҳөл қолларын узатты нурға,
Ерип кетти музлаған көз жас.
Көкке қарап баққанда зорға,
Меҳрин төгип бурылды қуяш…

Күтилмеген соққылар аўыр,
Күтилмеген суўық бәҳәрде,
Жараланған көп мәрте баўыр,
Жайнап жаснап турған мәҳәлде.

Өмир сол ма, сен тапқан ойын,
Әйне бәҳәр қарды жаўдырсаң,
Сабыр тақат иймейди мойнын,
Ҳәтте жағасынан усласаң.

Күтилмеген дөҳметлер жаўса,
Қай азапқа түседи инсан,
Әптап киби әдалат бақса,
Арзыўлар да жасайды аман.

Пайда болар жаңа бүртиклер,
Қайта баслар әлем ҳасылға,
Ҳазар шегиў қалып ертекте,
Жол алады жаңа пасылға.

* * *

Тикенге телмирип өтеди өмири,
Ашылып барлығын көрсетер сонша,
Бир адым кете алмас ҳеш оннан ары,
Не қылсын тәғдири дым жақын болса.

Жыласа өксиги ишиндеме екен,
Жырласа жапырағы рең алған жаннан,
Көз ашып көргени бәри сол екен,
Бул өмир ибарат арзыў әрманнан…

Салқын шық түскенде дирилдер жапырақ,
Жүзи де жалтылдап кеткендей шоқта.
Не ҳалға түседи кеше түскен дақ,
Ҳәсел мәўритлерин көрген бул шықта.

Әлемниң нәпеси түскен ишине,
Негедур өзинше ғумша жымыйған.
Исенип-исенбей әптап күшине,
Саяда пәлеклер қулашын жайған…

* * *

Топырақ  сергек,
Гүллер де ояў,
Бүгин тереклер де сымбатлы,
Шәшмелерде суў ағар баяў,
Ғумшалардың ләби де татлы.

Нурлар батар мисли найзадай,
Қырлар енди жалаңаш емес.
Жердиң кирпиклери майсадан,
Жүйрик желге дилмаш, еринбес.

Шөплер мисли сарғайған китап,
Өмир оқып тозған нусқадай,
Ҳәр түбинде найзадай, бирақ,
Бойын созар жарысып, қалмай.

Телмиреди аспан тынымсыз,
Шылбыр шашын таслайды жамғыр.
Оны тыңлар таў-таслар үнсиз,
Пысқырады өзеклер гүр-гүрр…

Топырақ сергек,
Гүллер де ояў…

* * *

Кеңликлерде шуўлайды әлем,
Мисли сайда киснескен тайлар.
Таў өзеги тасыйды бирден,
Еки жаға суўға тең бойлар.

Тусаўлары шешилген киби,
Тастан тасқа секирер ырғып,
Төккени емес ашыў-ғәзебин,
Тура алмас бир дем де тынып.

Аўыр, ири жатар жайтаслар,
Желкесинде тамшылар, тердей,
Асығыўда толқынлар, қатар,
Епкин менен ағар иркилмей.

Шаўқым, саза келеди таўдан,
Саза қайта жаңлайды тек те.
Басын ийер мәжнүнтал, турған,
Көтере алмас қәўметин тикке…

* * *

Таўлар қайтпас, алмас өзине,
Не қылғылық қылса да аспан.
Тик бағады көктиң көзине,
Бар еркинде ағар ел таман.

Әскер киби бултларға тийип,
Өкиреди бирден шақмақ.
Геўгим түсер қабағын үйип.
Жылай алмас сол гезде бирақ.

Тикжар тутар оған желкесин,
Ҳәр тамшының тийер соққысы.
Мийтиндей тас өзгертпес түсин,
Писент етпес жамғырдың исин.

Сарқырайды сарқырамалар,
Тасқа қулар ағыс тынымсыз.
От-шөплер де бас ийип тыңлар,
Ентикпестен тыңлайды үнсиз.

Кимге дәрт бул, кимге қайғы бул,
Налалары таўсылмас ҳеш те,
Селдей аққан, көз жаслар хош бол,
Хош бол енди қайта келгенше.

Тастай қатқан,ҳей, шыңлар ҳармаң!
Көбик шашар булақлар саған.
Сағынаман бир өмир, зарман,
Асқар таўлар, болыңлар аман!

* * *

Жерим сениң жаныңа сәддақ,
Ҳәммесине шыдайсаң қайыл.
Бергениңди терип усы халық,
Хошласпастан кетти неше жыл.

Еле өзиң саў ҳәм саламат,
Гә шадлысаң, гәде муңлысаң.
Баўырыңнан алып дәрамат,
Қалдырмайды сабаныңды ҳәм.

Үндемейсең, шықпас ҳеш саза,
Билмес сениң абырай-даңқыңды.
Жерим, миллет етпейсең ҳасла,
Жанлар ушын пидә жаныңды…

* * *

Күшиң жапырақларға,
Жетти ме енди,
Реңлерин  неге,
Еттиң ақ боздай,
Оған да дүньяда,
Жасамақ қыйын,
Қайда қонар енди,
Ол қайда ушсын?
Мен болса жүриппен,
Артыңнан қалмай.
Көп тәшўиш салсаң да,
Өзиң басыма,
Қаншелли,
Үмидиўар болсам да,
Реҳимиң келмес көзде жасыма.
Жапырақпан, қолымда,
Үмит байрағы.
Көргени ҳақыйқат,
Бос елес емес.
Сен де шәлтийме,
Бүгин бары-жоғы.
Бир тамшы жасыма,
Арзыдың, Дүнья!

* * *

Жайберер,
Бәрин де сыйдырады көз,
Әне, аққан дәрья, бул жағы кеңлик…
Тек те артықшылық етеди бир сөз,
Түбинде ҳүкимдар үнсиз жым-жыртлық.

Қуўанып кетемен, жақын-жырақлар,
Кирип келе берер руқсат сорамай.
Жайнаған отлақлар, сансыз шырақлар,
Пардоз–әндозсыз тур, реңге боялмай.

Қарайман,
Жайнайман, қушып, қыяллап,
Әлем сыйып атыр еки көзиме.
Бул қандай тилсимлик, қандай сыр екен,
Мен неге сыймайман өзим-өзиме…

Сизлерге тутаман, кейин қос қоллап,
Өз-өзиме сыймас гөне дүньяны.
Қайларға апарар мени бул жыллар?
Қай жерде күтеди мәнзил паяны?

* * *

Бүртиклердиң жаны толғаққа өтти,
Епкинли самалды етпестен пәрўа.
Не барын, гүллеген бадам асықты,
Еле март келмей-ақ тебиренди ҳаўа.
Сен де оянбадың ба?

Кеўлиңе алмаған сәўбетлер сырлы,
Өзгерип шын-жалған тоқыйды күнлер.
Қар қушқан байшешек бағар тәсирли,
Усы ма бәҳәрге мейил белгилер?
Сен де оянбадыңба?

Нурлар мегзер маңлай шашлы перige,
Уўыс топырақтан гүмис жасайды.
Мен сәжде қыламан мың бир тилекке,
Негедур үмитим пушқа усайды.
Сен де оянбадыңба?

Қуслар жуғырынан бағ толған үндур,
Тасқазандай қуяш жанар жарқырап.
Майса көрпелерди сырыйды кимдур,
Дарақка жапырақтан береди қанат,
Сен де оянбадың ба?

Жаңғырған сайларда гүркирер толқын,
Шер киби өкирер тасып дәрьялар.
Бас урып тыншымас суўы да бул күн,
Қайсы бир мәнзилди барар қаралап,
Сен де оянбадың ба?

Бүртик суўықларды көрмес түсинде,
Ертеңди ойламай гүллер наз етер.
Тири жәнликлер де бийҳуш пишинде,
Неге бул күнлер де өтер де кетер.
Сен оянбадың ба?

Көкжийектен арыда реңлер өбискен,
Тигилсем қәлбимди қыйнай берер дәрт.
Кимлерди кимлердур зар-зар күтпекте,
Февральды алып келгенше бул март,
Сен де оянбадың ба?

* * *

Терекке сүйенип отырады ол,
Тереӊ үх тартады, түбинен шығып.
Дәртлерин самалға суўырады ол,
Жүректе әндийше қыйнайды соғып.

Саўлат төгип турар жапырақлар тыңлап,
Самал да әстелеп басады қәдем.
Бозлаған бул дәртти дос киби аңлап,
Билгенлер досларым: бул дүнья бир кем.

Аспанға илесип кете алмас енди,
Гүллер жубата алмас, өз ҳалына мәс.
Узақ-узақларға уша алса еди,
Бултлар тәрепке қарап, қасқа-қас.

Ҳүўилдеп қалса еди бул мәнзил-мәкан,
Ғыйбатлар қыраўға айланса еди.
Қойнына алса еди, бийғубар аспан,
Қайсы бир жулдызға жайласса еди...

Жалтырап, жаўдырап ол қус жолында,
Айды күте-күте жасаса еди.
Найзағайлар жайған тилсим елинде,
Писентинде барын төсесе еди.

О, нурдан жаралған, гөззал үмитлер,
Гәўҳар туйғыларда қуўырылған кеўил.
Оны бахтыяр  ет, мәнзилине жеткер,
Гүллеген арзыўдай жүрегине кир.

Наласы дараққа сүйенген әрман,
Тәнҳа бул әлемде  жалғыздан – жалғыз.
Тәғдир алып кетер, билмес қай таман,
Өмир гейде гөззал, гейде жалмаўыз…

* * *

Буншелли асығыс, тынымсыз бунша,
Жол бойы  бир нәрсе  терип кетер ол.
Нәзер менен кимге бақ берер сонша,
Кимгедур қайғыны берип кетер ол.

Бәнтинен үзилген жапырақ үндемес,
Алманың жүзлерин  нәзериңе ил.
Сарғайып қалғанын майса да сезбес,
Және қус қанатын қақты биймезгил.

«Аҳ» деген налыштан титиреди бир үй,
Кимдур бул өмирден безип, налыған.
Қурды мийримине тартып аўыр ой,
Хабар да алмады наўқас ҳалынан.

Меҳирди ким тапты, кимдур қумарын,
Кимлер бир уўыс  шоқ, биреў  бир  таўық.
Умытып биреўге ана зибанын,
Бийгана тиллерде жазды  сөз таўып.

Буншелли асығыс,
Бунша бийсабыр.
Епкини реҳимсиз, қылыштай кескир.
Барлығын көтерип баратыр бул жер,
Бир кеўил  шад, және бир кеўил өксир…

* * *

Қалтыратпа тутты тынбастан,
Жуўсам дейип жаннан ғубарды.
Жасамақлық  қайта бир бастан,
Жүрегимде езди   димарды.

Тутқа бақтым шашы кесилген,
Ҳәмелдарға усайды терек–
Шыршаларға шырақ асылған,
Қәлбим бирден тартады сергек.

Өз ҳалына қоймай гүллерди,
Қолдан-қолға болғандай ермек,
Солғын жүзин көрдим олардың,
Қандай қыйын шейитий өлмек.

Алма түсер алма астына,
Ериктиң де орны бар бағда.
Бир нәмәрттиң түсип дәстине,
Жанбағай бас  бир күн ошақта.

Көрдим енди сол бир өзликти,
Жерге меҳир, назы өтпекте,
Әдеп қәўмет туўры сөзликти,
Мәжнүнталда көрдим мен тек те.

Тырналмаған өмир пердеси,
Мың өримли  мәңги бир ибә.
Өзгермеген опа, ўәдеси,
Өзгерсе де бул ески дүнья.

* * *

Жүзинде моншақтай жылтылдаған жас,
Сәҳәрден жылаўың шәрт пе жапырақ.
Ҳә демей қуяш та көтереди бас,
Неге таң азаннан турсаң қалтырап.

Не ўәжлерди ойлап қалдың нәзерде,
Айтшы, қыялыңа не ойлар келди.
Билемен қыйын бул, жасаў өмирде,
Кимге ғам, кимниңдур ығбалы күлди.

Ғаўғалы әлемниң тәшўишлери көп,
Толқынлар бийсабыр, шапшыр ҳәр жаққа.
Гейде наҳақлар да ҳақларға күлип,
Жақсыны шығарар сағалаяққа.

Ишиң толып кетер дәртли ызаға,
Нала етип, ақыры жалғыз бозлайсаң,
Сыймастан, шарасыз мына дүньяға,
Ненидур аңсайсаң, недур излейсең.

Күтесең кимди де, мәдетпе екен ол,
Күтесең ақыры  жоқлармекен я.
Дос болып қол берген әдет пе екен ол,
Бәрин алақанда көтерген дүнья.

Изи жоқ көк әлем тартар нәзериң,
Ай толып, гә азып ақшамлар өтер.
Ески көкжийекте шатпадай үйиң,
Қойнында ойларың қыйнар дәрбедер.

Әлемниң шети бул – бәри көринер,
Қайларда қуўаныш, қайда ғам. Аза…
Көз ашып жумғанша үлгермей келер,
Хабарлар ағады патас, гә таза.

* * *

Муштай жүрегиңе сыярма әлем,
Қалқыған дүньясы берерме маза.
Қайдағы биреўлер қыйнар кәўимин,
Сатқын опасызға берилмес жаза.

Гөдеклер телмирер болып қақсүйек,
Бир тислем нанға зар, көзи қарайған.
Олардың кеўлинде жасар бир нийет,
Келер ме бир басшы меҳирге тойған.

Қалалары ўайран, баспанасы жоқ,
Тынбас танк, оқ ушып өтер жанынңнан,
Қап-қара түтинге бөленгенде көк,
Қорқынышлы әжел саясын салған.

...Бүгинги   дүньяның ислерин қара,
Бир журт  тыныш, бир ел  саўашта жанар.
Өксиме, жылама, жапырақ сирә,
Еле алдымызда музаппар таң бар.

* * *

Көзин үзбей қарайды мисли,
Сыбырлайды жапырақлар тынбай.
Қандай қорған бул дүнья усы,
Гейде ғамлы, гейде шадлыдай.

Өртенеди жан гейде жанып,
Аҳыў-зары аспанға тарап.
Жалған истен қаласаң талып,
Алдап қойса рас сөз, бирақ.

Отлы көзге айланар бирден,
Мамық қолы жағымлы мәлҳам,
Таңғы шадлық, кешки геўгимде,
Қалқыр денең, ойлар пәрийшан.

Көринбейди толкынның соңы,
Күни-түни шабар ҳеш тынбас.
Кимге бәйги, кимге ой-торы,
Бул кеўилге сирә  да сыймас.

Майда, ызғар ушқынлар гезер,
Бәри сыймас кеўилге бирақ.
Ағар суўдай, самалдай есер,
Өмир сирә турмайды қарап.

Тыным бермес ушқыр қыяллар,
Өкпелеўге жетпейди ҳәддим.
Кәрўан киби  өтер ай, жыллар.
Өмир гөззал, бул дүнья қәдим.

# ЖАҒДАЙЛАР

Не екен бул мүддәҳәси ишинде,
Туўры жолды натегис деп  ойдырар.
Бүгин болса ол ҳәмmegeниң төринде,
Мени қашан өз ҳалыма қойдырар.

Жан бийшара турқын көрсе бийтақат,
Қас-қабағы арасында не тилсим?
Еркинликти қызғанып тур жол қарап,
Еркин  ояў үмитлерим не қылсын?

Ҳайранман мен. Ойларым көп, қоршаған,
Төрт тәрепке басын урып, жан ҳәлек,
Арзыўларым шынжырланған тусаўда,
Жер аспанға сарсаң болды сом жүрек.

Самал киби өтип барар өмир де,
Ҳақыйқаттың көзлерине тик бақтым.
Нени тәғдир несип етсе, бизлерге,
Гә шадлы, гә ғамлы дәрьяда ақтым.

Қанатлары қайырылғандай уша алмас,
Мәдетке зар еркин жолға қарайды.
Түнлерде көзиме уйқы жоламас,
Қуяш шықса, нурлар  ҳалым сорайды.

Сәлем деймен өтип атқан күнлерге,
Дүзетесең қашан, қыйсық жолларды.
Таза ҳадал жүреклерге нур бере,
Дөҳметлерден қорғап жүр, биз досларды...

Ақты қара дегенге бир қарап қой,
Инсап тиле, кеўиллерди сындырса.
Тыным бермей қыйнар мени тек бир ой;
Сап кеўилде  қызғаншақлық болмаса.

* * *

Жапырақларды сыпырмақта ескен самал,
Босап қалған ағашлардың қушақлары.
Сарғайғанша шақа енди болса обал,
Жандырады тек те қыстың ошақлары.

Ҳаўлықпайды салмаларда аққан суў ҳәм,
Сәл асықпай, жылыслайды бир жақларға.
Қаўжыраған шөп-шарларда  сын қалмаған,
Азып-тозып, ийиледи самалға да.

Тырналардың қыйқыўларын тыңлар аспан,
Ушып барар ғайрат берип бир-бирине.
Кесип өтип жер-аспанның ортасынан,
Қүдиретли күшке ерип барар, әне!

Ығал ҳаўа,
Кеўип қалған қус уясы,
Кемиси жоқ, шынарлардың саўлатында.
Қойыў емес, илме-тесик, тек саясы,
Жапырақлар жерде жатыр-жайрап мында.

Қуяш нуры  көкжийекке сиңер әсте,
Жалын шалқып, әсте жанып– сөнип атыр.
Байтеректиң жапырақлары түсип пәске,
Жалаңашлық тәғдирине көнип атыр.

Хошласыў кеўилиңди салар азапқа,
Өткен күнди еслегенде ерир баўыр.
Үмиттиң қуяшында салсаң жолға,
Жоғалтыў бул дүньяда қанша аўыр...

* * *

Жүрегиме байрақ қададың,
Моншақларды тердим биримлеп.
Қуўанғаннан бир қарыс өстим,
Көргенимде бүгин ертелеп.

Қуяш шашы зерреҢ нурдан,
Түнге түсип, доланар бәри,
Билсең, егер ертеде таңнан,
Бул өмирде көп екен мәни.

Бийҳуш етер суўлар сыңғырлап,
Жилўаланар атызларда дүр.
Көгис аспан теңиздей лаплап,
Көзлериме бағышлар өмир.

О, буншелли мүсинши әлем,
Көз-көз етер көбин –азында,
Қанша жасар, билмейди адам,
Жасыраман кеўил ғамын да.

* * *

Көзи жайнап кетер шықлардың,
Таңлар жүзин ашыўы менен.
Түннен қалас болған әлемниң,
Нур, жақтылық шашыўы менен.

Дарақлар да төгип тур саўлат,
Қәўметин де етеди көз-көз.
Қуслар болса ырысқысын аўлап,
Шақаларға жайласар сол гез.

Ғумшаларын ашқан гүллердиң,
Түрли түске өзгерер түри,
Түбин сүйип ағар олардың,
Тынбас суўдың сыбыр-сыбыры.

Таў-таслардың төсин таррашлап,
Самал шашар не түрли сыя.
Бизди ойлар қойнына таслап,
Бир қәлипте шайқалар дүнья.

* * *

Көзим ашсам нур мени излеп,
Босағама бағар қәтержам.
Кеўилимде оянып ләззет,
Жақтылыққа доланды бул таң.

Тереземди ашаман шадлы,
Жүзлеримди сылар жел–ана.
Бүгин турдым, аман-саў жанды,
Жеткериппен гөззал дүньяға.

Ушқыр қыял алады сайлап,
Кешкен кеўил арзыўларымды.
Өтей алсам еди жыл, айлап,
Мен перзентлик қарызларымды...

* * *

Әптаптың артынан кирди намазшам,
Ақыры, бул күнниң толды пайманы,
Байлығын жайғанша асығар ақшам,
Көк шақырар усы мәҳийтабанды.

Бағларды аралап гезер жумсақ жел,
Мүлайым, жағымлы, жүдә ҳәм жуўас.
Күн бойы еседи сыйпап биймәлел,
Түн бойы буйығар, сирә жуўырмас.

Қарлар шоққыларды таслап кете алмас,
Сайлар қосық айтар, биймәрўа, биймҳал.
Қулағына «гүз» деп сыбырлап жапырақ,
Бәҳәрди сағынып ыңырар ҳәр тал.

Сағынышлы руўҳымда бир шарқыпәлек,
Жолларға көз тигип, шыдамым талды.
Қараңғы түнлерге көнликпе жүрек,
Таңға бары-жоғы бир қәдем қалды…

**Кеңесбай КАРИМОВтың**
**аўдармасы.**

## БИР ЗАМАНЛАРДА

Бир заманда сақый қуяш болдым мен,
Жер аспанның басындағы – болдым, таж.
Базы кеўиллерге сондай толдым мен,
Базы кеўиллерде сөндим наилаж…

Топыраққа айландым дедим, ақыры,
Енди өмир жолым қалар азапта…
Баўрымнан өтеди налынып тағы,
Ким маңлайым басып, кимиси таплап.

Теңизге айландым, заўқы-сапалы,
Заманнан алдым соң, аз-кем үлгисин.
Даўыл боранларым ҳеш тоқтамады,
Үйреттим көплерге тасыў, илимин.

Гейде болдым моншақ-көзге қарашық,
Гейде теўип өтти мени-душпаным.
Тап солай ядымда ашыўы қалып,
Жым болды ийнимде тас басып жаным.

Шаңларыма сарғыш мийўелер питти,
Шетте қалғанлары сарғайды, солды.
Өмириме өзгеше сән берип кетти,
Көркем бағлар ара дараққа толды.

…Ҳәм, мине бүлбүлмен, қара, жанаман,
Өртли қосықларым көксиме батар,
Таң сәҳәр жырласам, қосығым болған,
Муқаддес еркинлик таңлары атар…

## ЖОЛАЎШЫНЫҢ ҲИКМЕТИ

Дүнья…
Ески дүнья-ҳикмет сандығы,
Жартысы жалғаншы, жарты ҳақыйқат.
Ал, бүгин айтайын гәптиң ашығы,
Жол ҳаққында аўыр соншелли бир гәп.

Бул жол сабырлыны сынайды мисли,
Шыдамы таўсылар кимниң де, гейде,
Бул жолды көргенсең, есит сен, мейли,
Бәлким усы жолдан өткениң сен де…

Бир күн жүрегиңде улғаяр ҳәўес,
Сөндирип қоймассаң үмиттиң шамын,
Жүргенлер биледи, кайтқанлар емес,
Бул жолдың азабын, бул жолдың ғамын.

Бул жол көпти көрген,
Улама, ҳәким…
Арзыў майын ишкен жаўдыр көзлердиң.
Жалған деп биледи ҳәтте әлле ким,
Бул жол ҳаққындағы тымсал сөзлерди.

Ал жолаўшы болсаң бир күн көрерсең,
Бул жол машақаты кеўилди  дағлар.
Кешип өтпек болар шаянлар көрсең,
Гә ушып өтиўди қәлер ғарғалар.

Бирақ аўыр бул жол-қасаслы, өши,
Гәсинде кеўилге тутқаны жалған.
Ярым жолға жетпес аяқлар күши,
Ушқыр қанатлар да зорыққан, талған…

Бул арзыў жолы дер-жетип болмас ҳеш,
Жүриўди қәлесең, асты шағыр тас.
Қәлесең бир өмир сағымларға өш,
Жүрегиңде шаншыў, көзлериңде жас.

Бул әрман жолы дер–өрлеген көкке,
Питкен болар кимниңдур пешанасына.
Билмедим ким жеткен, кимлер жетпеген,
Ҳақыйқат ҳәм бахыттың тахты-тажына.

Бул кеўил жолыдур–узыннан узын,
Гейде қаплап алар қараңғы зулмет.
Көксине таслайды бир уўыс ушқын,
Жолдасың болады дәртли ҳәсирет.

Бул муҳаббат жолы–ҳәр нәпесинде,
Қуўырылып барар ашықлар жаны.
Ашық кеўиллердиң өзге сесинде,
Жүрек қаны менен жазған дәстаны.

Бул Ўатан жолыдур-муқаддес, уллы,
Бул сөзди айтпаңыз тилдиң ушында.
Шын перзент өзине жүк артып сырлы,
Мудам журтым дейди тынбай ишинде.

…Ол болса ҳәр қәдем өзгелер сөзин,
«Әдалатшыл болып айтады тәкирар,
Бояўға урынар халықтың жүзин,
Билемиз артында қандай адам бар.

Ийнинен уллылық тонын шеше алмас,
Бир өмир елиниң ғамын жегенлер.
Мың ыңыранып әдил сөзди табалмас,
Мақтаўдың өнерин ийелегенлер.

Аңладым, бул дүнья ҳикмет ҳәм илим,
Жоллары гә тегис, гәде тикжарлық.
Кәрўан кетеберер өз жолында, жым,
Ийтлердиң үриўи емес жаңалық…

Бул қутлы жол сырын билмессең еле,
Сезбессең барыңды яки жоғыңды.
Жүрсең биреўлер өткен сүрдеўде,
Умытып кеўилди, азатлық жырды.

Сен жүрген жол болса-сарсықлы бир түс,
Тәғдириң жазылған өзге қолларда.
Енди қашанғаша болып ала қус,
Адасып жасайсаң өзге жолларда?!

Қой, жетер, кеўилдиң туйғыларын аш,
Оян енди оян, ояныў–азап.
Руўҳыңды талдырған намалардан қаш,
Сен жоллар ишинде өз жолыңды тап!

Ғайратың жолыңа бергей жақты нур,
Жаса сен Еркинлик,  тынышлық жақта.
Бул жолдың соңында уллы Бахыт тур,
Бул жолдың соңында жетесең Даңққа!

* * *

Жүзлериңе түспей турып дақ,
Үзилместен гүл жапырағың,
Гүңгиртлеспей сен жаққан шырақ,
Бузылмастан кеўилим, бурын,
Қушағынды ашыпсаң кеңнен,
Кетпей турып,  баўрыңа бир бас.

Бул дүньяда бәршеси сырлы,
Өмир болса қылады исин,
Сынаўлар бар түрлиден-түрли,
Қыялымнан кетер қайғы-ғам,
Бүгин және ойлар келди жәм.
Ғайрат алар қуўатым, күшим,

Кеўил ояў, талпынар қусым,
Ерте мәдет бере алар ким,
Қәлбим бунша бийтақат болар,
Гүл ҳәселсең, гүл жүзлисең шын,
Қушағыңа бир бас, ҳасылым.

* * *

Жалынып көрди ол, жалынды рас,
Жүреги зырқырап, батты да терге,
Көзине телмирип, тигилди бираз,
Илажын таппады,
Барсын қай жерге?

Қыйналып, тамшылап шығар көз жасы,
Зар қақсап, телмирер келер деп мийрим,
Тек бир қараса еди, аўырып басы,
Ада етер еди азаптың бәрин.

Қәлбинде өнген гүл әптап қәледи,
Жапырақ жайыўға излейди  мәдет,
Бийгана әлемди нәзерде көрди,
Сүймекти аңсады ол бийшара, тек.

Сәңкийген сен өмир, сыйқырың дым зор,
Ҳәр жанға саласаң сеўги деген шоқ,
Исенбей турсаң да әсте бағып көр,
Еки жан жанбаса, жалыны да жоқ.

## БАЯН

Жеккеликтен кешип ҳәр күн, ҳәр кеше,
Тәғдир соқпағында адастым, нешше,
Бирақ, шақырады мени ҳәмийше,
Ышқының қулағыма сыбырлаўлары.

Ҳижран самалынан бахыт үйи қулар,
Зар кеўлиме зарлық үнлерин жалғар,
Итимал, таўсылмас бахытты аңсар,
Ышқының кеўлиме сыбырлағаны.

Көздиң иси жоқтай тамшы, ләм менен,
Мудам үлпет болдық отлы дем менен,
Өмирим-гә сапа, гә нала менен,
Ышқының қулағыма сыбырлаўлары.

Итимал, көзимди жаслап бергей деп,
Жанымды қатырып, таслап бергей деп,
Бәлким, жаңа өмир баслап бергей деп,
Ышқының кеўлиме сыбырлағаны.

Түннен сәҳәр таман кеткеймиз бирге,
Сәўбет, пал мәўритке жеткеймиз бирге,
Шадлық қосықларын жазайық бирге,
Ышқының кеўлиме сыбырлағаны.

Жақтылы шашларын тарар көкте ай,
Нурға шомылады мәс болған бул сай,
Бул жақты әлемде жыйналған шырай,
Ышқының кеўлиме сыбырлағаны.

Бизлерди байласын мәңги муҳаббат,
Ҳижран жанға қайтып жолламасын хат,
Бул жыр питпегей-дә мәңгиге жасап,
Ышқының кеўлиме сыбырлағаны.

* * *

Жылыта алмас кеўлимди бул дем,
Алагеўгим бағлар мызғыған,
Қәне енди бул ҳалға көнсем,
Ойласам, ол езгени-езген.

Тынышлықты жутып уйқылар түн,
Жапырақлар кеткен уйқыға,
Сығалайды телмирип бүгин,
Көкте бир ай, жерде мен ғана.

Тәғдирине көнер дат салмай,
Дәў тереклер қалтырар бәри,
Мен бул бағқа усадым, сондай,
Бул жалғызлық емеспе мәңги.

Жетип келиўди айт, сонша қыйынба,
Яки бир наинсап жолдан урдыма?,
Сендеги садықлық өзи тайынба,
Гүманлар илесип, бирге болды ма?

Асықпасаң, пурсат турмайды қарап,
Ҳә, демей қуяш та қалады батып,
Соң қайда бараман мен сени сорап,
Қорқаман, коймайын сени жоғалтып...

* * *

Дирилдим бар, өтер қағазға,
Көз жасымнан ҳөлленбес ҳәтте,
Бул ҳалымды сезбейди өзге,
Бар кеўилим жанар ғәплетте.

Туйғыларым ағар ерте-кеш,
Аппақ қағаз алар баўырлап,
Қаяқларда жүрер сүйиниш,
Мени ойлар ишине таслап,

Қанат қағып кетсем мен ушып,
Бултларды қалдырып пәсте,
Әрманлаған жулдызды қушып,
Жанда барын айтсам бир мәрте.

Несип етсе жағымлы демлер,
Бәлким имкан берер мийрими,
Мен излеген гүллер меҳрибан,
Бой көрсетсе еди бир күни...

Қуўанышым жасқа шомылып,
Шор дәм жетсе уўлап ләбимди,
Өткен күнге сәл-пәл бурылып,
Мақтар едим дәртли қәлбимди.

Айтар едим жалғанға, жоққа,
Сирә-сирә көнбегенимди,
Өзин урып, отларға шоққа,
Ерким сирә сынбағанымды.

Айтар едим және бир гәпти,
Шоқлы сеўги отқа салғанын,
Үмит берген бир пурсат шадлы,
Қушағында жаным қалғанын...

Соннан берли болдым интизар,
Ертели кеш ядымда тилек,
Сол гезлесиў бир күни болар,
Өмир алдамаса болар деп...

* * *

Қыялымды тарта берме ай,
Тамағыма тығылар дәртим,
Жаўырыныма шашларыңды жай,
Өткен күнлер есимде қалсын.

Баратырсаң жолыңда аман,
Гәҳи азып, гәҳи толғансаң,
Ушырасыўлар ҳәммеси аян,
Жалғыз өзиң гүўа болғансаң.

Шуғлаларың бизди аймалап,
Бағышлады сыйқырлы нәпес,
Тоймағанбыз жүзиңе қарап,
Ақшамыңа болғанбыз ҳәўес.

Бүгин болса турыпсаң жекке,
Сениң киби әлемде жалғыз,
Мен күткен таң атқанша тек те,
Дәртлеримди бөлис, айым қыз.

Кел екеўмиз ҳәўес еткендей,
Саадатлы қыял сүрейик,
Ҳәсиретли түнди елемей,
Нурлы күннен сәўбетлеселик.

Кеўлимизде улғаяр тилек,
Пайызлы кеш сыйлар гүлзарын,
Сениң менен шадлансын жүрек,
Сениң менен жай тапсын жаным.

## ЎАТАН СҮЎРЕТИ

Таң ҳаслында нурдың елшиси,
Перилерин жеткерер азан.
Енип келер аспанның қызы,
Ышқы салып жүреклерге ҳәм.

Аппақ нурдан тилеклер дөреп,
Өмиримизге берер мәртебе,
Нур бар жерде әтиргүл гүллеп,
Инсан нурды қуяр өзине.

Еркелетер хәр сәҳәр мени,
Жарық, парлақ нийетлер менен,
Сол нурларда көремен сени,
Өзиң ҳасыл зиясаң, Ўатан!

Таўға бағқа, келсе адасып,
Жасарыўдан сөйлер және сөз,
Жар, қырлардан, сайлардан асып,
Көклем көркин етеди көз-көз,

Кең әлемге еткендей саўға,
Етегимнен төгилер гүллер,
Гөззаллыққа болғандай гүўа,
Шадлы нама сайрар бүлбүллер.

Жасарады әлем ерте-кеш,
Оңы-солың жайнар гүл, бағдан,
Усы бәҳәр мақтанбасын ҳеш,
Сен оннан да гөззалсаң Ўатан!

Тәрийп жоқ жан дәўранларына,
Кеўил жасар, татлы ҳаўада,
Шадлы күнлер қосықларына,
Қосылады йошлы дәрья да.

Сондай гөззал, еркин заманда,
Саған ҳәўес етер усы күн,
Тасып айтар, Сайҳун бир жақта,
Бир таманда пысқырар Жайҳун.

Қәне алға, тасабер күшке,
Аспанды қуш, Қус жолы таман.
Қанша-қанша дәрья ишинде,
Сен ең тасқын дәрьясаң Ўатан!

Алаплардың гөззал дийдары,
Жүрегиме нағышланғанда,
Келип урса татлы ҳаўасы,
Аспан көзге жақынласқанда.

Шийрин, татлы арзыўлар менен,
Сүўретиңе бағаман тикке,
Тәнҳа қалып туйғылар менен,
Мақтанаман, қалғанда жекке.

Сеннен басқа барлығы жалған,
Өзгесин ҳеш алалмайман тән,
Билсең, көксим ишинде сайран,
Еткен бүлбүлгөясаң, Ўатан!

Сулыўланып барар ҳәр көше,
Аўылларым қала ақсарай,
Қуяш шығып бар нурын төсеп,
Ақшамлары ҳәўес етер ай.

Терезелер көксин ашар ҳәм,
Шүкир етип, нәпеси тояр,
Бийик үйлер пешанасына,
Ҳәтте жулдыз басларын қояр.

Кеўиллерге бағышлар ғайрат,
Қосық киби даңқлы жаңлайсаң,
Бийиклей бер көклерге тарап,
Өзиң уллы намасаң, Ўатан!

Мамалардың мәңги намасы,
Бабалардың ҳикмети сенсең,
Аталардың күшли дууўасы,
Пәк кеўиллер ғайраты сенсең,

Жигитлердиң қуўатына сай,
Қызлар қолындағы моншақсаң,
Әўладларға әдебий мийрас,
Жолларында жанған шырақсаң.

Бары-жоғым саған арналған,
Екеўимиз бир тәниў, бир жан,
Зор шыңларға қарай тигилген,
Көзимдеги мәнисең, Ўатан!

Берунийдиң басын сылаған,
Синаларға анасаң өзиң,
Ферғанийге ығбал тилеген,
Бухарийдей жалғызсаң өзиң,

Темур болып улғайған Туран,
Миллет ушын жаны күйген сен,
Көкти гезип Улуғбек пенен,
Жулдызларға исим қойған сен,

Наўайыдан ҳәм саза келер,
Төгиледи ғәззел жаныңа,
Бабур атта Ҳиндстан гезип,
Мақтар елдиң қаўынын аса.

Илим, дәрек айтар ҳәр сөзим,
Сен данасаң, сен биринши жан,
Алғыслаймыз, ҳаслында өзиң,
Әўлийесең, уллысаң Ўатан!

Жығылғанда қолымнан тутқан,
Атамдайсаң – Өзбекстаным!
Жолға қарап, интизар күткен,
Анамдайсаң – Өзбекстаным!

Қәсийетлисең, ҳей даңқлы топырақ,
Өтмиш гүўа, әййемги халықсаң,
Қолымдағы муқаддес байрақ,
Кеўлимдеги өшпес жалынсаң.

Тәрийпиңе сөз жетпес жазар,
Қысқа айтар теңеў жоқ саған,
Әлем ишинде әлемнен гөззал,
Дүнья ишинде дүньясаң Ўатан!

* * *

Самалым,
Сен келсең, бағым кең нәпес,
Көксимди қытықлар, ләззетли қуўат,
Жап-жасыл тәбият көзинде ҳәўес,
Руўхың табады теңсиз парасат.

Қушағың бийминнет ерте кеш демей,
Қушады, барлығы жағар жаныңа,
Билесең, сабырсыз мен де өзиңдей,
Бостан бос жасағым келмес сирә да.

Сенде бар сыяқлы қандай бир тирек,
Айланып жалғайсаң жипек қыялды,
Бул жерде есе бер, тартынбай гүўлеп,
Үмиттен таңларды алып кел тағы.

Қуўанған күнлерге өзиңсең гүўа,
Өрликти, ерликти сеннен тапқанман,
Кирпигим ләм болса көз жасым жуўа,
Артыңнан үмитли көзде баққанман.

Жыллар услатпастан баратыр өтип,
Епкини ушқыр қус, билесең самал,
Ертеңги күнлерден нени де күтип,
Кеўлиме түйгенмен бахытлы жамал.

Нурлы нийетлерге түспеген ғубар,
Желпиген қанатың, жағымлы дәри,
Бул – Ўатан бағынан басқасы бийкар,
Олсыз жасаў деген, жасаў биймәни.

Шүкир-аў ҳәр күни келесең қайтып,
Таңлардан кешлерге жеткизип хабар,
Бийгана журтларда жүрер-ем қаңғып,
Бул бағым жағымлы болмаса мәгар.

Тикенли гүллериң жан киби әзиз,
Қумай қанатында өзлик пәрўазы,
Баўырыңда – қуяш, ай, жақты жулдыз,
Көзиңде сақаўат, арзыўлар – жазы.

Жеткизиң сағынған жораларыма,
Сәлемим, қуўаныш, шадлығым қат-қат,
Бул бахытты бермеспен, билсин таўы да,
Ўатанға садықпан, өшпес муҳаббат.

Ҳей самал, айтып қой душпанларға да,
Хорлықтан, зорлықтан жаным тойған деп,
Қамтәме болмасын, жол жоқ оларға,
Шынжырлы зинданлар ўайран болған деп.

Бул – Ўатан бағым бар, басқасы бийкар...

* * *

Перзентлер үлкейип барар күн-күнге,
Кешеги кийими бүгин енди тар,
Қорған да жупыны емес кийинген,
Себеп сүйенгендей балалары бар.

Бири пәк жүрекли, қаракөз бири,
Бириниң сөзинде гүллер рәңбе-рең,
Мудам жақынлардың шешип тәшўишин,
Жүреги меҳирге, нурға бөленген.

Көз ашып көргени турады бәрҳа,
Ҳәўлиси бурынғы, бағы да сол бағ,
Бир мүйеште сандық, биринде арша,
Төрт дийўал ишинде ең әзиз ошақ.

Жанында әўмет те тәзимде турды,
Саадат *сылады муң түссе басын,
Кеўил дәлизине уясын қурды,
Пәк нийеттиң қутлы қарлығашлары.

Үмитли көзлерин тигип аспанға,
Бир мақсетке қарай жумсады күшин,
Атырып жасады түнлерди таңға,
Бирлесиў сабағын үйрениў – ушын.

Бул таўлар бирлессе – ең беккем қалқан,
Бул қуслар бирлессе – таўлардан асар,
Бул бағлар бирлессе – жаснайды жәҳән,
Булақлар бирлессе – дәрьялар тасар.

Кеўиллер бирлессе – тасады ығбал,
Келешек үмити нурға толады,
Перзентлер бирлессе – бул өмир гөззал,
Перзентлер бирлессе – Ўатан болады.

*Саадат – бахыт мәнисинде

* * *

Жүре берсең,
Жүре берсең,
Жүре берсең,
Бирер кимсе бузалмаса қыялыңды,
Таза ҳаўа симиргеннен тоя берсең,
Излеп-излеп шаршамасаң ығбалыңды.

Пәрўа қылмай дарақларға,самалларға,
Жапырақлар асығыс боялса да,
Жән-жағыңнан келип түскен саўалларға,
Жуўап излеп басыңды ҳеш қатырмасаң.

Үнсизликти ишке жутып адымласаң,
Шаўқымларды, толқынларды мисе тутпай,
Узын-қысқа күнлер бойы бир тынбасаң,
Жүрек қатты урып турса сирә тынбай.

Қарағанлар, аңлағанлар болсын соқыр,
Тилин тислеп лал болсын, тилден қалсын,
Бул әййемги дүньяда мен бир пақыр,
Ким алдаса жалатай көзден қалсын.

Кирпик қағып киятырған мәўритлердиң,
Гейде қатты, гейде жумсақ қолын тутсам,
Кеше жанып өшип қалған, шоқтың күлин,
Үрлеп жағып, жалын болып көкке шықсам.

Интизарлық, ынтықлықта умтылса жан,
Сыбырласа арзыў, үмит берсе – қанат,
Кете берсең, кете берсең нәрсе тынбай,
Өмир берсе, жүре берсең саў-саламат...

## ТАҢДА ОЯТАДЫ ТҮСИМДЕ ГҮМИС...

*Ақлығыма*

Тәртипли жайласқан есапсыз китап,
Олар дүньясына кирмепсең еле,
Қолыңа қол берип дос болсаң есап,
Саған бағышланған сабақлар, мине!

Нәзерде шырмалып отлы бир меҳир,
Қараңғы түнлерде жақты тапқандай,
Сени бийҳуш етер әжайып сыйқыр,
Кеўил көшесине әтир сепкендей.

Жүзиңди мүлайым сылаған киби,
Ушырасып қалар туңғыш муҳаббат,
Табасаң кимгедур айтар гәпиңди,
Сүйемен деп жазар пинҳамы бир хат.

Дарақлар уйқыламас ишкери кирсең,
Қыя ашылған гүл жымыяр, мәккар,
Таң атып, түн қашар, түсинип сезсең,
Жаманлық жанында жақсылық та бар.

Досыңды билесең пәк нийетинен,
Душпанлық ҳийлеси тордай жолыңа,
Сатқынлар пәнт берип, асса ҳәддинен,
Олар өзи түсер қазған орына.

Және де сүйесең ел батырларын,
Бойыңда жигериң кетеди тасып,
Ушыратып ҳәмелдардың ақ шатырларын,
Сумлардың жанына қоясаң қосып.

Ҳеш алыс тутпайсаң садықлығыңды,
Бабалар, мамалар тилге киргенде,
Сезбей де қаласаң өткен ўақтыңды,
Қыяллап, жүзбе-жүз сәўбетлескенде.

Сыбырлар бир шетте және әллеким,
Гей биреў жылайды бахтынан жанып,
Тыңлайсаң оларды ҳайран қалып, жым,
Қуўаныш – қайғыңды кеўлиңе алып.

Және де сүйесең журт шайырларын,
Қәлбиң аспанынан айдап бултты,
Басыңа көтерип, сергеклик жырын,
Қәстерлеп қорғайсаң бийғәрез журтты.

Қарасаң, ҳәзирети Нажимаддин Қубра,
Миллет абырайы – байрақ тутқан қол...
Иймандьі сорайды әсирлер арыда,
Барыңды бересең бе, Ўатанға пүткил?

Қаның көпиреди – бул сырлы күштен,
Иләҳий бир қудирет тәниңе бағыш,
Жымыйып жаныңнан өтер бахытлы,
Дәстанда Гүлпаршын менен Алпамыс...

Руўхыңа уялар мәртлер саўлаты,
Өлмес муҳаббаты, меҳирге садық,
Бул ески дүньяның әдебияты,
Әлеминде шек жоқ, аймағы жазық.

Кеўлиңди езеди сорлы шаҳ Эдип,
Сен тәғдир ҳүкимине ийесең басты,
Гә Шийрин жолында бир Фарҳад болып,
Айралық таўында тесесең тасты.

Отелло бозлайды, ким деп  гүнәкар,
Күтеди жеңиссиз намыс саўашы,
Кейин бас шайқайсаң түсинбей зинҳар,
Инсан тәбияты мың түр, мың сырлы.

Бул сондай қупыя, жол ақыр соңы,
Оннан шетте қалмас, ҳәтте көрген түс,
Өзиңди көресең Атабек теңи,
Таңда оятады түсиңде Гүмис...

## ЖЫЛАМА, МУҲАББАТ...

Тосаттан көрип қалдым,
Көзиңдеги жасыңды,
Онда қалтырап турды,
Үмит толы, муң нала.

Кеўилиме тутас сыр,
Сыйқырлы көз қарасың,
Сағынаман мен еле,
Сол баяғы...
Боз бала...

Кирпигиңе илинген,
Ол мениң кишкене жаным,
Ынтық кеўил үзилмей,
Ҳәр мәўритте тилегим,
Ески дүнья ишинде,
Тутасқан кең-жәҳәним,
Кеўил дәртин айта алмай,
Сақлап келген бәҳәрим.

Ол соншелли сап, таза,
Зәрре гирт жоқ, ғубар жоқ,
Таңда мөлдир шық киби,
Ҳәтте нур ләб баспаған,
Туңғыш муҳаббат берген шоқ,
Сап туйғы толы қәлби.
Еле де оның жасы,
Он алтыдан аспаған...

Еле де гезер бәҳәр,
Жан әтирапқа шашар гүл,
Өмиримиз китабына,
Мөрин басар бахыт бул,
Қәлбиң тек те меники,
Сеники тек те кеўил,
Бул не абырай, не ҳүрмет,
Бул не бахыт, не әўмет.

Ҳей муҳаббат,
Сен барсаң,
Мисли ярсаң, дилбарсаң,
Сен түнде танысарым,
Сәҳәрде табысарым,
Қандай татлы сарсаңсаң,
Қандай шийрин ҳазарсаң,
Күлсем, сен – күйеримсең,
Жансам, жалын сүйеримсең.

Сенсиз, менсиз өткен күн,
Ғәрип, өтер әптада,
Теңиң жоқ ҳеш нетермен,
Сенсиз дәўран – дәўран ба?
Өмир желип баратыр,
Гә жаяў, гә аттадур,
Соңғы нәпес тез келер,
Екеўимиз ушын да.

Отлы нәзериң сениң,
Тарар әлемди бойлап,
Нөсерлерде жайылып,
Жилўа әйлер айқулақ.
Жаның жанға байланған,
Үзилмес кең шеңбердей,
Еки қустай екеўимиз,
Умтыламыз биз теңдей.

Қалай өтер бул ақшам,
Қашан жолға шығар таң?
Не күтеди алдында,
Болмаспа екен күн жаман?

Жүректиң ҳәр соғыўы,
«Сеўги» қағар дабылын,
О, өмир айтшы және,
Бизге барма сынаўың?

Бозлап-бозлап күткеним,
Излеп-излеп тапқаным,
Сенсең ҳей, сүйиклим мениң,
Өмирим мәңги абат...

Туңғыш бахыт, сол нәзер,
Туңғыш үмит, туңғыш даңқ,
Муҳаббатым, өксиме,
Жылама сен Муҳаббат!

## АЎЫЛДА БИР КҮН...

Қас қарайды... Пада да қайтты,
Шаң толтырар тыныш көшени,
Дәрўазалар ашылған пайты,
Дым пайызлы мәҳәл соншелли.

Гейде жортып, гейде шапқылар,
Сыйыр келер сүт толы желин,
Бузаў емип, ийдирип алар,
Саўа баслар он күнлик келин.

Ақ бармақтың тилсими бардай,
Ақ  шелекке толар ағарған.
Ақ келиншек майысып талдай,
Усы үйде  гүлдей  доланған.

Әйўан бойлап шырақлар жанар,
Көкте бүгин жанар толған ай,
Жас келиншек иштен қуўанар,
Қушағына алар шийрин ой.

Жымыяды аспанға қарап,
Әсте ғана қояр гүрсинип,
Әлле нени сыбырлап, сорап,
Тилек тилер, басы ийилип.

Дуўаларға көнигип сонда,
Кеңейеди әрман аймағы,
Узақ түнде, ана қарнында,
Үлкейеди жаңа әўлады...

## ЖОҚЛАЎ

Дала-қырдың аўҳалын ай, қуяш сорап турар,
Аспан пәлек оны ҳәр күн бақлап көрип турар,
Көргилик түссе басқа гә жамғыр, гә қар болып,
Самал пәнжеси менен бирме-бир гүреп турар.

Қус жат жерде  өскен журтын әрман менен жоқлайды,
Таў-теңиз мың жыллық дәўран менен жоқлайды,
Бәҳәр жайнатып ҳәр жыл ҳалынан хабар алар,
Гүз болса бағларын қазан урса жоқлайды.

Тәшўиш бар – кеўилди үмитке орап турар,
Бахытта шеттен бaққанда бийпәрўа қарап турар,
Дийдар ушын жол ашар, сағыныш бар кеўилде,
Меҳир муҳаббат шашын сулыўлап тарап турар.

Дуўалар жақсылықтың нәпеслерин төгип турар,
Жүрек жүректи сорап, дүкилдеп соғып турар,
Сөз бар екен әлемде, еркинлик жасар мудам,
Ҳақ – берген сөзи менен шайырды сорап турар.

Жаныма түскенде сағыныштың бир ушқыны,
Болсам егер де онда естеликлер тутқыны,
Айт аман өтермисең жыллардың асыўынан,
Сен-ше, мени әзизим жоқлармысаң бир күни?

Бес күнлик бул дүньяда, излеп турман ўаҳ, кимди,
Биле алмадым ашығы, таппадым сол кисини.
Мени изледи тәғдир, мени жоқлады дүнья,
Мен де жасап жүриппен жоқлаў менен өмиримди.

* * *

Геўгим, намазшамнан соң,
Басқыншы – қараңғылық,
Көзден панаға алар,
Қанша жыртық жамаўды,
Бул да ақыры өмирде,
Бар болған бир көргилик,
Көк ишинде бултлар,
Сыр тутқандай шақмақты,
Кеше тутқын, көксине
Жулдызлары қадалған
Я әйнексиз, я жолсыз,
Төрт таманы тең мәкан,
Бул әжайып соныңдай,
Шексизлик деп аталған,

Бар әлемди уўыслап,
Уйқы келмейди саған,
Кеўлиңди бийлеп алар,
Үнсиз ләшкери демде,
Үмит жоқтай туйылар,
Ҳәтте үнсиз аспан-жер,
Нәзериңниң артында,
Мыйық тартқан күлкиң бар,
Саған ҳеш ким қол бермес,
Жәрдем бермес жигитлер,
Жүйрик самалды, түнди,
Жүрме ҳасла қаралап,
Жүрегиңди өкситпе,
Көзлериңе алма жас,
Күткил, жақын арада,
Зулмет көксин айырып,
Көтерип нур байрағын,
Келер музаппар*Қуяш.
Музаппар*–жеңимпаз

* * *

Кеўлиме,
Сыймайды қол,
Зирилдеп, пана табалмас,
Күн көристиң жүги зил,
Тәшўишлер балта урса...

Кеўлим,
Жамғыр, қар көрдиң,
Тиллерден болды аян,

Көрдиң бүкпей, тик турдың,
Дәртлер келсе де мың сан.
Кеўлим,
Тасқан сай – өмир,
Ағып атыр, сарқырап,
Мийтиндей сабыр-тақат,
Мени жүрипти қоллап.

Кеўлим,
Ҳаплығып, бозлап,
Биреўге бермейсең сыр,
Көз жасым мәдет аңсап,
Мөлдиреп тамып атыр...
Кеўлим,
Гә шаҳ, гә гәда *,
Нетейин, сен сондайсаң,
Қуўансам тынбас нама,
Гә түнсең, гә күндейсең.

Кеўлим,
Өмирим ҳәкими,
Тоймас арзыў-азаптан,
Гейде налыр, гейде жым,
Мен сол Өткир Раҳматпан.

гәда *– гедей

**Жуманияз ӨТЕНИЯЗОВтың**
**аўдармасы.**

## КӘРЎАН КӨШИП БАРАР

Ана Ўатанымда аппақ таң атты,
Дүньяны жайнатты нурлар жилўасы.
Кәрўан жүрип барар гөзлеп узақты,
Жақсылық, еркинлик мақсети баслы.

Жаңа емес, бай өтмишли бул кәрўан,
Не-не дәўранлардың болған гүўасы.
Ҳәр қәдем мәнзилге жеткерер имкан,
Серли бақлап барар мәрт кәрўанбасы.

Алыстан шарлайды бийик шоққылар,
Нураный таўлары саўлатлы, көркем.
Оятып жанларды исеним тоқ қылар,
Мақтаныш сезими бийлейди бул дем.

Гөзлегени нурлы, жаңа мәнзиллер,
Алдында күтеди жоллар бир талай.
Өзликтен ержетип бүгин кеўиллер,
Бирлеседи ортақ мақсетке қарай.

Мәңгилик ғәзийне шынында Ўатан,
Гиялар гүллеткен журт топырағы.
Мәнзилге жетемиз қашан болса ҳәм,
Деп жаңлар кәрўанның қоңыраўлары.

Мийнетин шекпестен табылмас рәҳәт,
Биреўлер қоялмас нийетке шеклеў.
Бул ана диярға опа, муҳаббат,
Болмаған ҳеш кимде перзентлериңдей.

Жаўлар бир жерлерде жаман көз тигер,
Бәлким, тәшўишлерге толы жолымыз.
Тырнақтың астынан кимдур кир излер,
Бәлент келер бирақ бизиң  қолымыз.

Бул бахыт әрманы ата-бабамның,
Сақлайық апат, ғам, жамғыр ҳәм қардан.
Ҳеш ким тоқтаталмас уллы кәрўанды,
Аман алып өтсек қарақшылардан.

Ҳеш қашан бермегей өзгеге сөзин,
Ҳеш қашан шөкпегей өзгелерге диз.
Қуўатлап дәўирдиң уллы ҳаўазын,
Гөззал ҳаўаз болып жасағаймыз биз.

Шегингей гүмансыз машақат, мийнет,
Түнлерди жақтыртсақ нурлы таң болып.
Бахытлы күнлерге жеткерер нийет,
Бәршемиз бир дене ҳәм бир жан болып.

Шығамыз мәртебе аталмыш тахтқа,
Өксимес қәлбимиз, сынбас сөзимиз.
Бул кәрўан елимди жеткерер бахытқа,
Бул Ўатан – бизиң еркин ҳаўазымыз.

…Кәрўан болса жүрип барар тоқтамай,
Исеним, садықлық муҳаббатқа яр.
Тынышлықта табар жанларымыз жай,
Себеби, жәҳәнде өз ҳаўазымыз бар.

Бул миллет ығбалы толған зияға,
Жол анық, ел тыныш, басшысы әдил.
Қолын жайып мудам пәтияға,
Әсирлер тилейди кәрўанға ҳақ жол!

## ИСЕНИМ

Тек жақсы дос барар достың атынан,
Оны қорғаў ушын белин бууўынып.
Керек десе кешер ҳәтте жанынан,
Нийети – жақсылық, жолы – туўрылық.

Опа қатнасықты бузбаған ҳәргиз,
Ақыбет жасайды дурысын айтып.
Бул ақыры ҳүждан мойнындағы парыз,
Ертеңги үмитлер болмайды умыт.

Муң-шадлықты ўақыт желкеге артып,
Қармақларын таслап өтеди аўлап.
Бар қанша кеўли пәк,қанша айыплылар,
Ким қоллап жүреди, ким мойын таўлап.

Жаманлық, нәкәслик тийгизер зыян,
Инсан тәғдирине салар қара из.
Гүресиў кереклиги әзелден аян,
Бул өмир бар екен, таўсылмас урыс.

Дүнья тербеледи әсте, салмақлы,
Отлар өре жанар қайсыдур жерде.
Налышлар излер жубаныш алмақты,
Аналар жылайды дәрти ишинде.

Гә реҳим қоллары созылар шеттен,
Мәдети күткендей жетерли емес.
Ийеси болмаған ҳәр қандай журттан,
Бийғубар гүллердиң жупары келмес.

Ҳәр күни не кешер бул кең әлемде,
Бәрине де гүўа болар Ана жер.
Сөйлесе таўсылмас таңғаша ҳәтте,
Тамамланбас ғамлар, аўыр ҳәсиретлер.

Бәлким, олар да арзыў менен жасар,
Бәлким, өртейди жүрегин әрман.
Бәлким, қәтержам күнлерди аңсар,
Жол излеп ҳәлек болар төрт таман.

Жанажан Ўатаным, бахтым, ығбалым,
Киндик қаным тамған муқаддес топырақ.
Илҳам, қуўанышым – нурлы таңларың,
Басымда еркинлик сыйлаған байрақ.

Бийпаян кеңликлер төселип жатар,
Мийўели бағлары гүллеген шәмен.
Көксимде мақтаныштан от лаўлар,
Перзент екенимнен жайнап кетемен.

Күн бойы қуяш та меҳир төсейди,
Түнлерде шығалмас қумарынан ай.
Бабам арзыў еткен жолға мегзейди,
Бейиший гөззаллық таратқан ширай.

Аспанға көрик берип шарлап турады,
Шашылған моншақлардай жулдызлары.
Дүнья лал болып сүйсинип бағады,
Ашық етип бийик минаралары.

Аўыл, қалалардың айдай жамалы,
Кеўилге бағышлар шадлық бир әлем.
Ғәрезсизлик, еркинликтиң тымсалы,
Бағларды гезсеңиз болады мәлим.

Зәбердес халқымның күш-қүдирети бул,
Нийетлеп қойылған ҳәр гербиш беккем.
Жүректен исленген ҳадал мийнет бул,
Келбети соныңдай уллы ҳәм көркем.

Аңсат болмаған ҳеш бул күнге жетпек,
Не-не боран, даўыл есип үлгерди.
Қара бултлар ҳәм тынымсыз шақмақ,
Басымыз үстинде айлана берди.

Нийет қалыс еди,
Мәнзил - Өзликдур,
Оянған жүреклер толқыр теңиздей,
Бирлескен елимиз жалғыз сөзликдур,
Дүньяға басқаша бақты көз үзбей.

Сондай күнлер келди гөззал, гүлистан,
Тынды налышы да өкиништиң, зардың.
Алға қозғалады бул уллы кәрўан,
Хызмети салмақлы заманласлардың.

Кеўлимиз, руўхымыз, ой, санамызды,
Қойғандур бул тәғдир нелерди гизнеп.
Ҳеш ким сөндире алмас қәлб шамымызды,
Жолымыздан алға барамыз биз де.

Бунда тилеклер де бийбаҳа балзам,
Бунда нийетлер де жақсылыққа яр.
Ҳәр нәпес кеўилге жәмленген Ўатан,
Жанымызда арқа сүйеўшимиз бар.

Биз оған ҳәмийше болсақ қолқанат,
Қолласақ дос киби садық ҳәм татыў.
Ҳасла талықпайды, бар бойда қуўат,
Халықтың өзи оған исенимли ўәкил!

## ҚОЛЛАҢ СИЗ ДЕ, КЕЎЛИ ҚУЯШЛЫЛАРДЫ

Дүньяны бақласам егер лал қалып,
Көремен, ким мәнзил, ким жол таласар.
Кимниң кеўли зимистанға айланып,
Кимниң қәлби жүреклерге нур үлесер.

Ҳайран қалдық, даңқ таратқан не затлар да,
Даналар да қойып алған өзинше ат.
Өшип кетер тарийхлардан зор атлар да,
Сен нур тәрепке қәдемиңди ат.

Бул әлемди нурға бөлеп, айдын еткен,
Кеўилинен нур таратқан қуяшлар бар.
Ким талпынса мақсетине бир күн жеткен,
Бабаларға мүнәсип әўладлар бар.

Қоллаң сиз де кеўли қуяш тутқанларды,
Онда сан мыңлаған арзыўлар жәмленген.
Қоллаң сиз де сизден мәдет күткенлерди,
Жақсылықтан бул дүньяда болмайсыз кем.

Имкан таўып бир нәзер тасласаңыз,
Шоқ түскендей денеңиз дирилдеп кетер.
Сүйип оны меҳир тәреп басласаңыз,
Қәлби парлап турған нур сый етер.

Бир қараңыз ушқын шашқан көзлерине,
Жулдыз киби жайнап кетер үмитлери.
Соң бағыңыз бир дем ысық жүзлерине,
Келбетинде гүзетесиз уллылықты.

Инсан қәлби мысалы бир космос екен,
Сырлы дүнья киби жуўмағы жоқ.
Қарсыңызда турғаны тилсим билсең,
Оқылмаған бетлериниң санағы жоқ.

Енди ғана бул жас қәлбте атпақта таң,
Қуяштың парлаўына руқсат бериң.
Гирбиңсиз таза кеўил жол тапқан соң,
Қуяш болып жайнағанын сонда көриң.

Көриң онда не арзыўлар ныш урмақта,
Не қыяллар жетилмекте бахыт, әўметтен.
Нийетлери жанда үмит оятпақта,
Әмеллери муҳаббаттан, қүдиреттен.

Қолларынан тутсаңыз нурға баслап,
Ҳәм айтсаңыз шын кеўилден бир шийрин сөз.
Бәлким сонда мың-мыңлаған ай-қуяшлар,
Жолыңызға ынтық болып тигеди көз.

Қолларынан үмит туўын тартып алмаң,
Бойындағы арзыўлары сынбас болсын.
Ҳеш қашан да жүрегине сая салмаң,
Қәлбиндеги қуяш ҳәргиз сөнбес болсын!

* * *

Доланады сеп жайған көклем,
Лалаларда толғаныс әлўан.
Бинафшада бир сыйқыр көрсем,
Жол қараған гүллерде ҳижран.

Нарт талларды тутқан жапырақ,
Гүзетеди ескен самалды.
Майсаларды көтерген топырақ,
Көз-көз етер жасыл дүньяны.

Таўлар мудам бәлент, саўлатлы,
Қуяш тәреп тутар желкени.
Күн де әсте батып барады,
Алып келиў ушын ертеңди.

* * *

Таң!
Бүгин жолымды бер,
Болайын қәтержам.
Еле гирбиңи жоқ ҳаўа азада,
Әлемниң ишинде мен адаспасам,
Гөзлеген мәнзилге жетип бараман.

Жоллар ойлы-бәлент,
Зерикпес өмир.
Бәлким мен өтермен қыйналып еплеп.
Жасаў аңсат емес билсек бәрибир,
Мәўритлер сыясы әлўан, рәң-бәрең.

Узақ-узақлардан бой созып таўлар,
Қуяш нурларын ынтық күткен пайыт.
Өтип кетпесин деп бийғубар шақлар,
Бараман тоқтамай қосықлар айтып.

Тек те сен кеўлимди көтерип жүргил,
Артымнан тигилип қалсын ҳәтте шаң.
Сағыныш, меҳирди күсейди кеўил,
Мәнзилге жетер ме, билмедим қашан?

* * *

Бәҳәр адасып кетти бағ аралап жүргеннен,
Жолға қарап-қарап майсалар да сарғайды.
Жаўзаны сәуирден соң ерксиз көргеннен,
Жапырақ ширайы өзгергенге уқсайды.

Ескен самалдың нәпеси еле мамық,
Шуғырласқан қуслардың ҳаўазы бунда ҳөктем.
Таң атып, күн батып күнлер өткен сайын,
Бастан кеширгенин әтирап айталмас екен.

О саратан, ыссы қушағын ашқан күйинде,
Күтер еди баўырына дүньяны қушыў ушын.
Әзелден усылайынша шыдап берген бәрине,
Кең дала, қыр, жайлаўлар бағыш еткен барын пүтин.

Турмыс тәризи сол екен, жылўаланып ҳәсетте,
Күн келип сүнбилеге бар байлығы жүзлесер.
Өмир гейде пияда, гейде жүйрик атта,
Ҳәр қәдемде гүл-шешек, запыран менен сөйлесер.

Кеўлимде жыр жаңлар мудам бийтақат,
Сайлар қосығы киби шоқ, шадықоррам.
Бәҳәрди күткен жанның ийесидур муҳаббат,
Бәҳәрди күткен дүнья гүлге толар бийгүман.

## АҚЛЫҒЫМА

Оянсаңшы,
        Таң атты ақыры,
Әлем нурға қарысып кетти.
Ўақыттың ҳеш дизгини жоқдур,
Дым асығыс шапқылап өтти.

Көзди ашып жумғанша бир дем,
Гүллер ашар бир сәтте ғумша.
Самал шаўып жүрипти еркин,
Қуяш меҳри сиңеди қумға.

Қыйғырықлар далада гезер,
Қулақларың еситти ме айт?
Еске алғыл, кимлердур күтер,
Қоңсы үйде сағынып сол пайыт.

Асханада тап ерте таңнан,
Анажаның жайған дастурқан.
Сени сүйип, әлпешлер жандай,
Кеўли дәрья анаң меҳрибан.

Таўдай мениң сүйенишим деп,
Үмит етип келешегинен.
Бахыт-ығбалым,қуўанышым деп,
Ойлар әзиз әкежаныңыз.

Еснемегил, бол енди сергек,
Көзлеринди ашқыл қаттырақ.
Мүлгигенди аласлап жибер,
Бийпәрўалықтан бол алысырақ.

Әне, бағар босаға атлап,
Жарықлықтың нурлы көзлери.
Жаңа бир күн турыпты жоқлап,
Иш-ишинде айтар сөзлери...

Қәне турғыл, бет бурғыл оған,
Бергил нурын шашқан күнге қол.
Кеўлинди аш ынтық дүньяға,
Жайнап турған таңлар менен бол.

Ой жуўыртпай қалып ғәплетте,
Қанша демди желге суўырдың.
Уқсаң өткен ҳәр бир пурсатта,
Неге өзиңди бир шетке урдың?

Сен еле де ғәплетти қушып,
Уйқысырадың уллы жыйында.
Тәшўишлерден азғана қорқып,
Оян ҳәм де алға қыймылда.

Билгил өтип бармақта өмир,
Дүнья – тынышсыз шайқалған теңиз.
Не болады инсан тәғдири,
Сен де егер жумып жатсаң көз?!

Бәлким, бир күн теңсиз адамзат,
Билип-билмей базда алжасар.
Ким кимнендур күтер муҳаббат,
Кимдур дозақ есигин ашар.

От, жалын жайлаған жән-жақты,
Садалығын аңсар бөбеклер.
Нәлетлейди пүткил жәҳәнди,
«Тынышлығыңнан бар ма дереклер?!»

Бул барыста жеримиз Ана,
Өз жолынан кешип кетпес пе?
Шексиз усы планетамызда,
Инсан изи өшип кетпес пе?

Қылмысларын асырар беттер,
Күннен-күнге қутсыз Ана жер.
Сен ғәплеттен кешпесең егер,
Күн келгенде саған ол не дер?

Мен соншелли азаплар шектим,
Бул исимнен бәлким, пайда жоқ.
Жүрегиме ерктен гүл ектим,
Тула бойды жандырды бир шоқ.

Не себепли бунша бийғамсаң,
Уйқыдасаң еле биймәлел.
Бийпәрўалыққа неге қулсаң,
Әттең, әттең, бул өмир обал.

Еле ўақыт бар, жөнлеў мүмкин,
Еле имкан болмады тамам.
Дүзеў керек қәтелессе ким,
Налышларым жетти ме саған…

Сениң ертеңинди ойлаған,
Жаңғырығы күшли наладур.
Бахыт-ығбал инам еткен таң,
Шын кеўилден шыққан ҳаўаз бул.

Әсирлерди аралап келген,
Арзыў-үмит сөзлеридур ол.
Бабаларым әрманы болған,
Қанша жыллық бозлаўыдур ол.

Азатлыққа, еркке жүз тутпақ,
Билсең егер кешпеди аңсат.
Мүмкин емес ҳеш те умытпақ,
Қанша-қанша пидә болған жан...

Бул күнлердиң қәдири бийбаҳа,
Ертемиздиң  жарық ай күни.
Ўатан жасар кеўилханаңда,
Урып турған жүрегиң киби.

Тек те оян ғәплетте қалмай,
Пурсат өтип болмасынан кеш.
Тәшўишлерди жеңип өт талмай,
Әрманлардың түйинлерин шеш.

Еле қанша уйқылағанлар бар,
Оларды да ояткыл бир-бир.
Ҳәр кеўилде оянсын бәҳәр,
Соны қәлер бүгинги дәўир!

Сен бе, мен бе, ойлап көрши бир,
Пидә болып оянбас екен,
Бизди қалай сыйлайды тәғдир,
Бизди қалай ақлайды Ўатан?!

Оянсаңшы!
Оянды дүнья,
Әллеқашан көз ашты әлем.
Бос қалады уйқыдағылар,
Бул өмирге ынтықлықтан ҳәм.

Ғам жүзинен тартылып перде,
Артыңыздан қыйғырар бир жан.
Исенбегил жалған, түслерге,
Оян, оян, уйқылама, оян!
Оянсаңшы!
Таң атты ақыр...

* * *

Қуяш жалын шашар... Мисли көк жанар,
Саратан қойнында тандырдың жели.
Ғаўаша гүл ашып көзи қуўанар,
Несип етсе болар қырманның жылы.

Август еле узақта,
Күтпекте дала,
Көркейиў әрманы етер бийтақат.
Қайнаған ыссыға толы бул демлер,
Заўық бағышлайди тек те пахтаға.

Қуслар саяларға өзлерин урған,
Дарақлар ҳалықлар қатты ыссыдан.
Таң сәҳәр далада желип-жуўырған,
Самалдың шоқлығы ҳәтте тыншыған.

Бир уўыс суўға зар жүзлери солғын,
Узақтан тигилип бағар Ана жер.
Кимлердиң есинен ол шығып қалған,
Әрман,өкиништен иш-ишлерин жер.

Қызған топырақтың жабырқар кәлби,
Ынтық ләблери де жарылған қақырап.
Шарасыз, бийшара, жаўраған киби,
Кимсесиз аўлақта жатар жол қарап...

Пурсатлар тынымсыз өтер зымырап,
Шексиз далаларда ыссы пәсейер .
Әлемниң басынан анадай сыйпап,
Самаллар да еркинсинип еркелер.

Кеш түсер. Қуяштың жүзи қызарған,
Дүньяға нәзери бағады ойшаң.
Нелердур кеңликте бираз өзгерген,
Қай жерде жан тыныш, қайлардадур даңқ!

* * *

Тәшўиши жоқ  әлемниң ҳешбир,
Таңы атып, кеш берер дәрек.
Нени рәўа көреди тәғдир,
Буны бастан кеширер жүрек.

Зәрре дыққат, итибар қылмас,
Бул өмирден тойғанша шетте.
Кеўлиңдеги әрманлар өлмес,
Соңғы жолға кеткенше ҳәтте...

Тамашаны көргендей әлем,
Өмириңди гүзетер үнсиз.
Жыламайды кетти деп балам,
Ғам шекпес ҳәм өткениңнен соң...

* * *

Ортада әўересең жер, аспан ара,
Бултлар басыңда, астында топырақ.
Самаллар, даўыллар салады ғаўға,
Жер жақын тутады бәринен көбирек.

Көз ашып жумғанша гүллейди ғумша,
Таң,ақшам арасы бир нәпеслик жол.
Өз жолыңды өзиң таўып алғанша,
Не ойын көрсетер саған оң ҳәм сол.

Турмыс тәшўишлери алар торына,
Аўыр машақатлар өзи бир дүнья.
Тақатың шыдайды оның бәрине,
Сол ушын өмирге келгендейсең-дә.

Өмир қызық екен,
Сорамас аўҳал,
Өз майыңа өзиң қуўырыласаң жым.
Шеннен тыс әтирапта бериўши саўал,
Сен ушын жуўапты бермейди ҳеш ким...

Езилип кетеди жүрек ҳәсиреттен,
Дүнья сахнасында көрип тамаша.
Бул ҳал даўам етер әзел-әзелден,
Қуяш шыққан киби таўлардан аса...

# ЖАПЫРАҚ ӘРМАНЫ

Өмир өтип барар...
Гүздиң самалы,
Даланы айланып шаршамас ҳеш те.
Өзгерип тәбияттың пейли-ықпалы,
Гә ўақтында келер, гә келер кешлеў...

Буншелли бийопа болмаса болмыс,
Бес күнлик дүньяны билгени билген.
Өмирде бир мәрте жасаўы ушын,
Ҳәр бир жан көз ашып әлемге келген...

О жапырақ, бәҳәрдиң жигербенти,
Дарақ қушағында байлаған қанат.
Жақтылық қойнында өсип-жетилди,
Өмир бағыш етти меҳир-муҳаббат.

Пүтин денесиниң ҳәр бир таласы,
Онда бинят болған ҳәр бир тоқыма,
Тәбияттың болып ерке баласы,
Жапырақ көринисинде жасайды жайнап.

Таңнан кешке шекем қуяш еркелеп,
Қушағына алып көкке көтерди.
Түнлерди гүзетип, ҳәр күн сәҳәрден,
Жаңа күн себепли әўмети күлди.

Өмир мәўритлери буншелли татлы,
Нурларды симирип өсти, үлкейди.
Шықларға шомылған демлер бахытлы,
Соңынан жамғырға жүзлерин шайды.

Әлем гөззаллығы анық көринген,
Мың түрли муқамда жилўалы бақты.
Гүл-шешек шадлығысарға бүркенген,
Дүньяны сыйқырлап таратар жақты.

Жайнаған қарасын үзе алмас еди,
Жүзинде бақланар қуўаныш нағыз.
Шаршамас, зерикпес, ҳеш талмас еди,
Бойларын кернейди күш-құдирет, намыс.

Самаллар айланып басын сыйпайды,
Сырлы кешер еди сыбыр-сыбыры.
Сырласқан демлерде кеўил гүллейди,
Шексиз заўық берер дийдар мәўрити.

Сеп жайған талларға желкесин тутты,
Оған қуўат берди, болды саябан.
Көргени көзинен бирме-бир өтти,
Бәриниң гүўасы жер менен аспан.

Сабырдың түбинде ҳикмет топланған,
Артта қалып кетер шаўқым, ғаўғалар.
Кеше ғана көк-көмбек нәўше болған,
Бүгин тил үйирер татлы  ҳалўалар.

Өмир мисли дәрья– ағар мәўижленип,
Тек алға қарап талпынар тынымсыз.
Гейде әсте шабар, гейде пәтленип,
Бирде гүўилдейди, базыда үнсиз...

Нелерди көрмеди мына өмирде,
Ыссыны, суўықты өткерди бастан.
Гейде бар болмысы шаңларға батты,
Мәдет алды сонда сабыр-тақаттан.

Саратан себепли шықты саў-аман,
Ҳәсетке жеткенде бир нәпес алды.
Сүмбиле баўрында және сақлап жан,
Бағлар да қуўанып жасай баслады.

Рәң-бәрең әлемди көрип бир сәтте,
Сырлы нәзеринен үзе алмады көз.
Сарғайған мүликлерин көтерип әсте,
Келип қалған еди босағаға гүз...

Қуяш жүзин булт тоса баслады,
Аспан кимлергедур еткендей гийне.
Суўық тамшыларды бир-бир таслады,
Самал да жулқылап кетеди гейде.

Негедур диңкеси қурып барады,
Реңи де сарғайып, болды запыран.
Гүздиң қубылмалы күни турады,
Қолларын созып сол жапырақ таман.

Қойып жибермейди тутқан жеринен,
Бөбек киби беккем алған жабысып.
Таллар да ажыралмас пал-шекеринен,
Ет ҳәм тырнақ яңлы кеткен тутасып.

Минекей, ўақты-сәти келипти жетип,
Ирке алмас оны бир де тири жан.
Өзин алдырмастан күшли, мәрт тутып,
Шақадан үзилди жапырақ усы дем.

Қалтыратпа түскендей силкинеди бағ,
Самал да үҳ тартып қойғандай болды.
Алақанға алып әлем усы шақ,
Топыраққа гүзетип қойғандай болды.

Ана жер оған қушағын тутты,
Әлпешлеп басына әсте көтерди.
Арзыўы бир  еди – пүткил умытты,
Көптен бери усы демди күтер еди.

Тосаттан не болды?
Кимлер жақты от?
Бийшара жапыраққа қайдан түсти от?
Кеўлинде меҳир жоқ қайсы ғәним ол,
Жалмаўыз, накәс, намәрт, қаттықол?

Денесине от түскен еди, әттең,
Аҳлары көклерге шапшыр тынымсыз.
Күлге айланып қалыпты бийгүна,
Кең дала, қыр-жайлаў бағады үнсиз.

Жалынға айланған дене дирилдер,
Налынып соңынан болады бир шоқ.
Ләрзеге түседи бул сорлы жүрек,
Дүньяда буннан да аўыр ҳәсирет жоқ.

Лаўлайды, пысқыйды – күйип дат салар,
Жалынның тилине кеткен ол сиңип.
Ертеңги күн билмес, ким ҳәм яд алар,
Жазылған тәғдирди боларма жеңип?

Өмирдиң ақыры буншелли ашшы,
Жазмыштың жүклерин көтериў аўыр.
Көкси тилкимленер тынымсыз шаншып,
Бул ҳалға шыдамақ қыйын ақыры.

Тиришилик атлы бийбаҳа инам,
Неликтен көз ашып жумғанша өтер.
Буған қыйын екен бермеклик шыдам,
Ашшы өкинишлер қыйнайды бетер.

Арзыўлар, әрманлар, үмит жанады,
Бәршеси де пушқа айланар еди.
Дүньяға келип ол не көре алды,
Қай мәнзил-мәканға жайланар енди...

Жапырақ жанар, көзди алып қашаман,
Үнсиз наласына жетпейди тақат.
Қара, көксимди мен жарып, ашаман,
Ҳәсиреттен қарайып алған жарақат.

Бул ҳәсирет кем емес маған ҳаслында,
Тула бойларымды күйдиреди от.
Жалынға не керек гүз пасылында,
Не қылып атырсаң, әй ойсыз нәмәрт?

Бақтым, бул әлемде нелер болмақта,
Қайдадур от ишинде қалар топырақ.
Тоғайлар, бағ-шәмен, үйлер жанбақта,
Бул әлем өзгерип кетти ме бирақ?..

Ким урыс отын жағар алыстырып,
Дус келген ҳәр затты жалмап-жутпақта.
Тириликтен мурат не екен ҳаслы,
Ғам-тәшўиш ишинде өмир өтпекте.

Умытып болар ма ошақта жанған,
Жапырақ киби қанша тутқын кексе-жас.
Инсан қәдир-қымбаты шилпәрше болған,
Мың мәрте өкинип төгилген көз жас.

Қыялыңды тырнар шексиз налалар,
Ашлықтан диңкеси қурыған, әззи.
Кекселер изинен барар балалар,
Қақсүйек, қыйналған, барлығы мәзи.

Адамзат бойына от қойды жүзсиз,
Морылардан көкке өрлер мың бир аҳ.
Аспан жылар еди көз жассыз, үнсиз,
Күллер жан дүньясын өртеген шақ!..

Бүгин де бул жалын шапшыр ҳәр жаққа,
Кең дүньяны жандырады гүмансыз.
Ойлайман, не болған екен инсанға,
Күл болып қалар ма бизден қалар из?

Мен-ғо жапырақпан дейди шырқырап,
Жалында тынбайды оның налышы.
Ески бул әлемге, инсанға қарап,
Ҳәр ушқыннан шашырар тынымсыз дады.

Адамзат, көзиңди жақсылап ашқыл,
Урыстың отынан сақла дүньяны.
Сен тири жан болсаң жақсылық шашқыл,
Ҳәр кеўилге алып кир нурлы зияны.

Жапыраққа айланса бир күн келип жан,
От қойып таплаўды етпеңиз нийет.
Дүньяда бар екен Ҳәзирети инсан,
Әлемде жасайды меҳир-мүриўбет.

Усы жер қойнында дүньяға келдим,
Усы топыраққа мен де қояйын бас.
Көз ашып жасадым, бахтыяр болдым,
Енди тас төбемде турсын ай, қуяш.

Жалыннан ажыратың жанып болмастан,
Айланып қалмағай барлығым күлге.
Жапырақпан, әлемде руўҳым өлместен,
Топырақ пенен түсейин мәңгилик жолға!..

## ЕЛИЎ БИРИНШИ ҚАЛА

Елликқалада ақшам жулдызлар ағар еди,
Ақшакөл толқынланып қосықлар тоқыр еди.
Толқынлар ойнар еди гөззал ай қушағында,
Кеўиллер толқыды шайырдың ҳәр сөз, ҳәр баязында.

Самал тулпардай шаўып гезер еди бағлар ара,
Бахыт жулдызы жанар еди шамшырақлар ара.
Поэзия жыйынында үстинлик етер ҳәр қатар,
Әййемги қорғанларға сүйенип желке тутады.

Бүлбүл ояў шәменде буған гүўа болып лал,
Қуўаныштан мәс болып тереклер де шайқалар,
Бир ҳаўаз өтмишлерден келтирер қутлы сәлем,
Таңға шекем мушайыра етеди даўам.

Отлы сөзлер ҳәр кеўилде гүлхан жағар еди,
Сонда гүллениў паслы, сонда бәҳәр еди.
Кеўиллер жол алды жыр көтерип алысқа,
Алғыс айтар дүнья ең ағла гөззал сезимге.

Отырмайман бир шетте ҳасла себеп ақтарып,
Өзим беремен усы гөззал жыйынға тәрийип:
Шын бахыт сезимине руўҳлар тутасқан ўақытта,
Кеўил қаламыз болғай елиў биринши қала!

* * *

Шоқ ҳаўазларын еситтим күнниң,
Кеше ғәрип еди, езилер еди.
Мен қандай өткердим билмеймен түнди?
Кеўлиме сыймаған сезимлер еди.

Айнадан сығалап күлимлейди нур,
Жүрегим ынтығып күткен жарықлық.
Қайғадур шегинди тынышсыз демлер,
Келиншек мысалы келгенде арыў.

Қара көзлеримниң қашты уйқысы,
Бундай гөззаллықты көрмедим алдын.
Үмитим қойнына қуўаныш толды,
Босағамды күлип қаққан демлерде!

* * *

Терезеңди самал шертпесин қанша,
Перделерин тартыў қолыңа мәлел.
Нәзериң көриўге қәлбим интизар,
Излеген дийдарым сол шығар, бәлким...

Беккем дийўаллардан мәдет жоқ ақыры,
Босаға атлаўға руқсат берер ким?
Мениң талпыныўым батпасын аўыр,
Пердени бир мәрте ашқыл, әзизим...

* * *

Өтип кетип атыр күн буншелли тез,
Күткениң келмесе ўақыт та бийпайда.
Қәлбиңди  тилкимлер недур усы гез,
Өзиңди таппассаң қоярға жайға.

Кеңликлер ишинде сыймассаң талып.
Аспанға асылып булт алар тыным.
Негедур ҳаўа да қабағын салып,
Басыңда айланар бөлместен кеўил..

* * *

Күлип турғанында күн,
Көшелер шаң көтерди.
Ес-ақылы пүп-пүтин,
Самал шаўып кетеди.

Терек шақаларын силкип,
Жапырақлар дирилдейди.
Аспан ишиндегин төгип,
Жамғырға толар дүнья.



# КӨРИНИС

**1**

Ыссы ҳәддинен асты,
Ағын суўлар да жыллы.
Майса мәниси қашты,
Бар екен бул басымызда.
Бултлар алағада,
Қарап турыпты ойшаң.
Мысалы бул әлемниң,
Қойнына жалын көшкен.

**2**

Қуслар сайрамас ҳәтте,
Дем алады саялап.
Бастан ақырына шекем,
Бийҳал егинзарлықлар.
Гүбелеклер көринбес,
Жай тапқан өзине тыныш.
Сылдырап суў еринбес,
Умытылар ғам-өкиниш...

**3**

Пәлеклерди аралап,
Қарын қойған қаўынлар,
Үсти-басын торлап,
Өз-өзинше қуўанар.

Самал асыққан сайын
Маңлайлары урылар.
Иш-ишинен пискенлери
Бир сөз айтпай жарылар...

**4**

Тыр жалаңаш қуяштың
Көзине қараў қыйын.
Оннан күш алған тастың,
Нәпеси иймес бойын.
Кеңликлерге көз таслап,
Қушар мени қыялым.
Таң тәрепке жол баслап,
Парлап барады руўҳым...

* * *

Көз-көз етпес өзин ҳеш арна,
Жағысларға урар ынтық жан.
Аққан суўлар иштен қумарын,
Шығарғандай сарқырар мудам.

Еки жақта тереклер қатар,
Саўлатлары турады безеп.
Жасыллықты бөлискен бәҳәр,
Айтпас тек те «мине, келдим» деп.

* * *

Әлем тыныш, қыялға батқан,
Кеткен яңлы мәңги уйқыға.
Еске алып көзден жас тамған,
Уқсар жылап атырған қайғыға.

Сыбырлайды ләблер тынымсыз,
Жүрегиңнен атлығар налалар.
Бунда мәңгиликке қоныс басқан,
Қанша саўап, қанша гүналар...

* * *

Қәпелимде кеш кирип келер,
Күндиз әсте жоғалтар ҳуўшын.
Ғарғаларға қызық түйилер,
Айдың көрген шийрин ҳәр түси.

Шынар қойны шаўқымға бийпарық,
Көрди қанша самал, боранды.
Мийман кетер, мезбан етпес тәрк,
Таслап кетпес сирә тоғайды.

* * *

Терек бүгүн шақасын жайды,
Көз-көз етти өзин нарт таллар.
Қуяш еркелеп басын қойды,
Және жасылланды ышқылар.

Айланады самал тынымсыз,
Излейди ол алыў ушын дем.
Тийгизбесин қуслар зыянын,
Мийўелери еле писпеген...

* * *

Мардыйған тикжардан, шөлден, сахрадан,
Самаллар ерте-кеш тынбастан есер.
Имканын тапқанша ҳәтте дәрьядан,
Жол таўып еки жол бир күн кесисер.

Өмирде бир-бирин излеп зар-гирян,
Делбе кеширмелер өткерген бастан.
Шексизлик қойнында ол мәрт палўан.
Саў-аман қалыпты сабыр қылғанлықтан.

Арзыўлар солмаса бир күни гүллер,
Жүреклер төринде сезимлер тасқан.
Бул ерке самаллар тоқтаўсыз есер,
Қалмасын ортада десип ғам, ҳижран.

Аўырлық қылмасын қаншелли тәшўиш,
Сырнығып аўырып қыйналмасын жан,
Дийдар демлеринде өзгеше толғаныс,
Ҳәм жеңил тартады көп жыллық әрман.

Дийдар көриспеклик болады несип,
Иншалла, мәўритлер дөнер зияға.
Тәғдирлер қалмайды ҳеш те бийнесип,
Бир мәрте көрисер жарық дүньяда...

О, буншелли тас екен баўырың,
Бир демге бағыш еттиң лаўлап жанып.
Айралық азабын жеңер сабырың,
Аймалап сүйер соңғы қуўаныш...

Көзлерин тарс жумып ойлар ишинде,
Руўҳлар да самалдай еседи бәлким.
Қайдадур,  қай ўақыт сағынып күтә,
Жоллары әлбетте кесисер бәлким!?

* * *

Эй яр, сени сағынып,  жолларыңа көз тигип,
Ышқың келтирген гүлди кеўил бағыма егип,
Ләйлидей муҳаббатың отларында ентигип,
Уйқысыз өткен түниме сирәда ашынбайман.

Я бир налышым тынды, я бир көз жасым питти,
Кеўилде ышқым от алды, тек сабырым питти,
Бүлбүллерге жолдас ашық жан уйқысыз күтти,
Иңкар атқан таңыма сирәда ашынбайман.

Тилкимленген кеўлимде жетилер мың ғалма-ғал,
Бир күн қарсы алар ма екеўимизди шын ығбал,
Исмиң кеўлимде мудам — бул я бахытдур, я әўмет—
Өзим де түсинбеймен, мен сирә ашынбайман.

Егер исмиң келмесе — сөзиме ашынарман,
Сен деп көз жас төкпеген көзиме ашынарман,
Ашықпан, және киммен —өзиме ашынарман,
Ашықлық ығбалы бул —мен сирә ашынбайман.

Эй яр, сени сағынып,жолларыңа көз тигип...

* * *

Жапырақ жайып қуўанған мәҳәл,
Нәлшелерге болар перделер.
Самал болса етип тәўекел,
Бағ ишинде жүрер өрмелеп.

Гүллер тутқан алма ма, шийе,
Сулыўлығын етеди көз-көз.
Гүл жапырағын тартқылап бирден,
Төгип кетер асығыс, сөзсиз...

* * *

Соңғы нәпес.
Қалтырар жан,
Көзде мөрленген әрман.
Ғәрип,
Дилгир,
Бийшара,
Мийрас екен дүньяда!..
Ким жумар әсте көзин,
Зорға тутқанша өзин.
Жүрек баўры езилип,
Кетейин дейди үзилип.
Соң тартады аўыр аҳ,
Шарасыз жер, көк ҳәтте!..
Бул соныңдай ғам-қайғы,
Үнсизликте бул кең әлем...
Қалтыраў тынбайды ҳеш ўақ,
Қашан тояды топырақ?!

# ҚУЯШТАЙ ЖОЛДАС БОЛ...

Алыс жумалады жыллардың тасы,
Әсирлер қасында таппадық рәҳәт.
Мыңлаған пәс-бәлент қырлардан асып,
Бүгинги күнлерге жеттик, мың шүкир.

Соннан ба кеўлимде санмың сазалар,
Питпес – шадлық жыры таралар азат.
Соң изинен келер муңлы намалар,
Данышпан өтмиштен сорайман көп зат...

Бул кеўлим қашандур талпынып нурға,
Арзыўлары өксип изледи мәдет.
Көз тигип гә исеним, гә қәўетерге,
Өмири өте берер жасап бийтақат.

Таўсылмас бозласа кеўил зарлары,
Тәғдир ҳүкимине бойсынып жасар.
Жанында жалатай, сырғыялары,
Қолында турады қатал ҳүкимдар.

Қәдирдиң қымбаты болмаған күнлер,
Намыс сөз айталмай қалған шарасыз.
Дөҳметтен қыйналған ҳадал бенделер,
Әдиллик табалмай қор болды, ессиз!

Тәғдирдиң гәрдиши не күйге салды,
Жыллар дәрьясында ақты тынбастан.
Шыдаған жүрек те зердеге толды,
Көзлерге көринбес еди сондай ғаў.

Гүресиў ығбалын инам етпесе,
Кисенлер аяқтан үзилермеди?
Азатлық қолыңнан беккем тутпаса,
Жүз жыллық дәртлериң дүзелермеди?

Бабалардың ҳикметин етип қор-зар,
Аяқлар астына таслармеди я?
Шығыс салтанаты жасырын қурып дар,
Сездирмей қырғынын баслармеди я?

Қай күйге салады үрп-әдетиң,
Залымлардың иси қалдырар ҳайран.
Өзликти бағыш еткен бахыт-ығбалың,
Етермеди бәлки тәғдирин ўайран...

Сезимлер еңирер өртенип жанып,
Алыс жыллар азабы түсип ядыма.
Еркин нәпес алған күннен қуўанып,
Бүгин жетпектемен, шүкир, қәдириме.

Сөзин өткизеди ҳайярлық пенен,
Бийпарықдур бабалар берген кеңеске.
Соншелли накәс ҳәм өзгермес екен,
Тарта берер мудам өзи тәрепке...

Аңсап өтмиштеги сүрген дәўранды,
Қамшысын басларда ойната берсе.
Жетеклеп шамасы және заманды,
Дүньяда ҳүкимдар мен, десип турса...

О, өмир ҳеш қашан бундай болмағай,
Дәрья изге ағыўы емесдур мүмкин.
Арзыўлар жетилип бир күн гүллегей,
Нурлы мәнзиллерге жетермиз бир күн.

Кең әлем таныды, өз сөзимиз бар,
Туўымыз турыпты көкте желбиреп.
Ҳақ-ҳуқық басылмас аяқ астына,
Ғәрезсизлик бағыш етти күш-қудирет.

Қумай қус пәрўазы бәлентлеп барар,
Еркинлик қосығын айтар шадланып.
Жән-жағымызда бахыт ҳәм гүреслер турар,
Кем-кем бармақтамыз өзликти танып.

Мың ҳийле, мың ойын менен айланып,
Жүрипти паналап кеўил аўлаўшылар.
Бойымызды көтердик қанша қыйналып,
Жолдан урмаса болды — талаўшылар...

Еркинлик самалы ескеннен баслап,
Конституциям қорғар ел мәртебесин.
Сораң, айтсын еркин, бахытлы ҳәр инсан,
Узақ әңгимесин тарийх сөйлесин.

Ҳеш қашан тынбағай сейилге сейил,
Бүгин және жайнап, толажақдур ол.
Қоллар бағыш еткен ҳәр гербиш себепли,
Ең беккем қорған болажақдур ол.

Енди қайтыў жоқдур сирә арқаға,
Бизди күтип турар еркинлик, ығбал.
Дүньяда ийемиз даңқ, абырайға,
Жолларымыз айдын: тапқанбыз камал!

Сен де ояў тур кеўил, арым, намысым,
Тусаўлар түспегей аяқ-қолыма.
Нур шашып ҳәмийше, эй бас Қамусым,
Қуяштай жолдас бол мәңги жолыма!..

* * *

Сүйдим таңғы самал нәпесин,
Қушағында мәс болар басым,
Оянады кеўилде сезим,
Оңынан келгенге уқсайды түсим...

Хош ийисли әтирлер сеўип,
Бағда жүрер гөззал перийзат.
Көксимдеги қус ышқым сезип,
Мени көкке көтерер азат...

Әтирапта тереклер ояў,
Сезбегенге алар өзлерин.
Күлгишлери нурлардың сол шақ,
Жасыралмас суўдан көзлерин...

Сүйдим таңғы самал нәпесин...

* * *

Ким ҳәм мәлҳам берер дәртине,
Реңи өшип барар өткен сайын күн.
Не болады, билмейди ертең,
Турмыс етер тоқтамай ойын.

Урныққыр самалларда ҳәтте,
Өткенинде қояр қалтырап.
Қуяш батып кеткенге шекем,
Көзин үзбей тигилер жапырақ.

Кеўлимдегин қунт пенен оқып,
Толып-тасып баянлайды сай.
Көксине ышқы нағысын тоқып,
Жапырақ пенен сырласады Ай...

* * *

Нурлар ағып атыр кеўлиме таңнан,
Тәшўишлер топары еле уйқыда.
Арзыўлар гүлленип келген имканнан,
Лал қаламан кеўлимдеги туйғыма.

Қақаман аяздан өтиппен аман,
Қарлардың орнында бой созды майса.
Дыққатым аўады далалар таман,
Кең дүнья тараткан жупардан тойсам...

Бул әлемде мыңсан тәғдирлер жасар,
Ығбалын жетеклеп соқпақтан барар.
Кеўиллер өз бахтын табыўды аңсап,
Таңда үмит пенен қайғадур асығар.

Ырыс-несийбеси әлбетте, табылғай,
Жасаўдың шегинде бар болса әўмет.
Басқан қәдеминде гүллер ашылғай,
Жаратқан оларға етсе мүриўбет...

Өкиниш, сырнығыў, тәшўишлер жолдас,
Көрисиў, хошласыў теппе-тең жүрер.
Қайсы бир соқпақтан шығар саған қас,
Күтпеген мәнзилде гүналар турар...

О өмир, буншелли сынаўларың көп,
Бул әлем толыдур сырлы тилсимге.
Қайсы бир накәстиң өтиниши деп,
Жақсылардың кеўлин қалдырма тек те!

Дыққатым аўады далалар таман,
Кең дүнья таратқан жупардан тойсам...

* * *

Бул дүньяда  сен де жасайсаң асығып,
Қай жерден келдиңде қайда жол алдың?
Жүрсең бе өмирде еле адасып,
Қыйналып еки жол арасында қалдың?

Тик бақпай көзиңди алып қашасаң,
Көринбес дәрт-қайғы ишиңде ҳәким.
Билмедим кеўлиңди кимге ашасаң,
Шарасыз тәғдириң сынақта, бәлким.

Нелерди излейсең дала, таўлардан,
Хош бол демекликке таппайсаң ўақыт.
Кеширим сораўға жасыл бағлардан,
Бәлким, жетиспейди сенде батыллық.

Гейде балалардай етип топалаң,
Аяўсыз шашасаң ойнап қум, топырақ.
Гейде бөри киби улыўың аян,
Жыртқышқа уқсайсаң базда көбирек...

Өксинген кеўилде қалады шаншыў,
Қулазыған үйлер айтар ҳәсиретин.
Басқыланған жасыллықта бар ашыў,
Зорға көтереди қадди-қәўметин...

Өкиниш аҳ шегип бағар шарасыз,
Қарашығы жасланған муңлы әрманлар.
Сениң зулымлығыңнан қалған дәртли из,
Питпеген өтседе қанша заманлар.

Инсан сабыр етер бәри-бәрине,
Жақсы ма, жаман ба тәғдирде бары.
Бири тартып кетсе оны төменге,
Бири бир өмирге болады яры.

Еслесең ядыңа түсиўи аян,
Кеткенше үйиңе муңлы демлери.
Бағдарлап күшиңди жақсылық таман,
Айланған самалдың дигирманлары.

Ой-пикир әлеми аймақсыз ақыры,
Дүньяға көз ашар ойлап табыўлар.
Сениң қолың менен және таўып нур,
Жақсылық жолына нийет талпынар...

Бирақ та бәрибир тыншымайсаң ҳеш,
Гейде айдарҳасаң, гейде сыртлансаң,
Тәбият қай жерден берген бунша күш,
Бөридей тасланып, ийттей қабарсаң...

Зарым  бар, зорым жоқ,жолыңнан қалма,
Ким бәс келе алар сендей самалға.
Жеңемен деп сирә етпегил дәме,
Хош бол, жақсы жеткил, журтың Шығысқа!

## КЕЎИЛНАМА

Нелерди көрмеди муңлы Ана жер,
Сөйлесе таўсылмас бастан өткени.
Еслесе қыйнайды әрман, ҳәсиретлер,
Гә аяқ астында қалып кеткени.

Жылларды аралар көринбес залым,
Қамшысы тынбайды, аямайды ҳеш.
Бир ўақытлар аналар жылады налып,
Перзентлер дағынан кеўилде өкиниш...

Репрессия қолында жәбир шекпекте,
Көз жастың уясы болыпты Сибир.
Суўық мәнзиллерге аян ол тек те,
Қушағында мийрас сан мыңлап қәбир.

Жақсыларға қанша қурылды дузақ,
Ҳәттеки уллылар қалмады шетте.
Жараланған жүрек еди қырық жамаў,
Қанша тәғдир аямай тасланды отқа.

Соңынан «Өзбек исин» таўыпты ойлап,
Аппақ пахтамызға түсирипти дақ.
Аўыр мийнетлери береди сөйлеп,
Инсап ҳәм әдиллик қол услаған шақ...

Дыққатсыз, ҳүрметсиз қалды нәзерден,
Ҳүрмет-ардақларға ылайық жанлар.
Езилип дөҳметлер берген ҳазардан,
Не көрди Ибрайым,  уллы Шараплар...

Енди ше, басларды көтердик бәлент,
Жанажан Ўатаным жетилмекте тез.
Ҳәр исте пидайы, мәрт, азамат ел,
Уллы келешекке көрсетпекте жүз.

Қулақ сал, сырласым, жаным, жигерим,
Кеўлимди бир гүман езип жүрипти.
Базда турып-турып қыйналар арым,
Шығыс гармсели гезип жүрипти.

Күйдирмекши болар әрманларымды,
Тартып алмақшыдай еркти қолымнан.
Өтмишин аңсап, өртеп жанымды,
Қайтармақшы болар нурлы жолымнан.

Шамамда, басқыншы тойлар қылармыш,
«Қутлы мәўритлери»н нышанлап әшкара.
Шамасы кимлердур соны тилейдимиш,
Бәриси қам қыял, бәриси бийкар...

Қанлы өтмишимди қалай умытайын,
Еле еситемен ҳәсиретин, дәртин.
Душпаннан қалайынша жақсылық күтейин,
Жылап еслегеймен бабамның ядын.

Аналар шашларын жайған қыйналып,
Аталар кисенде — алысқа кеткен.
Бир күнде иниси қалған жоғалып,
Апа, қарындаслар запыран шеккен...

Бөбеклер аҳлары титиреткен әлемди,
Аўыл ҳәм қалалар оттың ишинде...
Зәҳәрлерге бүркеп көркем даламды,
Аман кент қалмады журттың ишинде...

Бүгин ҳайўанлар да оғада ҳайяр,
Ишиндегин сыртқа шығармайды ҳеш.
«Мине бул арқан», деп узатады дар,
Сол ҳаққында ойлар мудам – ерте-кеш.

Алданба, сырласым, бәрҳа сергек бол,
Көзиңди оймасын ялғаншы дәўран.
Кел, бир-биримизге берейик биз қол,
Еркинлик қосығын сақлайық аман!

**Бахытлы САРЫБАЕВтың аўдармасы.**



# КӨПИР

*(Ода)*
*Әмиўдәрьяда жаңа көпирдиң ашылыўы мүнәсибети менен*

Аспан қушағында, айланар, гезер,
Ана диярымыз әсирлер асып.
Миллион жылдан берли самалдай есер,
Изинен әўладлар келер уласып.
Уўысы тарийхқа айланған топырақ,
Сөйлер нәрестениң киндик қанынан,
Ўатаным дегенде кеўил жарқырап,
Туўылған елди ким сүймес жанынан?!

Өтмиштен келгенде сыйқырлы сазлар,
Тынымсыз ҳаўазы әлемге рәҳәт,
Гейде ишки нала, гейде сазалар,
Жасайды күткенше меҳир-мүриўбет…
Өтмиштиң өзи де дәрьяға мегзес,
Мәўижленип ағар, қайнайды өмир.
Ата-баба басқан даңқлы жолға сай,
Көпирге айланып жырланған тәғдир.

Машақат жүгине желкесин тутып,
Таў-тас, қыр-дала, кеңликлер аса,
Иш-ишине аҳыў-зарларын жутып,
Бул дүнья сахнасын етер тамаша–

Әне, ол киятыр, көзлери – алмас,
Мақтанып қарайды, бой-сынына тик,
Жақсы ислерден ҳеш шаршамас, талмас,
Заманды заманға байлаған көпир.

Қараңғы ақшамлар бойсынар демде,
Көзлердиң нурында атар аппақ таң.
Бул ашық аспанда, ески заманда,
Нурлы мәнзиллерге шақырар заман.
Гүзарға айланып барар жоллары,
Ойына келмейди сирә бир қорқыў.
Бәлким, тәғдирдиң тутқан қоллары,
Кеўилди кеўилге байлаған көпир...

Жыллардан жылларға қағар қанатын,
Бул соныңдай мәңги, муқаддес тилсим.
Өзин таўып алар бәлки адамзат,
Көклем, жаз, гүз, ҳәттеки қыста.
Ол бардур, өшеди кеўилдеги ғам,
Өмир бар екен, турмыс-абадан.
Нурлы мәнзиллерге барар қәдемлер,
Табанында көпир болса, ол беккем.

Шырақ, Тумаристиң өшпеген даңқы,
Батырлығы сабақ, беккем сабыры.
Әўладлардың бүгин бийбаҳа бахты,
Үмити сөнбеген мәңгидур абат.
Бул Ўатан муқаддес, көзиме сүрме,
Биз де тəн аламыз, аңлаған сайын.
Ертеңимиз жарқын әжайып сонша,
Өтмиштиң бул уллы көпирлери.

Енисей сөйлесин, Орхон етсин яд,
Жайхун-Сайхун дәрья бәрине гүўа.
Түркистан душпаннан шеккен көп пәряд.
Өзлери ушын қанша қазды ор,
Әрман бәршесинен уллырақ еди.
Азатлық, еркинлик, бийғәрез ҳүрлик,
Сондай бир заманда қалдырмады тақ,
Ортада арқалап өткерди көпир.

Әл-жабр илиминен үмит тапты жан,
Хорезмий дөреткен әжайып мийрас.
Ҳайран болып қалды дүнья бул жәҳән,
Есап әлеминде болды илимпаз.
Усы жерден тикленип бақты әлемге,
Аты даңқ шығарар мың жылдан берли,
Мүнәсип әўлад бол, умтыл илимге,
Алға жүр илимниң көпирлеринен.

Махмуд Қашғарийдиң отлы нәзери,
Өтмиш дийўалынан қарап бағады.
Базыда әрманы, тилеги гейде,
Ашық жүрегиңе отлар жағады.
Өзликтиң тамыры беккем ҳәм тереӊ,
Саған да буйырсын усындай жигер,
«Девани луғатит турк» атлы китабы,
Тилимизге болды тапжылмас көпир.

Беруний бабаның илим-зиясы,
Ой-сана жолына шашылған бир нур.
Онышшы әсирден бир көпир болып,
Бул миллет даңқын көтериўши туў,

Келешекте жолланған жақсы хабар бул,
Мүбәрек қолларда тутады шырақ,
Әсирлер бойлап жол сапарыдур бул.

Алыстан налалар, шақырықлар келер,
Сөзден нағыс салып неше қәлблерге.
Уллылық сарайынан Наўайы келер,
Дәстан болып неше-неше еллерге.
Жаслық-муҳаббатта, бахыт-меҳирде,
Көзлер билмес екен сағыныштан ғам,
Мәңгилик тәрепке ертер, әлбетте,
Уллы сөз устасының көпирлери де.

Кеўил әлеми дым соншелли кеңдур
Онда табылмалар созған қанша бой.
Ҳәр бири муқаддес, мәңгиге теңдур,
Оның илимине тәжим ет, бас қой.
Күлимсиреп қараған Ибн Синадур,
Даўасыз дәртлерге излеген шыпа.
Мәдети Синадан беккем бинадур,
Ҳәтте шыпа табар қанша дәртли ғам.

Аспан қушағынан айтады еле,
«Зижу Кўрагоний» кестеси бизге.
Улуғбек бабамыз жасаған заман,
Бизлерге қалдырды өшпес бир тарийх.
Жулдызлар әлеми сөйледи демде,
Сыр ҳәм дебдиўлерин етти бир баян.
Жер менен көк жибин бир күнге байлап,
Бир көпир қурдырды әлемге аян.

Бабур Ҳиндстаннан бағады күлип,
Гейде дүньяларға сыймас ойлары:
«Ўатанның жолына зар болдық бизлер,
Әндижанның сеслери қайерден келер ...»
Поэзия наласына ашық ҳәммеси,
Уллы сөз бар екен, Бабур да тири.
Ҳәжир сарайында қалған данышпан,
Ҳинд ҳәм өзбегимди байлаған көпир.

Өтмиштиң пердесин әсте көтерип,
Саҳыпқыран шығып келер наўқыран.
Әлемнен жаўызлар кетер тарқалып,
Дүньяны әдалат қаплар бир демде.
Самарқанд күн сайын ашады шырай,
Биналар тикленди биринен бийик.
Кешени бүгинге байлап заматта–
Амир Темур салған бул уллы көпир.

Бабалардан әўладқа тутасқан тамыр,
Жақсылық үйине бағышлар гүллер.
Еллерди еллерге байлаўға таяр,
Көпирлер ҳеш қашан көрмегей заўал.
Әмиўдәрья, Сырдың жағалары шад,
Гүллеп-жаснамақта еки таман да,
Көпирден белбеўлер қурады бинят,
Оны қәдирлейди азат заман да.

Бүгин дәўир қайнар, тез өтер пурсат,
Қарап үлгермейсең оңлы-солыңа.
Желип-жуўырмасаң ҳәммеси тамам,
Жеңилген байрақты берер қолыңа.

Ғәрезсизлик себеп жарқын жүзимиз,
Бул Ўатан бар екен, биз бахытлымыз,
Дүнья еситеди бизиң сөзимиз,
Ығбал көпиримиз ҳеш ўақ бузылмас.

Бүгин де биналар көклерге жетер,
Нурлы келешекке кеткен уллы жол.
Бахытлы ул-қызлар нелерди ойлар,
Ғайраты-таптырмас, арзыўлары-мол.
Дәрья жағыслары табысар, бир күн,
Еллер де еллерге туўысқан, тамыр.
Мәңгиге бар болғай, бар болғай бүгин,
Тарийхқа жазылғай биз қурған көпир!

Мениң муҳаббатым усы қосықта,
Ақ қағаз жүзине жүргизип қәлем.
Алыс-алысларға жеткерер бәрҳа,
Қәлбимдеги илҳам көпирлеринен.
Жүреклерде исеним, жүзлерде күлки,
Мың шүкир, тәшўиштен алыс, жырақпыз,
Мениң бул дүньяда тилегим усы:
Бузылмасын ҳеш бир көпирлеримиз!

**Анар ЖАҚСЫМУРАТОВАның**
**аўдармасы.**

## МӘЎРИТЛЕР

* * *

Ояндың уйқыдан бүртик,
Күн ғәниймет-көрисип турсақ.
Сен бәлентте, мен болсам пәсте,
Гүллеп-жаснап, көз ашып жүрсек.

* * *

Мине бултлар пәслеп киятыр,
Дарақлар бас ийер қуйынға.
Көк гүркиреп, сес берди әне,
Көктен жамғыр қуйылды және!

* * *

Самал недур?
Сырласы жоқдур,
Гәҳи ерке, гәсинде жымдур.
Кетип барар қуяш төменлеп,
Жетелейди қаяққа тәғдир.

* * *

Гүбелектей енген ҳей тамшы,
Тойып поса алғыл гүллерден.
Әптап нуры салғанша қамшы,
Баўырыңа барлығын бирден.

* * *

Табалмадым,
Қайсы жупарсаң?
Айтшы өзиң кимге қумарсаң?
Таң самалы жетелеп келди,
Мәгар сен ҳәм бул бағқа зарсаң?

* * *

Күнлер ҳәм қысқарып бармақта әсте,
Ярымынан көби кетти ғой өтип.
Сағынышым, яқшы, сен барсаң, бирақ,
Өмир ҳәм турмайды бизлерди күтип.

* * *

Изледим бағдан ҳәм,
Соқпақлардан ҳәм,
Излериңе өсип майса өрмелер.
Ашылып-шашылып оянған көклем,
Көллерин сағынып қайтты тырналар.

* * *

Ҳалдан тая баслайды сабыр,
Тәғдир гүзди баслап келеди.
Жапырақлар қуўанса ҳәзир,
Бир күн көзин жаслап келеди.

* * *

Күн бойына қуслар сөйлейди,
Ал дарақлар недур ойлады.
Бири досдур, бириси қонақ,
Айырар ўақыт-пүтин қоймайды.

* * *

Гүл жапырағы рең алған түрли,
Ақ ҳәм қызыл, сан әлўан түрли.
Бир шәмендур, сүрнигеди көз,
Бунша гөззал, соншалық сырлы.

* * *

Түн қойнына сүңгиди бағ ҳәм,
Түн зым-зыя көринбес әлем.
Не кешеди таң ағарғанша,
Қалай жасар қуўаныш ҳәм ғам.

* * *

Шешек-шәмени-дилбар,
Әтирап ышқында бийқарар.
Тикенлер арасынан
Көз тиккен гүллер ҳәм бар.

* * *

Көкке таман соза берер қол,
Шынар көз салмайды оңыў-сол.
Аяғының жанынан ғана,
Көк жийекке тартылады жол.

* * *

Шаўқым-сүрен, тынышлық аман,
Өзгермейди бул ески аспан,
Қыя бақпай өтеди өмир,
Ким қуўанған,
Ким шегеди ғам.

# САҒЫНЫШ

Сүттей ақшам қойнында,
Көриў үмитинде зар.
Сени ынтық күтермен,
Сәҳәргеше гөззал яр.

Жолыңа ай жақтысы,
Теңге киби шашылған.
Сени сондай сағындым,
Жолға асық мен таман!

Қәлесең, туў аспаннан,
Айды үзип берейин.
Жулдызлардан мойныңа,
Маржан дизип берейин.

Ағып барар өмиримиз,
Бул тынымсыз сай киби.
Қосықлары көп түрли,
Нала қылар най киби.

Шексиз дала – кең отлақ,
Шәмендейин бул нәпес.
Бул журт – бизиң журтымыз,
Жаңғырмағай өзге сес.

Ғәплетте қалып бир күн,
Излеп айтпа: - Қайдасыз?!
Өмир өтип кеткен соң,
Билсең бәри пайдасыз.

* * *

О, өмир,
Қоллағыл, көтергил кеўлимди,
Өмир сүрмектемен, бахытлыман, бирақ,
Жөргекке орадың аяқ-қолымды,
Бул жарық дүньяны көрген күннен-ақ.

Не ҳәм дер едим,
Кеше ҳәм күндиз,
Басымда анамдай турдың мудам тик.
Ақшамда ҳәййиўлер айтады жулдыз,
Ай  болса талықпас тербетип бесик...

Туңғыш қәдемимде туттың қолымнан,
Кеңликлер қойнында келеди ушқым.
Кимлердур тартады оң ҳәм солымнан,
Жүрекке талпыныс арнадың ҳәр дем...

Жуўап бер, буншелли неге сырлысаң,
Жол көрсет өтейин қайсы есиктен?
Жумбағың есапсыз, сан мың қыйлысаң,
Шығалмай жүриппен усы бесиктен...

Қолларым гә ашық, гейде байлаўлы,
Қәдемим өлшейди өткен ҳәр ўақыт.
Руўҳымды шаншыўлар мудам қыйнайды,
Қайда мен излеген ерк исмли бахыт?!

Ана жер сени бесигине бөлеген,
Жиплерин бирме-бир қойсаңыз шешип.
Бәрине разыман, бирақ та исен,
Бир өмир жөргекте жасағым келмес!

## СҮЙГЕНИМ

Сүйгеним мен жанындаман,
Кеўлимде не бары менен.
Тақат бермес жанған жалын,
Муҳаббатың зары менен.

Аҳ, десең де, ўақ десең де,
Абайласаң, бахтым солдур.
Төрт мәўсимдей пейлимдеги,
Қуйын, жамғыр, қары менен.

Қуўаныш жолдас, қайғы жолдас,
Тәшўишлердиң шеги жоқдур.
Гә ашылып, қадалған,
Райхан, гүллер ҳары* менен.

Әдалатты, ҳақыйқатты,
Гирян излеп гезди кеўлим,
Дәрбедар болып қайтты ақыр,
Ийман, инсап, ары менен.

Тусаўланған тилим енди,
Шынжырларды үзди бир-бир.
Сөйлемекке, жырламаққа,
Талпынған тил – тары менен.

Тәғдир жәнe дус қылмасын,
Азапланған өмир қыйнап.
Меҳрапларда аңлып жатқан,
Шаяны ҳәм мары* менен.

Шаң, ғубарлар жоқлық таман,
Бир-бир сиңип таўсылар-әй,
Ардақласаң, сүйсең жетер,
Сен қәлбиңниң бары менен.

Бир күн дослар көзин жаслап,
Өтип кетти десинлер-әй,
Қайтып келмес бул дүньяға,
Өткир ўападары менен!

*Ҳары – тикени менен
*Мары – жыланы менен

## ӨЗИНЕ ШАҚЫРҒАН ЕЛЛИКҚАЛАДУР

Жол узақ,
Көринбес оның аяғы.
Қуяш уясына еңкейип батты.
Кеңликтиң бийғәрез еди қушағы,
Ертең, келешекке үмит оятты.
Узақларда бир нур парлап жанадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Шексиз көктиң әжеп саўалларынан,
Түнниң қушағында кеўил тынышсыз,
Шегарасыз әлем тилсим сырынан,
Қыялың шарықлар жулдызлар таман.
Көксиңде арзыўлар қанат қағадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Нелерди кеширмес инсан басынан,
Бир күн ыссы болса, бириси суўық.
Инсан айрылмаған сабыр қасынан,
Үмиттен бас тартқан ўақытлары жоқ.
Кеўил йошып, гөззаллыққа толадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Ақшакөл айнадай жатар жалтырап,
Абдулла Әриптиң келер даўысы.
Мысал турған киби досларға қарап,

Интизар оларға кеўилдиң қусы.
Сол гөззал пайытлар өтмиш ҳалдадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Дарақлар аралап самал еседи,
Шадлықтан шарықлап, тынбайды ҳеш ҳәм.
Пурсатлар әжайып, дийдар кешеги,
Инсан өмиринде бундай ўақлар кем.
Бәрше күй, қосықлар бүгин бундадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Орта әсте толып, қызады гүрриң,
Таўсылмайды сөзлер әдебияттан.
Бул меҳрибан мәкан баўры жүдә кең,
Кимлер жасай алар бөлек ҳаяттан,
Ҳәр кеўилде илҳам пайда боладур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Мәнили сөзинен ҳәммелер ҳайран,
Денелер кулаққа айланар сонда.
Тек өзине ғана уқсаған ҳәр дем,
Қосық гүл бағында устаз Абдулла.
Даўысы көклерге даўрық саладур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Сөз алар ол Төлепберген аға ҳәм,
Ойланар Ибрайым ағаны еслеп.
Муҳаммад Юсупти ядлайды бир дем,
Айтар: – Ақырети абад болсын, деп.
Дүнья әрманлары қыйнап қаладур,
Өзине шақырған Еликқаладур.

Мәтназар тартынып оқыйды қосық,
Устазлардың оған артады меҳри.
Қосық тыңлағанлар илҳамы йошып,
Дөретиў ышқында оянар сеҳри.
Ҳәр кәлам жүректен шыққан наладур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Өзин танымаған кимсеге қыйын,
Жүреги өртенип жүрер ерте-кеш.
Қайдандур мәрҳамат табылды дейип,
Жымыйып қойғандай болар өкиниш.
Бул басларға түскен мәгар ғаўғадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

О, Зәмин ақшамы!
Қуўнақ, илҳамлы,
Шайырға илесип келген елатлар.
Қәлблерде сеўгиниң оты тутанып,
Сөзлерге айланып турады қатар.
Онда елге деген меҳир толадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Ҳәўестен ўаз кешиў аңсат па ақыр,
Зәмин булағындай илҳам көз ашты.
Зуҳрасын тапқандай мысалы Таҳир,
Сөздиң ғәзийнеси дүрлерин шашты.
Инамын қонаққа берип қаладур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Берекет дарыған қәдембе-қәдем,
Бул ҳасыл топырақ зыят тилладан.

Шайырлардың меҳри бул жерде ҳәр дем,
Миннетдар болады Нематулладан.
Жақсылық, мүриўбет кеўил, дилдедур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Ойласам ойымның соңы көринбес,
Көз ашып-жумғанша күнлер арасы.
Өмир өтип атыр, иркилиў билмес,
Ана журт-көзимниң ағыў-қарасы.
Қосықлар кәрўаны уллы жолдадур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

Зәмин таўларында оянған ақшам,
Әлемди айланып өзлигин тапты.
Қанатын қомлады мәңгилик илҳам,
Жүректе сеўгиниң отын тутатты.
Ижадкардың орны төрде боладур,
Өзине шақырған Елликқаладур.

**К.КАРИМОВтың аўдармасы**

## СЕРГЕК РУЎХ ФИЛОСОФИЯСЫ

*Шайыр Өткир Рахматтың китабын оқып...*

Өткир ағаны бурыннан ҳадал, туўрысөз инсан сыпатында таныйман. Жақында усы китапқа жәмленген қосықлары қолыма тийгеннен соң, шайыр сыпатында жаңадан таныдым. Негедур, устаз Абдулла Қаххардың «шайырлар шарапқа усайды, ўақыт өткен сайын қәдири арта береди» дегенлери ядыма түсти.

Шайыр не жазса да адресли жазады; мейли қандай да бир түртки берген гүл, ямаса ашық болған қыз болсын, сезими қосыққа айланады, сол қосық адресин толғандырып ғана қоймай, ҳәммеге унаса, ол халық мүлкине айланады. Шайырдың қүдирети сонда.

Өткир ағаны мен мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер сыпатында таныйтуғын едим. Тозыўы жеткен сиясат пенен шуғылланып жүрген адамларда отлы руўх, шын кеўилден сезим жетиспейди десем, бул китап қосықлардан ибарат өмир философиясы екен. Мениңше өмир мектебинде шыныққан шайырдың адамзаттың қайғысы, дәрти ҳәм сезимлери жәмленген дөретиўшилик жемиси усындай болыўы керек деп ойлайман. Себеби, шайырдың үлкен ўазыйпаларынан бири қандай да бир сезим дәўирин усылай сәўлелендириў керек, оның сүўрети мәңгиликке тийисли болып қалсын:

Паяндоздай  
Төселген жол,  
Босағаға урар басын,  
Ғумшаларға төгер жасын.

Ўақытты тоқтатып, оны бақлаў, уллы сүўретшилерге тән болса, сезимниң өмирин узайтыў ҳақыйқый шайырларға тән нәрсе.

Ядымда айланып,
Ядға түсер түнлер,
Қол-аяғы байланып,
Жатып алған көшелер.
Жаўып турған қар ғой,
Басып атыр излерди.
Қай жерлерге апарып тәғдир
Әкетип баратыр бизлерди.

Қолыңнан келгенше
Мейли ылақтыр, ат.
Билсең өле-өлгенше
Сени деймен перийзат.

Усы қатарларды оқып отырып, гейпара шайырлардың назлы зайыпларының бул шайырға турмысқа шыққанынан гөре, шопанға турмысқа шықсам болмаспеди дегенлерине сирә исенбеймен. Әне усындай жағдайдан соң, шайыр кейинги қосығында:

Бәринен де
Бас тарттым енди,
Майда гәпти қойыңыз.
Шийшедей жүрегим де сынды,
Керекпе еди усындай аўҳалы.

Оны сизге
Бермеймен ақыры,
Жүрмен тағы ийттей таласып,
Излегеним табаман ақыры,
Жолға шығып кетермен азанда.

– дейип кескинликке өтеди. Ақыры, инсан сыпатында шайыр бәркулла бир кейпиятта, татыў сезимде жасамайды ғой ҳәм шайыр:

Қарайман сорамай жағдай,
Қуўанышымның шеги жоқ.
Таппағыл ҳасла заўал,
Айралықтың бети жоқ.

– деп ышқы сезимине қайтады.

Буннан он жылдай бурын шайыр иниме дийўалдан аспай, адамлар жүрген жолдан жүрмейсең бе, деп айтқан, бир ескертиўиме «Аға, мен адам емеспен, мен шайырман» дегениниң мәнисин енди түсинип атырман. Ырасын айтсам, шайырларға бәрқулла ҳәўес етип келгенмен. Олар тәбияттан ҳәммемиз көрип жүрген нәрселерди көреди ҳәм өзлерине керек нәрсени таўып, қосық жазады. Оларды көпшиликтиң алдында ырғақлап оқыйды. Қарасаңыз, барлық гөззаллар шайырлардан қолтаңба алып оларға ерип кетеди. Биз қара сөз жазыўшыларға аўысқанлары қалады. Олар бизиң жазғанларымызды оқып, уғып алғанша, қызлар да пенсияға шығып, кемпир болып қалады. Биз жазыўшылар «кешиккен муҳаббатты жырлаў» менен бәнт бола беремиз ҳәм тәғдир солай екен деп жүре беремиз. Бул гәпимди шайыр достым Матназар Абдулҳакимге айтқанымда, ол да мақуллап, басын шайқады.

Шайыр шайыр болып туўылар екен, Өткир ағаның дөретиўшилиги буны тастыйықлап турыпты. Дурыс, ол үлкен ғайраткер де, әдебият тарийхына бир қарап шықсаңыз, уллы бабамыз Әлийшер Наўайы да үлкен мәмлекетлик ғайраткер болған... Лекин, ғайраткерде де жүрек, сезим бар. Ол да биреўлерди сүйген ҳәм сүйилген. Қәтелессем, Наўайытаныўшылардан кеширим сорайман. Егер шайыр тәбиятлы адам дүньяны басқарса, басқарыўда адамгершилик көбирек болар еди деп ойлайман. Шын кеўиллик үстин болар еди.

Еситпейди даўысыңды аспан,
Пәрўа қылмас қозғалса да жер.
Қуслар йошлы қанат қаққан,
Бармағыңнан қосықлар түсер.
Илажсызбан, силтеймен қолды,
Кимге де мен ашыў етермен,

Қыйнай берер жүрегим - залым,
Үзилмейди аяғым жерден.

Шайыр өзи жарылмаса, оның ҳәр бир қосығы, ҳәр бир қатары, ҳәр бир сөзи, ҳәтте сөзлер арасындағы бослықларына шекем, шайырдың жарылыўы, оның ишки дүньясына дөретиўшилиги арқалы кириў мүмкин. Усы көзқарастан Өткир ағаның ийнине дәўир жүги менен даналығын артқан поэзиясын түсиниў аңсат емес.

Мениң ақыры барым-жоғым сол,
Излеп-излеп таўыпсаң мәнзил.
Жолларымды тосқанда қайғы,
Сорамадың,
Не ушын (ей дил)?
Ағып кетти қанша суўлар да,
Күнлер артқа қайтпады сирә.
Енди былай ойлап отырсам,
Арамызда жоқдур естелик...
Әтирапқа қара,
Өмир көзи оң,
Жағымлы самалы (жүдә таралған).
Сорадың ба, не болады соң?
Өткир сүйиў ушын жаралған!

Шайыр сүйиў ушын туўылады, сүйип-сүйилип жасайды. Ҳәр шайырдың өз сүйген яры болғанындай, ҳәр қосықтың өз ықласбентлери бар. Өткир ағаның да өз шайдалары бар, олар көбинесе тәбият ҳәм мәнаўият (ықласбентлери), әсиресе, заман ағымларынан рәҳәтленип, өмир мазмунын түсиниўге умтылғанлар, гөззаллықтан мәни излегенлер ҳәм жақсылық ҳәм жақсы жасаўдан мәни тапқанлар, деп ойлайман.

**Оразбай АБДИРАХМАНОВ,**
**Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы.**

## МАЗМУНЫ

Қосықларда тәбият реңлери Кеңесбай Каримов............................ 3
Туўысқанлық Ибрайым Юсупов ..................................................... 7
**К.Каримов аўдармалары**
Арал сағынышы. Баллада.................................................................. 8
Бирадарлық қосығы. Эссе арнаў ..................................................... 15
Мәңгилик ҳаўазы ............................................................................... 25
Кеўил монологы ................................................................................. 35
Самал желип шаршаған киби ........................................................... 36
Сонша болар ....................................................................................... 37
«Жақсы болды сени көргеним... » ................................................... 37
«Күнлер маўжырайды саяда...» ........................................................ 38
«Қуяш батар...».................................................................................... 38
«Қуслар ушты...».................................................................................. 39
«Тозғып-тозғып көктеги бултлар...».................................................. 39
«Саратан ҳәм алар қысымға...»........................................................... 40
«Гүркиреўи бәлент перделе...» ........................................................... 40
«Таң ағарды...» ..................................................................................... 41
«Майса тойып нәпес алады...»............................................................. 42
«Ойыншыдай асығыс самал...»............................................................ 42
«Әне, шашын жайды мәжнүн тал...».................................................. 44
«Жүзин шыққа шаймақта сәҳәр...».................................................... 45
«Таң бозарды...» ................................................................................... 45
«Бақшалар сып-сыйдам...».................................................................. 46
«Көк жийекте дем алды жалын...» .................................................... 46
«Кеўил есигин қағып...» ...................................................................... 47
«Жаўа берер жамғыр майдалап...» .................................................... 48
«Сым ағашлар шырақлар тутып...».................................................... 48
«Еркелетти жер көксин қоллар...»...................................................... 49
«Шашылады жерге гүбелек...»............................................................ 49
«Ғәзепке минип шамал...» ................................................................... 50
«Жыңғылларда ойнар самал...» .......................................................... 50
«Жырлай берер сала сылдырап...» ..................................................... 51
«Суўға түсип салқынлайды тас...» ..................................................... 52
«Ашылып болды гүл...»........................................................................ 52
«Күн жүз ашар есиктен сыртта...»...................................................... 53
«Самал бунша бийтақат...» .................................................................. 53
«Желпип өтти етеги менен...»............................................................. 54
«Бағ қалдырмай сарыға бояп, әўере бул гүз...» ................................. 55
«Қуяш қушып атыр, еринбей бастан...».............................................. 56
«Қай жерде қалды самал...» ................................................................ 57
«Көксине тек енди тийгенде самал...» ............................................... 57
«Барын сыпырып алды...» .................................................................. 58
«Көктиң жүзин қаплады бултлар...».................................................. 58
«Нәпесин ишине жутады аспан...»...................................................... 59
«Жапыраққа жасырынып алды нәўшелер...» ..................................... 59

«Толысыпты әбден толған ай...» ... 60
«Мийманлардай, қуслар тынбастан...» ... 61
«Нәзерине илмей дүньяны...» ... 61
«Тойда сауға шашқандай...» ... 62
«Тәбият, мийўеңди меннен жасырма...» ... 63
«Байтерек, жәҳәнниң бәри сеники...» ... 64
«Буған сирә исенгим келмес...» ... 65
«Таң қойнында  бағымда...» ... 65
«Қар ушқынлар...» ... 67
«Нурға толып бағар еди таң...» ... 68
«Гүл паслына жеткен пайытта...» ... 69
«Тикенге телмирип өтеди өмири...» ... 70
«Топырақ  сергек...» ... 71
«Кеңликлерде шуўлайды әлем...» ... 71
«Таўлар қайтпас, алмас өзине...» ... 72
«Жерим сениң жаныңа сәддақ...» ... 73
«Күшиң жапырақларға...» ... 74
«Жайберер, бәрин де сыйдырады көз...» ... 75
«Бүртиклердиң жаны толғаққа өтти...» ... 75
«Терекке сүйенип отырады ол...» ... 77
«Буншелли асығыс, тынымсыз бунша...» ... 78
«Қалтыратпа тутты тынбастан...» ... 79
«Жүзиңде моншақтай жылтылдаған жас...» ... 80
«Муштай жүрегиңе сыярма әлем...» ... 81
«Көзин үзбей қарайды мисли...» ... 82
Жағдайлар ... 83
«Жапырақларды сыпырмақта ескен самал...» ... 84
«Жүрегиме байрақ қададың...» ... 85
«Көзи жайнап кетер шықлардың...» ... 86
«Көзим ашсам нур мени  излеп...» ... 86
«Әптаптың артынан кирди намазшам...» ... 87

**Ж.Өтениязовтың аўдармалары**

Бир заманларда ... 88
Жолаўшының ҳикмети ... 89
«Жүзлериңе түспей турып дақ...» ... 92
«Жалынып көрди ол, жалынды рас...» ... 93
Баян ... 93
«Жылыта алмас кеўлимди бул дем...» ... 95
«Дирилдим бар, өтер қағазға...» ... 95
«Қыялымды тарта берме ай...» ... 97
Ўатан сүўрети ... 98
«Самалым, сен келсең, бағым кең нәпес...» ... 102
«Перзентлер үлкейип барар күн-күнге...» ... 104
«Жүре берсең...» ... 105
Таңда оятады түсимде гүмис ... 106
Жылама, муҳаббат ... 108
Аўылда бир күн ... 111

Жоқлаў ........................................................................................ 112
«Геўгим, намазшамнан соң...» ........................................................ 113
«Кеўлиме сыймайды қол...» ........................................................... 114

**Б.Сарыбаевтың аўдармалары**

Кәрўан көшип барар ........................................................................ 116
Исеним ........................................................................................... 118
Қоллаң сиз де, кеўли қуяшлыларды .............................................. 121
«Доланады сеп жайған көклем...» .................................................. 123
«Таң! Бүгин жолымды бер...» ........................................................ 124
«Бәҳәр адасып кетти бағ аралап жүргеннен...» ............................. 124
Ақлығыма ....................................................................................... 125
«Қуяш жалын шашар... Мисли көк жанар...» ................................. 130
«Тәшўиши жоқ әлемниң ҳешбир...» .............................................. 131
«Ортада әўересең жер, аспан ара...» .............................................. 132
Жапырақ әрманы ............................................................................ 133
Елиў биринши қала ........................................................................ 139
«Шоқ ҳаўазларын еситтим күнниң...» ........................................... 140
«Терезеңди самал шертпесин қанша...» ......................................... 141
«Өтип кетип атыр күн буншелли тез...» ......................................... 141
«Күлип турғанында күн...» ............................................................. 142
Көринис ........................................................................................... 143
«Көз-көз етпес өзин ҳеш арна...» .................................................... 144
«Әлем тыныш, қыялға батқан...» ................................................... 144
«Қәпелимде кеш кирип келер...» .................................................... 145
«Терек бүгүн шақасын жайды...» ................................................... 145
«Мардыйған тикжардан, шөлден, саҳрадан...» ............................. 146
«Эй яр, сени сағынып, жолларыңа көз тигип...» ........................... 147
«Жапырақ жайып қуўанған мәҳәл...» ............................................ 148
«Соңғы нәпес...» ............................................................................. 148
Қуяштай жолдас бол ...................................................................... 149
«Сүйдим таңғы самал нәпесин...» .................................................. 152
«Ким ҳам мәлҳам берер дәртине...» ............................................... 153
«Нурлар ағып атыр кеўлиме таңнан...» .......................................... 153
«Бул дүньяда сен де жасайсаң асығып...» ...................................... 154
Кеўилнама ...................................................................................... 156

**А.Жақсымуратованың аўдармасы**

Көпир (ода) ..................................................................................... 160

**К.Каримов аўдармалары**

Мәўритлер ...................................................................................... 166
Сағыныш ........................................................................................ 169
«О, өмир...» ..................................................................................... 170
Сүйгеним ........................................................................................ 171
Өзине шақырған Елликқаладур ...................................................... 173
Сергек руўх философиясы Оразбай Абдураҳманов ...................... 177

# ӨТКИР РАҲМАТ

# ОЯНСАҢШЫ, ТАҢ АТТЫ АҚЫР...

Қарақалпақ тилинде
«Qaraqalpaqstan» баспасы
Нөкис – 2025

**Қарақалпақ тилине аўдарғанлар:**
Кеңесбай Каримов.
Жуманияз Өтениязов.
Бахытлы Сарыбаев.
Анар Жақсымуратова.

**Жуўаплы редактор:**
Ғайрат Атажанов

| | |
|---|---|
| Китапты бетлеўши: | Света Қурбаниязова |
| Редактор: | Гүлнара Нурлепесова |
| Техникалық редактор: | Азат Хожамуратов |
| Қарап шығарған: | Жумагүл Ембергенова |

*Муқабадағы сүўрет художник Саидбек Сабырбаевтың қыл қәлемине тийисли*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 23.04.2025.
Қағаз форматы 84х108 $^{1}/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы – «Times New Roman». Көлеми 5,75 б/т., 9,60 шәртли б/т., 6,30 есап б/т.,
Жәми 500 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа №15.

**Лицензия Al №114.**

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, И.Каримов гүзары, 109.

«INNOVATSION RIVOJLANISH NASHRIYOT-MATBAA UYI»
baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
100174, Tashkent qalası, Almazar rayonı, Ziyo MPJ,
Talabalar kóshesi, 96-1-jay



*Бүгин шырай ашқан мағрыйпет бағы,*
*Тән алады ҳәтте буны кең жәҳән.*
*Халықтың хызмети деп арнаған барын,*
*Ҳүрметке ылайық ел сүйген инсан.*

*Баслама, идея, болып дилде жәм,*
*Бабалар руўхын шад етер ҳәр күн.*
*Буншелли бийтәкирар күш-ғайрат шыдам,*
*Барлығын бағышлап ислейди пүткил..*

*Халықтың құдирети де сүйениш оған,*
*Жаратқан исине жоқ ҳеш бир қыяс.*
*Оның зәкаўаты бийбаҳа инам,*
*Бул қәдим дүньяда уллылығы рас.*

*Арзыў, антым пүтин, нийетим усы,*
*Мудам жайна елим, мудам көркем бол.*
*Жерлесим, сен оған қолыңды усын,*
*Өйткени, муқаддес ҳәм даңқлы бул жол.*

*Қәтержамлық шексиз нағмет аталса,*
*Оны қәдирлесе пүткил жер жәҳән.*
*Тиллерден бир өмир тынышлық таралса,*
*Және мың, миллион жыл жасар бул Ўатан.*

**Өткир РАҲМАТ**

ISBN 978-9910-8752-5-0

**«QARAQALPAQSTAN»**